«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
НӨКИС
1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

ТИЛЕЎБЕРГЕН
ЖУМАМУРАТОВ

# ШЫҒАРМАЛАР ЖЫЙНАҒЫНЫҢ 3 ТОМЛЫҒЫ

1-том

НӨКИС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ

# СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В 3 х ТОМАХ

ТОМ 1

НУКУС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК 2 / Ж 93 — 3703040200 / М—357 (06)—77

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Төлеўберген Жумамуратовтың усы томына сайланды поэмалары менен „Мәкәрья сулыў" романы енгизилди.

Шайырдың сайланды поэмаларының биринши томына „Алғыс" поэмасы—„Океан ортасында", „Долык" шығармасы—„Жалынлы күнлер" болып, автор тәрепинен қайта исленген варианты жиберилип отыр.

Томға кирген автордың ҳәрбир поэмасы терең мазмунға, жоқары көркемликке ийе болып, жәмийетшилик тәрепинен жоқары баҳаланып жүрген шығармалар.

© „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС, 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УШЫРАСЫЎ

*(Жаўынгерлер ҳаққында)*

Күлимлеп көзин қадады врач.
Келиншек түри—еле де жап-жас,
Гәўҳардай ысық көринди сонша,
Жүректи шырмап толқытты ықлас.

Мынаў бир сөзге болдым мен ҳайран:
— Кого я вижу, келдиңиз қайдан?—
Деди де сулыў, таңланып турып,
Путевкамды алды, алдына қойған.

Ойым сол: Бүгин келдим қой, Қырым,
Көрмеген едим жериңди бурын.
Гүлиндей көркем гөззалың мынаў,
Алып тур неге жүректен орын?

Усайды өзи бир жақын жанға,
Ырас ақ буны таныйман ба?
Ямаса сол ма қутқарған мени,
Боялған шақта қып-қызыл қанға?...“

Ядыма түсти сонда бир аўҳал,
Шырамыттым да, таныдым дәрҳал,
Өмирдиң аўыр өткелин шолып,
Бир ҳәдийсеге тоқтады қыял.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Қақсады суўық, үргиплер борап,
Жулқындық талай илгери қарап.
Жүректе жигер, жеңисте көңил,
Бизлерге жолдас қурал ҳәм жарақ

Жар, сайды алып бекинди душпан,
Айрылдық достан оқларға ушқан,
Шегиртке янлы ғаўлады жаўлар,
Қоршамақ болып жылжып тум-тустан.

Геўдени қаплап жалынлы қәўип,
Бурқыды оқлар жамғырдай жаўып,
Көтерип басты бурылыў қыйын,
Буршақтай оқған мүмкинлик таўып.

Атамыз топты нәзерлеп жаўды,
Оң жақтан жаўдың нәзери аўды.
(Сеземиз оны атылған оқтан)
Бекинди тағы паналап таўды.

Даўамы мине, бесинши күни,
Дүрсә-дүрис саўаш күни ҳәм түни,
Атыўы жаўдың пәсеңлегенде,
Қадалып бир оқ аўнатты мени!

Бирден ақ шоршып жығылдым қулап,
Беденим қызып жаңлады қулақ,
Өлимниң қәўпи сап ете қалды,
Оннан соң исти сезбедим бирақ.

Мийиме толық жыйналмас бойым,
Көз алдым гүңгирт, жыбырлап бойым,
Бир нәрсе мени тартады неге,
Солқылдар денем қозғалған сайын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Уйқылы қыял созылды көп ўақ,
Көргенниң бәри болып тур жумбақ,
Ҳаўлыққан сезим бийледи бойды,
Ойым сол: ,,өлим, алдың ба шырмап?!

Көмиўге алып баратыр мени,
Қалмасын ашық, қәдирли тәни,—
Дейсиз ғой, көмбең тиримен еле!“—
Демекпен, ҳәл жоқ айтыўға соны.

Көзимниң алды думанлы сағым,
Бирақта, кем-кем дүзелди аңым,
Сездим мен енди, көзимди ашсам,
Қарларды бояп келмекте қаным.

Шалқама мени ийнине салып,
Арқалап биреў киятыр алып,
Сол ўақта ғана ядыма түсти,
Бағана оқтан қалғаным талып.

Айнала тоғай, келемиз ойдан,
Ойдың да иши кенислеў майдан,
Ҳешқандай оқ жоқ, тынышлық жерге
Әкелген ким бул, гезлести қайдан?

Тоқтады енди әстелеў ғана,
Тайын тур екен төсекли шана.
Апарып соған жатқызды мени,
Сезилди аўыр бойдағы жара.

Шанада ҳәлсиз жатсам да көлбең,
Ғамхорым ким бул, қарадым серлеп,
Жиңишке ғана, суңғақлаў бойлы,
Қыз екен сулыў, қалыпты терлеп.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанымнан бетер аядым оны,
Буўыпты белин, үстинде тоны,
Тыпырлап жатып, тырнағым тийип,
Бийшара қыздың қанапты қолы.

Көп алғыс айттым келгенсоң тилге,
Шын дослық пенен сөйлестим бирге,
Күлимлеп ғана айтқаны маған:
— Жаўлардан кекти алармыз еле!

Жүрипииз биз де ишинде оттың,
Ким аяр жанын мәпи ушын көптиң,
Студенти едим урыстан бурын,
Медициналық институттың.

Ҳеш қапаланба, жазылар жараң,
Жата тур енди болмастан алаң.
Әскерлер ҳәзир душпанды қуўды! —
Деп қуўат сөзлер айтады маған.

Бир дәри салып, тыйылтты қанды,
Сөйлесип турып, жарамды таңды.
Өлимнен мени қутқарды бул қыз,
Ким сүймес сирә усындай жанды.

Салмақлы жара, болса да катты,
Өмирге енди исеним артты,
Алдыма түсип, санитарка қыз,
Аўылға қарай шананы тартты.

Қуўантса мени Оксана сөзи,
Күнниң де ҳәзир ашылды көзи,
Аяныш пенен кеўлимди аўлап,
Киятыр батыр, украин қызы.

— Ишинен мени жайнаған оттың,
Батырлық пенен қутқарып шықтың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ендиги өмирим, миннетдар саған,
Ўатанның қызы, өшпесин бақтың!—

Дедим де тағы етпедим тақат,
Бар еди менде бир алтын саат
Саў қолым менен усынсам қызға,
Шайқады басын, күлимлеп қарап.

— Қарсылық етпе, ал сопы жаным,
Сыйлығым болсын, қолдағы барым,
Сениң тап усы мәртлигиң ушын,
Аяғым келмес дүньямның бәрин!...

— Қызбаймыз аға, дүньяға малға,
Ондайды ҳасла кеўлиңе алма!
Уатанды жаўдан тазалап болсақ,
Талай бир саат тағармыз қолға.

Өзиңде турсын, кеўлиңди билдим,
Шын дослық пенен барыңды бердиң,
Сааты емес, мәртлиги қымбат,
Ҳақ адам ушын сениңдей ердиң.

Каховка еди туўылған қалам,
Жаўлардан кеше тазарды тамам,
Украина жерин қорғаған батыр,
Өңириңде орден, раҳмет саған!...

*
* *

Ядымда еди сол айтқан сөзи,
Тап мынаў врач—сол қыздың өзи.
Көп жылдан кейин гезлестим ҳәзир,
Сондағы батыр украин қызы!

Жазылып қайта жаўларды айдап,
Берлинге барып қададық байрақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жеңиске қосқан үлеси ушын,
Қосықлар жаздым қызларға арнап.

Талай бир қызлар еристи даңққа,
Умытып болмас оны хеш ўақта,
Солардың бири Оксана сулыў,
Жаярман атын қарақалпаққа.

Танымай қалдым бирден мен неге?
Өзгерген екен толысып денс,
Ағарып жүзи, көркейсе өзи,
Әлбетте кийим басқаша және.

— Ўақтыңыз хош па, саламатсыз ба,
Шайырым саған жүрегим ырза,
Жазыпсаң қосық, сақладым оны,
„Арнадым, – депсиз украин қызға“.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЛА ТУЎРАЛЫ СӨЗ

(*Халық әпсенеси*)

— Әкем мени жек көреди дедиң бе?
Инанбаспан, әкем болды мениң де.
Адам туўе, ҳайўан да өз баласын,
Ҳеш ўақытта қыйған емес өлимге.

Көп қорлапсаң, өз анаң да қасың да!
Ләтте пикир уялаған басыңда,
Душпан болса, жетпеген бе қуўаты,
Неге сени өлтирмеди жасыңда?

Ата сыйлаў, ана сыйлаў—парызың.
Төле заңғар ақ сүт берген қарызың!
Нешше жыллар түн уйқысын төрт бөлди,
Ойлап қара адамшылық ар ушын.

Солар өмир берген жериң—аспаның,
Мийиримнен шешек атты жас жаның,
Ҳәтте қанхор өз перзенгин қыймаған,
Тыңла мынаў бурынғының дәстаның:

Искендер де залым патша болыпты,
Қойдай етип қырғын еткен халықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бетине бир тик қараған адамның,
Айбат пенен жүреклерин жарыпты.

Қәтерешн сораса да бермеген,
Қас тиккенин жексен еткен жер менен,
Оның ушын адам өмири ойыншық,
Қыйға қонған шыбын ғурлы көрмеген.

Мен билмедим қай заманғы Искендер,
Өрт шалғандай оның жолы түскен жер,
Ол өлтирсе журттың сырттан айтары —
„Бийшараға жаза қурық түскен“ дер.

Әзирейил тайын оған „кел“ десе,
Пәрман менен ҳүкими де келтеше.
Талай гелле айырылады геўдеден,
Ийек қағып, бармағын бир силтесе,

„Қан шашыўға тояр емес еле ле,
Бул патша да басқалардай өле ме?!“
Деп журт сырттан ҳайран болып
жүргенде,
Бир күн ол да шатылыпты бәлеге.

Қатар қойып асқа толы табақты,
Қумарланып асап еди тамақты.
Бир жағынан булақ етип ағызып,
Симиреди ыдыс толы шарапты.

Ишип-ишип тағы тезден қуяды.
Көкке шапшып отырғанда қыялы.
Биздей болып тамағына қадалды.
Жиликтиң бир солақпандай қыягы.

Шаншылды да, жаздырмады искеги,
Қыҳ-қыхлады, қақырынды түспеди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жутқыншақтан қылғындырып дем
бермей,
Гуптей болды тамағының искени.

Еки көзден жас сорғалап, бақырды,
Ентигеди деминдей – ақ ақырғы,
Ўәзирлери албырақлап, асығып,
Шәҳәринде тәуип қоймай шақырды.

Сонша тәуип ҳеш бир иләж таппады,
Айтқан емниң биреўи де жақпады,
Гейпаралар ойлап отыр ишинен,
„Тутқан ғой деп адамлардың ҳақ қаны".

Патша сөйтип жаздырылмай дузақтан,
Күни-түни уйқы көрмей азаптан,
Уллы тәўип Улықманға аг жоллап,
Пәрман менен алдырыпты узақтан.

Ол келиўден патша азлап қуўанды,
— Улықман жан, тезирек айт даўанды,
Қәне енди керек емди ислей бер,—
Деп ўәзирлер берип атыр саўалды.

Бир-биреўге ҳәзиллесип ойнамай,
Солғын оғыр жүзлери ҳеш жайнамай.
Болған исти баян етип тәуипке,
Жууап күтип, қарай берди айнадай.

Былай деди ең тәўиби дүньяның:
— Шаша бериң елди талап жыйғанын,
Бул дәртиңе ҳеш бир даўа табылмас,
Өлип кетер, айтып қалың ийманын...

Бул сөз патша қулағына тийеди,
Шоршып түсти қалт-қалт етип ийеги,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ышқынғанда шыға жазлап турды да,
Тағы қайта буўындырды сүйеги.

Тили зорға гүрмегилип патшаның;
— Олай деме, жақсылықты айт жаным!
Бул дүньяда сен билмеген кесел жоқ,
Не десең де ем болады айтқаның,

Мине өзиң көрип турсаң ҳалымды,
Сарп етейин ғәзийнемди, малымды,
Барлығы да бир басымнан садаға! —
Деп зарланып Улықманға жалынды.

Ойлап-ойлап, былай деди Улықман:
— Айтыў ушын, журексинбей турыппан,
Бес жастағы перзентиңди соймасаң,
Қутылмассаң усы келген қурықтан!

Айтқанымды ислемесең өлесең,
Өмириңнен үмитлисең еле сен,
Сол балаңды туў сыртыңнан шалдырсақ,
Ҳәпзамагта саў қәддиңе келесең. —

Деген сөз де оқтай болып тийеди,
Бир қысылды қалт-қалт етип ийеги,
Ышқынғанда шыға жазлап турды да,
Тағы қайта қылғындырды сүйеги.

Тыпыршылап бир отырды, бир жатты,
Аўырғалы тагқан емес аўқатты,
Сыйқы қашып, тыпыршылап, сыбырлап,
Қысылғаннан зордан-зорға тил қатты:

— Сойыў ушын оны қалай қыяман,
Жалғыз еди бина болған уядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүз болса да ҳәр перзенттиң орны бар,—
Деп Искендер нәрестесин аяған.

Жалынса да сирә қайыл болмады,
Ядқа түсти сонша адам шалғаны,
Өз басына бүгин қара күн туўып,
Тастай батты аўырыўдың салмағы.

Шийрин жанын өрт шалгандай қыйнаған,
— Ырас—ақ мен кетемен бе, дүньядан!?—
Деп зарланып өлим қәўпи түссе де,
Тирисинде өз перзентин қыймаган.

Аўырыўы асқынлады ем көрмей,
Жанын қатты шаншып атыр шеңгелдей,
Айгып салды, „бар емиңди исле!“—деп,
Бирдем жерден қысқан шақта дем бермей.

Патша сонда жатыр еди қырынлап,
(Емди тайын етип қойған бурын—ақ).
— Ал баланы шалың-деди Улықман,
Аўырыўдың ҳәмирин тез орынлап.

Ал шалынды! Шапшып қаны атылды,
Патша шоршып, күшин жыйнап ақырғы,
Үстине жар кулағандай силкинип,
Аўзын ашып ўай-ўай салып бақырды.

Жүрегине қанжар болып тийеди,
(Ўәзир төре қолтығынан сүйеди)
Аўзын керип бақырганда, атылып,
Оқтай ушты тамақтағы сүйеги.

Демин алып, жаздырса да тамағын:
— Өлгениң бе айналайын қарағым,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп ҳеш кимниң айтқан сөзин тыңламай,
Жылай берди басқа түсип қара күн.

Жүрек бауыры оттай болып жанынты,
Салқа түсип, ес-ақылдан таныпты,
(Түтик пенен суўлы бояў себилген
Бала туўе сойған емес жанлықты)

Мынаў дәслеп Искендердиң көргени,
Арқасына тутқан екен пердени.
Қәпелимде бала сести шырылдап,
Қан шашырап жуўды төсек-көрпени.

Усы еми—тәуибиниң ойлаған,
Патша көп ўақ жылағанын қоймаған,
Бир мәҳәли көзин ашып қараса,
Адам туўе, таўықты да соймаған!

Мине енди қыйналады несине,
Бир ўақытта келсе толық есине,
Патша өзи аўырыўдан сауалған.
Улы тири, минип отыр төсине.

Жылай-жылай солайынша жубанды,
— Көрсеттиң сен бул дәртиме даўаңды!—
Деп күлимлеп, Улықманды қушақлап,
Залым патша нәресгедей қуўанды.

Қайтқаннан соң тамақтағы искен жер,
Биротала жазылыпты Искендер.
Бундай туўе, аз болған жоқ дүньяда
Бала ушын жанған отқа түскенлер.

—Ал қусбегим, Улықманды сыйла, бар!
Улықман жан, қанша керек дүнья мал,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәзийнемниң аўзын ашып берейин,
Керегиңди өзиң таңлап, жыйнап ал!

Үйиңе зор бай болып бар, артын да,
Керегиңниң барлығын айт, тартынба!
Мени өлим құрығынан қутқардың,
Өлип кетсем, перзент қалар артымда! —

Деген екен патша шалқып балаша,
Улын сүйип, көрди қызық-тамаша,
Сол ўақытта былай депты Улықман:
— Қыйналамыз биреў қолы қанаса.

Залымлар бар, жанды шөптей отаған,
Еске түссе, қапа болып жатаман,
Маған берген зор сыйлығың сол болсын,
Ҳеш перзентти айырма сен атадан!

Ата барма перзент ғамын жемеген.
Өзиң көрдиң, муҳаббаты ем екен,
Ана барма „жан перзентим саў болсын.
Әжел келсе, жол мениki!" демеген. —

Депти сонда, ол патшаның алдында,
„Түсип шықтым депти олд а жалынға".
Өз әкеңди өзиң душпан көресең,
Сениң әкең Искендерден залым ба!?



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ОКЕАН ОРТАСЫНДА

*(Тәбийғат апатына ушырап, 49 күннен кейин
аман қутылған төрт қаҳарман ҳаққында)*

## 1.

Жийеғинде өскен қалың ағашы,
Мунарланған Тыныш океан жағасы,
Еки баржа көшки[1] де тур бултақлап,
Пароходты күтип турған шамасы.

Айтарлықтай дауыл—да жоқ, күн тынық,
Епкин менен алға-кейин умтылып,
Елпилдек жел ишин тартып ҳүўлесе,
Туўлап кетер асаў аттай жулқынып.

Жылжып ағар иретилген ағысы,
Бир баржадан шықты гармонь даўысы,
Жас жигитлер қосық айтып шалқыған—
Шығармамның геройлары тап усы:

Тек жигирма—жигирма бир жастағы,—
Төртеў еди команданың составы,
Қандай қыйын—тапсырмалар берсе—де
Бул жигитлер орынлады, саспады.

---

[1] Көшки—Якорь



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир мине дем алысып оңаша,
Палубада секиреди балаша,
Қосық айтып, рақыс ойнап шадланып,
Өзлеринше нелеп атыр тамаша.

Ҳәзиллескен үлкен заўық қурғандай,
Жаслық жигер шаршағанды қуўғандай,
Ҳадал жүрек, дослык күши салмақлы,
Төртеўи—де бир анадан туўғандай.

Сөйлер бири аға, бири иним деп,
Қызықсынсаң танысыңлар биримлеп,
Анаў Иван Амур бойын жайлаған,
Гармонь тартып отырыпты күлимлеп.

Ҳәзир шаққан матросы баржаның,
Қосық, гармонь ийелеген ҳәр жағын,
Рус жигит, толығырақ денели,
Белгили—ғой айтпасам—да аржағын.

Бири Анатолий жигит салмақлы,
Дәлкеклессе қамтып алар жан жақты,
Танцага-да айналады уршықтай
Бул—баржаның матросы ардақлы.

Филипп пенен Анатолий украин,
Туўған жерин айтысады ҳәрдайым,
Саўасында гүрриңлесип төртеўи,
Ўазыйпасын атқарып жүр күн сайын.

Енди Асқат ишиндеги татары,
Киши сержант, шөлкем[1] секретары,
Команданың капитаны болса—да,
Жас бир гелки ҳәммесиниң қатары.

---

[1] Шөлкем—Комсомол шөлкеминиң секретары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төргеўи-де жигит еди сайланды,
Қәпелимде ис шатаққа айланды,
Ўйқы-туйқы қатаң даўыл басланып,
Жер жаҳанға салды үлкен ўайранды.

Асаў толқын ақырады ешектей,
Қарацғылық аспан-жерди көрсетпей,
Есер самал буға болып өкирип,
Баржаларды ылақгырды кесектей.

Еки баржа шапшыпатыр шабактай,
Ишине-де суў қуйылды табақтай,
Тиркеп қойған полат арқан үзилип,
Самалменен пыт-шыт болды сабақтай.

Ход берилди. Моторлары қызыўлы,
(Күн райы барған сайын бузылды),
Көп күшпенен еки баржа тиркелсе,
Полат арқан тағы қайта үзилди.

Қосылыўға даўыл ерик бермеди,
Командалар бирин-бири көрмеди,
Жүрип кетти Асқатлардың баржасы,
Қуўысына қарай қурғақ жердеги.

Шамалайды, әтирапы қараңғы,
Сезбейди ҳеш алдындағы аланды,
Радио байланысы үзилип,
Сөйлесиўге бузды тағы планды.

Иван отыр компас услап қолына,
Нәзер етип оны менен солына,
Асқат турды штурвалды жаздырмай;
Нар тәўекел жүрстугын жолы—да.

Толқын шапшып бетке урар тыйылмай,
Ўйқы-туйқы болып кетти қуйындай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Самал гейде сағал болып шуўласып,
Гейде нағыз мөңиреседи сыйырдай.

Филипп пенен Анатолий зор берип,
Машинаны айдамақта үлгерип,
Борт ишинен қорғасындай суўық суў,
Топ оғындай атылысып тур келип,

Асқат, Иван, кабинада дым бийик,
Отырса—да, толқын шапшып суў қуйып,
Малпақ-салпақ болды барлық кийими,
Айналасы қап-қараңғы туңғыйық.

Ақырында мине енди жол шықты,
Сезди олар киретуғын қолтықты,
Бирақ, самал қыялатып ысырып,
Жүрер жолдан итермелеп толқытты.

Ол қуўыстың аўзы жүдә тар еди,
Айналасы белес-белес жар еди,
Ең жаманы „Шайтан тас" деп аталған,
Бийик шыңлы тас шоққысы бар еди.

Келди—ғой деп енди жолдың қайымы,
Ол шоққыны ойламаған айыбы,
Байқап көрсе, келип қалған тақалып,
Енди пыт шыт болар болды қайығы.

—Мине, келди, енди баржа сынады!
Деди Иван, қорқып көзин жумады,
Айдарҳадай ысқырып тур самал—да,
„Биз курғамыз" дегендей—ақ қумары.

Ыңыранысқан толқын жарға урады,
Бирақ Асқат жигит нағыз қырағы,
„Шайтан таска" бес – он метр қалғанда,
Штурвалын сондай шаққан бурады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўақыт күтпес олай-былай қараўды,
Ҳәр секундта еткенисн санаўлы,
Табийғатқа қарсы турған сом билек,
Тасқа салып таўлағандай бурады.

Бир бәледен кетти аман қутылып,
Сур табийғат қалғанменен умтылып,
Түслик—Шығыс жаққа қарай айдады,
Есср даўыл, көк толқынлар қутырып,

Қайсар мәрглер енди илаж таппады.
Моторы да жүрисинен тоқтады.
Қатаң даўыл жумалатып түсирген,
Жанармайлы бочканы—да бақтағы.

Көрсе сүўды бочка—да жоқ кемеде,
Музлы сүўлар жабысып тур денеге,
Бир бөлек нан, еки шелек карточка,
Еки консерв, бар аўқаты жемеге.

Моторына жылтты әўел денени.
Бирнеше күн булар аўқат жемеди,
Океанның ортасына ысырып,
Самал айдап кетеберди кемени.

Енди қайтып келиў қыйын бержаққа,
Тиришилик көринбейди жан—жақта,
Океанның ортасында бәнт болмай,
Қыялымыз гезип қайтсын ел жаққа.

II.

Қыз Нәсийма турды бүгин ертелеп,
Саске болды. Анасына еркелеп,
—Демалыс-ғой, бармақшыман базарға,
Деди, барар жерин айтпай төтелеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қарсылық жоқ оған барып қайтыўға,
Мейлиң жоқ—гой тамақ пенен чай—суўға,—
Деп анасы айтса—да қыз уялды,
Көўлиндеги гүптикейин айтыўға.

Шашын сыйпап айнаға бир қарады,
(Алтын шашқа қысгырылган тарагы),
Кийинди—де шығып кетти үйинен,
Оған мәлим қай тәрепке баради.

Шымыры аяз алма бетин тырнады,
Аўыл шети сықырлақ қар қырдағы,
Тақырланған муз даланың үтсинен,
Ҳәр тәрепке машиналар зырлады.

Бирак бул қыз машинага минбеди,
Көрген түси қорқыныушлы түндеги:
„Сүйиклиси самолеттен кулаған",
Көп ойланып жүрер соңғы күнлери?

Жолдың шети қалың орман етеги,
Олай-былай жолаўшылар өтеди,
Қапталынан өткенди—де байқамай,
Қыз өзинше бир қыялга кетеди.

Билинип тур қыял жеңип алғаны,
Жүрек баўрын бир қапалық қозгады.
Оның жандай көрип жүрген жигити,
Елиў күннен бери қагаз жазбады.

Тоқтатпады почтаға бул барыўын,
Умытты—ма жигит, сүйген арыўын,
Сағыныштың жалынына жанса—да
Сыр сандықта сақлады қыз бар уўын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойланса—ла ой түбине жетпеди:
„Қайда оның беккем ўәде еткени,
Соннан бурын төрт-бес күннен кешикпей,
Хаты келип турған еди кеткели.

Я болмаса сүйди—ме ол басқаны,
Хат жазбаўдың болыў керек асғары,
Мүмкин емес ўәдесинен таныўға,
Егер оның аман болса жас жаны".

Насиманың ой—әрманы сол еди.
Поезд зуўлап жүрип турған жол еди,
Жол шетинде қатарласқан аўылдың,
Ортасына жаяў жүрип келеди.

Мунарланған калың орман айнала,
Бирақ елдиң шеги жазық кең дала,
Ортасынан кесип өткен темир жол,
Станциялы елат еди Шентала.

Бурын бәрҳа уяламан десе—де,
Илажсыздан барады қыз кеңсеге,
—Абзый бүгин өз үйинде,—деген соң,
Кетти тағы Қанат деген көшеге.

Изледи қыз Рахимжан ағаны,
(Бурын сирә тиймеген үй табаны),
Ата менен анасынан сорайжақ,
Баласынан болды—ма деп хабары.

Көп күн жүрди келиўге—де уялып,
Жан қысылып өкпесине таялып,
Соңғы ўақта шыр-пыр болды перизат,
Асқат ушын шырт уйқыдан оянып.

Ақырында салып бүгин қарыўды,
Мақсет етти усы үйге барыўды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ, жеңил қыз екен деп журмеңиз,
Тынық минез Насимадай арыўды.

Мине, енди үйге кирип барады,
Сәлемлесип жан—жағына қарады,
Жақсы хабар күтип барған гөззалдын,
Журек—баўры болды қайта жаралы.

Почтальон алып келип бир хатты,
Алыңыз деп Рахимжанға узатты,
Оқып көрсе, бир ярым ай бурында,
Өз штабы жоғалтыпты Асқатты.

Биреў емес, төрт жаўынгер жоғалған,
Зор апатқа ушырапты самалдай,
Үмит күткен ата, ана сулыў қыз,
Сам-саз болды мынаў жаман хабардан!

Турып қалды бир-бирине үн қатпай,
Почтальонның келгенин—де унатпай.
Көзлеринен мөлдиреген жас ақты,
Суўық хабар үшеўин—де шыдатпай.

Қоңсы-қоба жабырласып жыйналды,
Кеўил айтып барлығы-да қыйналды,
Жигитлерден тағы хабар алайық,
Ыққан баржа қай тәрепке айналды.

## III.

Айналасы тастай түнек қараңғы,
Иттей улып қутырып тур бораны,
Нар буўрадай өркешленген толқынлар,
Көкке шапшып, тағы төмен урады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айналада көринбейди ҳешнәрсе,
Төртеүнниң бар дүньясы бес нәрсе:
Шелек, бочка, гармонь, қуты қалыпты,
Саўасында каютаны тексерсе.

Бул дүбелей қояр емес тоңлатпай,
Сур тубийғат қатаң сырын аңлатпай,
Минген баржа қараңғылық ишинде,
Жылыслайды жел айдаған қаңбақтай.

Илинди – ме сум әжелдиң қармағы,
Баржаның—да кетип тур—ма салмағы,
Бийик шапшып тағы төмен жулқынып,
Бултақлайды жапырақтай жардағы.

Тоқтамастан қайда қарай ығады,
(Таўдай толқын урса, ерлер буғады),
Суў түбине енди сиңди дегенде,
Қоқаң етип барып зорға шығады

Қалың шаңның тозаңындай қумдағы,
Бурқыраған қарлы үргин тынбады,
Шыйшыр, темир бир-бирине соғысып,
Жигитлердиң қулақлары шыңлады.

Үзиги жоқ даўыл менен қарының,
Көп пақсалы жайдай толқын жарының,
Шуўылдысы даўыс қосып ысқырды,
Ақтарғандай аспан-жердиң қарынын.

Мәрт жигитлер ойламады жатыўды,
Аўқат--та жоқ нәр алғандай жартыўлы,
Сум тәбийғат қасқырлардай шуўласты,
Тилегендей усы баржа батыўды.

Қайсар туўған төрт қаҳарман жигитиң,
Өмир ушын үзбеди ҳеш Үмитин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир корабль ушыраспаспа жолдан деп,
Гезеклесип қарап гурды күни-түн.

Күнлер өтти жылжып ыққан баржадай.
Қар тынса—да, дауыл есер шаршамай,
Жайсаң китлер суў бетинде қалықлап,
Сағағынан түтин шашар моржадай.

Соқса егер аўдаражақ кемени,
Көрди тағы түрли—түрли бәлени,
Жутпак болып анталасып ынтығып,
Акулалар телмирисип келеди.

Тайнапыры бир келмеди, бес келди,
Азыўларын сықырлаткан сес келди,
Асқат батыр бәгир услап шыққанда.
Қанша жырткыш болса—да ол сескенди.

Кирди Асқат кабинаның ишине,
Карап қояр досларының түсине,
Не—де болса күннен-күнге азғаны,
Билинип тур нәзер салған кисиге.

Дослары—да карап қояр Асқатқа,
Ушырағаннан бери усы апатқа,—
Бир айдан—да асыңқырап баратыр,
Қарны қалқып бир тоймаган аўқатқа.

Бәриниң—де мәрт жигери тең келип,
Ар-намысқа көкирегин кең керип,
Бир картошка, жалғыз қасық суўды—да,
Татып журди төрт қаҳарман тең бөлип.

Гейде ишин тартар океан даўылы,
Еске түсер туўысқаны, баўыры,
Адамзаттан бөлек кетти шығынып,
Қайда қалды уллы Ўатан, аўылы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турар еди бетлеринен қан тамып,
Көзлеринен жулдызлардай от жанып,
Күлим қағып нәзер етип қараса,
Қандай қыз—да турған талай жасқанып.

Мине енди тақалысып ийеги,
Татыў দослар бирин-бири сүйеди.
Азып қалған, қанша беккем болса—да,
Ети қашып, қалғандай қуў сүйеги,

Сулыў түўе, көриў қыйын елди—де,
Ели түўе, мәзи қурғақ жерди—де,
Асқат соны ойлап турса, узақтан,
Қапгалласты бир корабль келди—де.

Қуўанғаннан шәўкилдеди жүреги.
Капталында Филипп досты тур еди,
Уйықлап жатқан жолдасларын шақырып,
Төртеўи—де қуўанысып келеди.

Алып олар егигинен шылғаўды,
Тоқтатпады жалаў етип былғаўды,
Бирақ толқын бул баржаны көрсетпей,
Қыйналдырды корабльдиң турмаўы.

Демде көзден ғайып болды ақыры.
Жигитлердиң ҳайран болды ақылы.
Кабинаға кирип барып төртеўи,
Қапаланып жаўып қойды қапыны,

Күн артынан күнлер өтип аўысты,
Бир көрмеди қурғақ пенен жағысты,
Ашшы суўға былғарысын етиктиң,
Сорпа еткеннен басқа аўқат таўысты.

Ҳешбир тамақ болмаса—да жемеге,
Армия күн белгиленди кемеде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзлеринше „байрамларын“ өткерди,
Жигер-күшин жыйнағандай денеге,

Түрли гәплер айтысады күн-түни,
Таўсылмайды қаҳарманлық гүррини,
Бир сапары кабинада отырып,
Мынадай гәп айтысыпты бир күни:

—Япырмай—ақ өлемиз—бе досларым,
Билмедик—ғой ўақыяның астарын!
Деди Филипп аўыр ойға кетти—де
Не айтарын күткендей—ақ, басқаның.

—Олай деме рухымыз түспесин,
Бир акула услап, жесек кеспесин,
Қутылыўдың жолын сонда айтаман,
Ол—да тақап турған шығар еңсесин.—

Деди Асқат аўырлықты билдирмей.
Турғандай—ақ ҳешнәрседен мүдирмей,
Ҳәзиллесер сондай қыйын күнде—де,
Қояр емес бирин-бири күлдирмей.

Күнлер зуўлап өте берди тағы—да,
Әжим енди жигитлердиң жағына,
Шарбы булыттай бир қызыллық каплады,
Мөлдиреген қарашықтың ағына.

Қырық бес күннен асты ҳәзир ыққалы,
Бир пароход дуўры келип шықпады,
Қапталласып өтип кетти биразы.
Аңламады түспеген соң соқпағы.

Барған сайын ҳәлсиреди, жалықты,
Қарай-қарай көзлери—де талыпты,
Алма бettиң нуры қашып бозарып,
Жас жанлардың тек сүлдери қалыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутылмады толқын менен даўылдан,
Салмақ басып, денелери аўырған,
Енди тағы бир азырақ тыңлаңыз,
Қандай хабар еситилди аўылдан.

## IV

Азаланып бир күн өтти арадан,
Қайғы оты денесине тараған,
Насима—да хызметинен шыққан соң,
Жол жөнекей жүрип өтти даладан.

Усы дала нағыз егис даласы,
Жақын еди колхозлардың арасы,
Ең үлгили айдаўшы деп аталған,
Асқат еди Рахимжанның баласы.

Ишки сырын сездирмей ҳеш кисиге,
Өткен ўақты алады қыз есине,
Асқатпенен талай-талай қыдырып,
Келген еди бул атыздың ишине.

Көрмей жүрсе бирин-бири сағынып,
Дуўшарласар ўәдесинен табылып,
Жасыл гия ортасында гезлескен.
Жаз күнери айлы түнди жамылып,

Жигит бир күн Армияға алынды,
Бирге соғып еки жүрек жалынлы,
—Ўәдем ўәде, қосыламыз күт мени,
Тәғдир егер аман қойса жанымды,—

Деген еди сапар шегип кетерде,
Усы сөзи сирә ядтан кетерме!
„Бәлки өлип қалды—ма ол япырмай,
Не болса—да ушырады қәўип-қәтерге".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп қыз жаны қанасына сыймады,
Өлди деўге тағы көзи қыймады,
Өтипатыр көз алдынан елеслеп,
Ыбыр-жыбыр гилең ойдың жыйнағы.

Бетин жуўып көзден аққан жасына
Келип ели колхозының қасына,
Топарласып радио тыңлаған
Адамларды көре қалды Насима.

Өткенликтен қызға қайғы салмағы,
Радиоға да ол нәзер салмады,
Бир ўақытта шалып кетти қулағын,
Бир әжайып қуўаныштың салмағы:

—Төрт жаўынгер қаҳарманлық қылыпты,
Баржаменен қырық тоғыз күн ығыпты,
Американ солдатлары ушырасып,
Ақырында бир қаладан шығыпты.

Капитаны Асқат екен баржаның,—
Деўден—ақ қыз тыңламастан аржағын.
Бир таксиге мине сала айдатты,
Төтелетип жолдың қыя тармағын.

Жетип барды Рахимжанның үйине.
Ата, ана отыр еле күйинe,
—Асқат саў,—деп радионы ашты—да,
Күлим қағып турды гөззал сүйине.

Қуўанышлы хабар тағы тийеди,
Анасының кемсең-кемсең ийеги,
Қуўанғаннан гула бойы елжиреп,
Насиманың маңлайынан сүйеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп узамай адамлар—да жыйналды,
Қапалықтың изи тойға айналды,
Ығын-жығын машиналар дизилип,
Қутлықлаўға келгенлиги байқалды.

Ертеңине адамлар көп жыйылды,
Телеграмма—да таўдай үйилди,
Газеталар қатар басқан сүўретин
Төрт батырдың жеңип шыққан қыйынды.

Пүткил жәҳән дуў көтерди таң қалып.
Кең далаға топланысты сан халық,
Балалар—да жуўырысып киятыр,
Бул әжайып жаңалықты аңғарып.

Митингте анаға сөз берилди,
(Нәсийма—да усы жерде көринди):
—Әлпешлеген перзентиме ырзаман,
Қәдирлесе Уллы Совет елимди,—

Деп баслады жүрек тасып минберде,
Микрофоннан сөз таралды ҳәр жерге,
Сүйсинбеген ҳешбир адам қалмады,
Тәбийғатқа сыр бермеген ерлерге,—

Мениң балам төрт батырдың биреўи,
Ҳәммениң—де Уллы Ўатан тиреги,
Қандай қыйын ҳәдийселер гезлессе,
Аўыз бирлик—жеңиўдиң ең гиреўи.

Жәрдем еткен американ солдаты,
Ойлап турсам татыўлықтың саўлаты,
Дүнья халқын тынышлыққа шақырған,
Компартия басшымыздың ғайраты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәҳән гезип Ўатан ушын, халық ушын,
Шаршамастан сарп етип жүр бар күшин,
Тынышлықтың туўын бийик көтерген,
Басшыларға тайын бәрҳа алғысым!

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУЎҒА КЕТКЕН АДАМ

(*Халық аңызы*)

Қасына қойып қурықты,
Астына төсеп урықты,
Жулқыпып аққан дәрьяға,
Жылқыман қарап турыпты.

Батып-шүмип қалықлап,
Деми қысып ҳалықлап,
Ҳәлсиреген бирсўди,
Көрип қалды анықлап.

Зуўлатып ағыс жуйириги,
Тартып Әмиў ийрими,
Мантыққан сол сорлыға,
Келди буның мийрими.

Қурал етип қурықты,
Суўға қулаш урыпты,
Қурықты белден илдирип,
Қырға қарай бурыпты.

Ҳәпзаматта қутқарды,
Дизеге бүкке жатқарды.
Арқасынан дүмпишлеп,
Иштеги суўын ақтарды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Танаўынан суў атты,
Сулық болып көп жатты,
Белгили ўақыт өткен соң,
Есин жыйнап тил қатты:

— Шикарга шығып елимнен,
Зорға қалдым өлимнен,
Дәрья менен тартыстың,
Қурық салып белимнен.

Мақгансын елиң, аймағың,
Әйгили хàны Хийўаның,
Әсфендияр тап өзим,
Ийеси барлық дүньяның.

Аярым жоқ жанымнан,
Келеди бәри ҳалымнан.
Керегиңше алабер,
Ғәзийнемнен, малымнан

Изиме ҳәзир ересең,
Үлкен бахыт көресең,
Бүгиннен баслап Хийўаға,
Сен де үлкен төресең,—

Деп, ол өзин таныткан,
(Дурыс мине анық хан).
Жылқышы буның атағын,
Еситип жүрген халықтан.

Жылқыман да жигерли,
Қуўанбады, түнерди,
Бултгай болып, минезин
Өзгертти де жиберди:

— Байлыққа жоқ жарысым,
Ҳәмелге болмас тарысым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутқарыў—иси ҳәмменин,
Адамшылық ар ушын.

Ергим келмес қумартып,
Мийнетте қол хабартын,
Халық пенен дәўран сүргеним—
Ханлығыңнан мың артық.

Қызбайман дүнья алғанга,
Тилим бармас жалғанға,
Қандай бахыт табылар,
Сарайыңа барғанда.

Қылт-қылт етип қысылмай,
Ҳешкимге жәбир усынбай,
Өзиме-өзим хан болып,
Жүргеним мақул усындай.—

Деген ўақта бул киси,
— Надансаң сен жылқышы,—
Деп сықақлап сөз айтып,
Ханның келди күлкиси.

— Надан десең, наданман,
Бирақ мен де адамман,
Сениң менен дос болсам,
Ҳәмме ушын жаманман.

Елге қәдириң қалмаған,
Ханлық—бахыт болмаған,
— Қутқарды,—деп тил қатпа,
Үлкен сыйлық сол маған!—

Деди нықлап жылқышы,—
Мине мәртлик үлгиси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Себеп, халықтан қорқаман,—
Деп те қойды бул киси.

* * *

Қурал етип ҳамалды,
Белгилеме шаманды,
Халық—тәрези, өлшеп тур,
Жақсы менен жаманды.

*1963.—жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЛЫНЛЫ КҮНЛЕРДЕ

Ата-бабам ҳеш жақтылық көрмеген,
Сәҳра гезип ҳәлсиреген, шөллеген,
„Аҳ, бахыт!“ деп зарласа—да сарсылып,
Бирақ оның не екенин билмеген,
„Бахыт бир зор қус болады“ дегенге
Умитленген, ол—да ушып келмеген,
Сораганға қудайдан—да байдан—да,
Ала-ғой деп ҳешким тауып бермеген.
Тек Октябрь алтын таңы атқан соң,
Атам пақыр өмир жолын жөнлеген
Компартия маңлайынан сыйпалап,
Бирлестирди мәңги уллы елменен,
Қасарысқан қара думан серпилип
Бахыт күни удайына өрлеген.

Халық жаратып Октябрьдиң ушпағын,
Жаңа тыныс алғанында жас жаным,
Қайта ести ысырапылдың сүргини,
Қуласа да тахты ханның, патшаның,
Көрдим талай әйдарҳадай ысқырып,
Елге қастын тиккен жаўыз душпанның.
Бир ўақытта фашистлер—де қутырып,
Европаны дирилдетип қысқанын.
Партияның даналығы астында,
Айбатынан сескенбедик басқаның.
Дослар туўе душпанлар да мойынлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше жаўдың күли көкке ушқанын.
Октябрьдиң салтанатын қорғаған,
Досларыма арналды бул дәстаным.

## I

Қара тениз туўлап жатты,
Қәҳәрли кек кернегендей,
Геўмис толқын шапшып қагты,
Көкке қылыш сермегендей,

Қасарысқан қара даўыл,
Саўаш гүйге тартты нама,
Не ҳәдисе, не аўҳал бул,
Жер гүңиренгти „гүлдирмама"...

Шуўылдайды қалың тоғай
Асқар шыңлар булт жамылған,
Өскен сәрўи, нуў қарағай,
Бийик таўдан суў ағылған.

Есерленип аққан булақ,
Атқан оқтай атылады,
Зуў-зуў етип жардай қулап,
Жапырақларды жапырады.

Тап соныңдай еди дәўир,
Болды ойқан астан-кестен.
Сол күнлерден сақлаған бир,
Бул ўақыя шықпас естен.

* * *

Дүт тоғайлық—орман қалың
Пышық мурны батпастай жер,
Жүреклерин қаплан жалын,
Жүрген сонда мынаў кимлер?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалыңлықты етип пана,
Жийи ықтырмалар салған.
Жапырақларды жаўып ғана,
Жерди қазып, қоршап алған.

Онда аппақ, шашлы ана,
Ақ, сақаллы аталар бар,
Тили шығып жаңа-жаңа.
Шүлдирлейди жас балалар.

Гейбиреўлер тоғайлардан,
Отын шаўып, алар тасып,
Гейбир адам отын жарған,
Биреўлер жүр қазан асып.

Гейпаралар етик жамап,
Биреў кийим тигипатыр,
Отырған жоқ ҳешким қарап,
Кими искер, кими батыр.

„Ер басына күн туўғанда,
Етикпенен суў кешеди".
Жаў жәбири өткен жанға,
Гүрес жырын сөйлеседи

Биреў айтса түнде барып,
Жаўға атқан гранатын.
Биреў айтар бакти жарып,
Өртегенин складын.

— Руслардың дәстүри сол:
Жат санамас ғайры жанды,
Досларына мейрими мол,
Жеңбей қоймас ҳеш душпанды.

— Бизиң елдиң адамлары,
Алаламас ҳеш миллетти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир семья болып бәри,
Намыс ушын хызмет етти —

Деп гәплести еки ғарры,—
Украин, бири армян,
Қолларында балталары,
Оқшаў турып отын жарған.

Олардың—да көзи шалды.
Отырыпты бир қыз анаў,
Төрт-бес адам жақын барды:
— Қалайсаң?—деп,—Марья жан—аў?...

Орта бойлы, жазық маңлай,
Сулыў көзлер мөлтилдейди.
Ой салмағы басқан жандай,
Қыял қусы елпилдейди.

Кесе жатқан бир ағашта,
Отырып көп ойланады.
Мөлтилдеп көз толып жасқа,
Неге сонша қыйланады?

Анасының өлгенлиги,
Жүрегине жаман батты,
Жаўга артса күшли кеги,
Досқа артты муҳаббаты.

Сол сапары буныңменен,
Бир жигиттиң мәртлик иси,
Шығар емес жүрегинен,
Сүйсинип ендей көрген киси.

Болғанлығын қыздың қапа,
Жолдаслары сезди көрип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Огырғанлар бәри сопда,
Қайғысына болды шерик.

Қыз ойында елес-елес,
Суп-сүйкимли таныс келбет,
Жалғыз ғана Марья емес,
Басқалар—да еткен ҳүрмет.

Биреў айтса:
— Аттегене,
Жаў қолында қалған шығар.
Биреў айтар:
— Ондай деме,
Бир себеби болған шығар!..

— Мине, бүгин бес күн болды,
Келер еди болса аман,
Қолға түсти яки өлди,—
Дейди,—Марья,—қыйланаман...

Аң-таң сөзлер кетти тарап,
Көпшиликти ойға салды.
Марья күнде жолға қарап,
Қарай-қарай көзи талды.

Дүнья-теңиз, қиял—қайық,
Сөз толқыны қулаш урсын.
Исти бастан баянлайық,
Қыз бул жерде туратурсын.

## II

Жигитлик—ҳеш тоқтамастан,
Өмирдиң нақ қайнар гези.
Баянласақ исти бастан,
Кетти жигит жалғыз өзи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалың тоғай арасында,
Ийретилген бир ески жол.
Еки таўдың саласында,
Сол жолменен киятыр ол.

Арқасында сумка—қабы,
Бир йининде бар гранат,
Бир ийнинде және тағы,
Түрли-түрли әдебият...

Кийингени дыйхан кийим,
Суңқақ бойлы, қызыл шырай.
Айналаға салып зейин,
Жүре берди алға қарай.

Жеделленип жүрсе алға,
Тезликпенен адым басып,
Қарап-қарап оңға—солға,
Көп жерлерден өтти асып.

Қәўип қазаны қайнап-қайнап,
Кекли қиял бийлеп кетер.
Қырағы көз оттай жайнап,
Жигер артар оннан бетер.

Бул қай жигит жалғыз жүрген,
Таў-тоғайдын арасында,
Қаўиплена гендей не бар екен,
Бийик таўдың саласында.

Жолбарыспа аўзын ашып,
Буған қарсы шабатуғын,
Әйдарҳама зәҳәрин шашып,
Аўзынан уў ағатуғын?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәуипленген ҳайўан емес,
Бирақ олар қанға жерик,
Адам жеўден тайған емес,
Әйдарҳадай аўзын керип

Гитлершилер адам ушын,
Жыртқыштан—да болды жаман.
Адамзатқа берип қысым
Ҳадал жанды аямаған.

Аяп тек бир қара басын,
Ойламады өлемен деп
Орынламақ тапсырмасын:
„Не болса—да көнемен"—деп,

Партизанлар байланыста,
Болды қала, аўылменен,
Ишки-сыртқы атланыста,
Гүрес ашты жаўыменен.

Шәҳәрлердиң бәринде бар,
Купия ис жүргизгенлер.
Партизанға берер хабар,
Бир ҳәдисе болса егер.

Партизанлар арасында,
Аяптың—да шықты аты.
Ўайран салып жаў басына,
Мәлим болды күш-ғайраты.

Жолланғанда ол штабтан
Алған еки тапсырманы:
Келегуғын шәҳәрь жақтан,
Күтиў керек бир почтаны.

Жаў толы Н. поселкасы,
Түнде барыў керек бирақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул екинши тапсырмасы—
Биринщиден қыйынырақ.

Барыў ушын өзи тилеп,
Шығып еди штабынан,
Жүрип өткен талай рет,
Усы жолдың қыснағынан.

Өзиниң—де түри—түси,
Уқсас қырым татарына,
Бир „дәлили“ мине, усы,
Қысгаў жерде айгарына.

Бир сапары келсе жолдан,
Гезлести бир машинаға—
Орап қалды жаўлар алдан,
Мүмкинлик жоқ қашарына.

Тоқтатты—да машинасын,
Қапталласып турды олар,
Бир ғитлершил былған басын:
— Қапшығыңда не бар татар?—

Деди русшалап шала,
(Басқалар—да былдырласты),
— Ыдысын сен ашып қара!—
Деп биреўи ыңғайласты.

Қапшығында китап толы,
Мине, енди қыйын аўҳал,
Душпан сезип қойса оны,
Ислейжағы мәлим дәрҳал!

Не қыларын билмей бирден,
Шүмди жигит терең ойға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қашқанменен усы жерден,
Оннан-да жоқ, ҳешбир пайда.

— Қапшығында болса алма,
Бер,—деди—де қол қатпады,
— Миўа көп—ғой диййқанларда,—
Деди сөзди узайтпады.

— юк—юк,—деди бул—да саспай,
Жуўап берди татаршалап,
Баска сөзге қулақ аспай,
Тәўекел деп турды қарап.

Душпанның сол солдатлары,
Кетти енди алға тамаң,
Әне, сөйтип сол сапары,
Жаўдан қалған еди аман.

Усы сонда жүрген жолы,
Анаў жаўдың турған жери,
Еске алып ҳәрўак соны,
Сақлық артты соннан бери.

Қәўип аралас қуўаныш бар,
Сүйген жанды көрсем деген,
Ашық ярға болыў куштар,—
Гейбир ўақта қәўипти женген.

Ашықлық ҳеш сөнбек емес,
Қанша қәтер туўғанменен,
Айралыққа көнбек емес,
Муҳаббатты қуўғанменен.

Сүйиўшилик муҳаббаты,
Қонса адам жүрегине:
Кеўилдин ҳеш кетпес таты,
Жеткенинше тилегине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Поселкада Марья, Павел
Жүргизбекте астыртын ис,
Ара-тура ушырасып бул,
Бирликпенен ислер жумыс.

Муҳаббатлы көз қарасган,
Жүрегинде жанса—да шоқ,
Әрманы сол—қызға ҳаслан,
Ойын толық ақтарған жоқ.

Көрмегели бираз болды,
Айтатуғын сөзлери көп,
Жүрек сағынышқа толды,
Сырды толық ақтарсам деп.

Жүрип қиял етип ойлап,
Тас шоқыға келди жетип.
Биреў келер жапты бойлап,
Бул қараса нәзер етип.

Ким екенин билмей анық,
Тасаланды куўыс сайга,
Ол—да буны сезип қалып
Бой жасырды дүт тогайға.

Сай жағалап өтти төмен,
Маңлайынан ағып тери,
Қарағайлы, қалың емен,
Минне күтетуғын жери.

Жүгин таслап арқадағы,
Отырды бул демин алып.
Махоркасын қалтадағы,
Мундштугине қымтып салып.

Темекисин тутатпаққа,
Ыңғайланып отыр еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреў келип ойда жоқта:
— Қолларыңды көтер! — деди.

Сасқалақлап өрре турып,
Қәпелимде шоршып кетти,
Темекисин атып урып,
Қайымлады пистолетти.

— Тоқта батыр, тоқта батыр! —
Деди биреў ўаҳаҳалап.
Бул — да көрип күлипатыр,
Ким екенин енди аңлап.

Ол жигит — те жақын келип,
Буның менен аманласты.
Дәлкеклесип ойнап-күлип,
Сөз сөйлесип маўқын басты.

Мынаў келген жигит Иван,
Симферополь почтальоны,
Қолайлы деп таңлап қойған
Мәртлигине қызып оны.

— Аўҳал қалай, не хабар бар? —
Деди Иван бул достына.
— Раҳмет, жақсы аўҳал.
Ҳәмме аман өз постында.

Ҳәр күн сайын келип кетер,
Самолетлер Кавказ жақтан.
Түрли заглар берип өтер,
Қарыў-жарақ, зат, аўхаттан.

Бизиң штаб ерлик етип.
Жаўдың мүлкин көп қыйратты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасырынып өтип кетип,
Өртедп көп складты.

Ўайран егин жанар майын,
Темир жолды бузып өгер,
Бир күн емес барған сайын,
Гүрес қызды оннан бетер...

— Бизде жаслар шөлкемлесип,
Листовкалар таратып жүр.
Жаўдың не.. е торын кесип,
Уяларын қыйратып жүр.

Иштен, сырттан берсек дәкки,
Жаўдың күши талар тезден,
Бир күн елге түсер жақты,
Жаў серпилип кетсе жерден,—

Деп ол Иван қапшығынан,
Алдыдағы төрт-бес алма,
— Сыйлығым бул сақлап қойған,
Ал же, достым мейлиң барма?

Мынаў тағы селетка—деп,
Нанымenen алға қойды.
Қағаз жайып, отырып жеп,
Екеўи—де шала тойды.

— Аяп еситтиңбе хабар,
Бизиң әскер жақын келген.
Оннан жаўлар—да хабардар,
Қашыпатыр хәрбир жерден.

— Аўа, бирақ пайда көрип,
Таламақта малды, жанды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ығын-жығын халықлар келип,
Паналап жүр партизанды.

— Бизиң әскер енди жетип,
Қырымды—да тазалайды,
Халықтың бәрин азат етип,
Халық жаўларды жазалайды...

Сондай сөзлер айтып әсте,
Ажыралысып кетпек болды.
Ертең кешки саат бесте,
Усы жерден күтпек болды.

Әдебият, гранатты,
Алып Иван түсти жолға,
Ал, Аян дем алып жатты,
Аздан кейин жүрмек бул да.

## III

Ушырасады аңг айтқанлар,
Оған керек қандай шара?!
Арын, намысын сатқанлар,
Халық алдында бети қара.

Гестапошы Гюнтер отыр,
Ҳусен менен ишип арақ,
Дастурханда жайыўлы тур.
Түрли аўхат табақ-табақ

Гюнтер сөйлегенде сайып,
Нықыртпақшы совет елин,
Аўзы-да зәрре қыйсайып,
Мақтамақта өз Гитлерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бири шошқа бири ғарға
Сиякланған, сыйқы кашқан,
Азап берип талайларға
Неше жанды дарға асқан.

Ҳусен сонда пьянлықтан,
Тили зорға оралады,
Ол – сатқыншы елин сатқан,
Душпанларға жаранады.

Биразларды услап берди,
Билқастан—ақ айтып жалған,
Бүгин тағы нешелерди,
Қаматыўға себеп болған.

Капиталист ата теги,
Совет орнамастан бурын,
Қайнап жүрген иште кеги,
Көрсетпекши болып қырын.

Атасы—да бул Қырымда,
Дүнья гезип саўда еткен,
Бунның өзи—де бурында,
Үлкен дәрежеге жеткен.

Бир турақлы мийнет етпей,
Келген еди елиў жасқа,
Бастан ифлас пикир кетпей,
Сөзи мылжың, иси басқа.

Гитлершилер бир күнлери,
Бул Қырымға басып кирди,
Ойдан шығып турған жери,
Ҳусен жаўға хызмет қылды.

Ҳусен сондай Ҳусен еди,
Мине ҳәзир ойласып тур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гюнтер қатты исенеди,
Бир-биринен жасырмас сыр.

— Достым жақсы хызмет еттиң,
Гитлер, Антонеску ушын.
Бизиң кеўлимизге жеттиң,
Умытылмас еткен исиң.

Соның ушын „батыр Ҳусен"
Деп билермиз бизлер сени,
Жүрсек егер аман—есен,
Қақсатармыз бир нешени.

— Гюнтер төре сизге анық,
Аўа, сондай хызмет еттим.
Бирак жек көрип жүр халық.
Зейнине—де тийдим көптиң.

Өлтиреди шықсам аўлақ,
Халықтың батыр адамлары.
Меннен олар кегин алмақ,
Қайнап кетти намыс-ары.

— Батыр болсаң гүман етпе,
Ҳешбир илаж ете алмас.
Партизанлар аз-ба көп-пе,
Соған көзим жете алмас...

Ҳусен отырғанда карап,
Гюнтердиң қас-қабағына.
Жутқыншақтан аррағырақ,
Жөтел келди тамағына.

— Уҳе—уҳе—деди үрип,
Аўзын басып бармағына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сақланса—да бир түпирик,
Шашырап кетти табағына.

Гюнтер дәрҳал бир тәпинди:
— Нәлет саған, аўзыңды жап.
Жөтелиңди тоқтат енди,
Қудай атқыр нағыз ахмақ!...

— Байқаўсызда... кеширерсиз?...—
Басқа ҳеш гәп айталмады.
Әллен ўақыт турып үнсиз,
Гюнтер сөзин қайталады.

— Сен олардан гүман етпе,
Ҳешбир илаж ете алмас,
Партизанлар аз-ба, көп-пе,
Соған көзим жете алмас.

Ҳусен жылмаң ете қалды,
„Бир гүнамды кеширди" деп,
Соғыстырып қағып салды,
Урт толтырып аўқаттан жеп;

— Жететуғын оған көзиң,
Мен табаман қолай ақыл,
Жолланайын ертең өзим,
Бул пикирим болса мақул.

Аралайман қалың тоғай,
Бир мүсәпир ғарры болып,
Партизанды тапсам оңай,
Билдиремен қайтып келип.

Кими менен гезлессем—де,
Жеткеремен тилин таўып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳийле-тәсил ислегенде,
Өз басыма болмас қәўип.

— Әне Ҳусен таптың ақыл,
Бул айтқаның болар қолай,
Дурыс пикир, жүдә мақул.
Мәселени шештик солай!—

Деп шадланып иштн арақ,
Еки кузғын кесе қағып.
Бир биринен ақыл сорап,
Аўхатланды тери ағып.

## IV.

Адам туўар, ақыл енер,
Кең дуньяда жүрсем дейди.
Қарыў питип, қайнап жигер,
Шад турмысты ким сүймейди.

Өмир сүриў қызық нәрсе,
Жанлы мақлуқ соған ҳәўес,
Адам шадлы дәўран сүрсе,
Мың жылда-да қандым демес.

Бахыт күнин туўдырыўшы,
Уллы Ленин дана болды.
Бизге қарсы урыныўшы,
Душпанлар әшкәра болды.

Залымларда реҳим жоқ,
Қырғын етти ғарры, жасты.
Нешелерге қадады оқ,
Талайларды дарға асты.

Ана айрылып баласынан,
Еңиреп жылап естен танды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала айрылып анасынан,
Сағынышта бäуыры жанды.

Емшектеги жас баланың,
Өмирине болды қәўип:
Жаўлар аямастан жанын,
Ермек ушын кетти шаўып.

Бул қайғыны умытар—ма,
Жазып қойды уллы тарийх,
Рeҳимсиз душпанларға,
Нәлет таңба басты халық.

Шарықла ой қанат жазып,
Аяп қайда бағанағы
Оны—да биз умытпайық,
Жолға шыққан еди тағы.

Марттың айы, түнниң иши,
Бултлар кетти кем-кем тарап.
Жүрип келер жалғыз киси,—
Өзимизге таныс Аяп.

Ағашлықтан соқпақ қуўып,
Адыр будыр жолдан асты,
Бираздан соң ай—да туўып,
Әтирапқа сәўле шашты.

Жақынлағанда аўылға,
Көрди сумлық—ҳәдийсени,
Дарға тартып гузар жолда
Асып қойған төрт депени.

Сырттан қарап турды аўлақ,
— Кетейин,—деп болса бәле...
Шоршып кетти қуйқа жуўлап,
Кеўлин басып турды және.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағашлықтын тасасынан,
Сығалады, жүрди гезип,
Көринбейди ҳеш тири жан,
Билинбеди ҳеш бир сезик.

Анық көрши дегенден – ақ,
Ай көрсетип ағаш дарды,
„Таныслар – ма“? деп бул ойлап,
Дар қасына жақын барды.

„Не ҳәдийсе, не аўҳал бул,
Дарда турған қандай өлик?
Саламат па Марья, Павел?“
Деп бәрин – де турды көрип.

Кимлер екен азап көрип,
Ўақты жетпей гүли солған?
Намыс ушын жанын берип,
Жаў қолында қурбан болған.

Бир жас бала жатыр жолда,
Не гүнасы болған екен?
Сирә гуналыма сол – да,
Қолы қалай барған екен?!

Төрт-бес жасар жас баланы,
Неге сонша аямаған.
Бетин жуўып жатыр қаны,
Қанын шашқан қандай ҳайўан?!

Желкилдеген жипек шашы,
Сулап жатыр бир жас қатын,
Зорлық көрген, жарық басы,
Тилкимленти көк шарқатын.

Жатыр жансыз қырынына,
Уйысыпты аққан қаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жағылыпты бурымына,
Сонша азап көрген жаны.

Нәзер етип кеўил бөлип.
Ҳәр денеге турды қарап,
Таныс болмай шықты өлик,
Дос екени мәлим бирақ..

Жигит қайғырғанда көрип,
Тула бойы дилтиреди,
Аяныште кеўли ерип,
„Бул не қылған сумлық!“ деди.

Қандай журек шыдайтуғын,
Көрген ўақта усындайды,
Орны келсе жылайтуғын,
Кимниң жаны қысылмайды.

Егер бирсў таўық сойса,
Жузин бурып кеткен оннан,
Абайсызда көреғойса,
Тиксиниўши еди шыннан.

Бойды керип аяныш ой:
„Әй, ҳарамы, ҳайўан, залым!
Балада ҳеш гуна жоқғой,
Бул не азап қыйнап жаның!“—

Деп сақланып жигит журди,
Тағы алға адым атып,
Ел шетинде байқап көрди,
Жұрттың бәри қалған жатып.

Жанлы мақлуқ сылт етпейди,
Олай-былай адам журмес,
Ийтке шекем тырып етпейди.
Шабаланып ол—да урмес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сән-салтанат қашқан елден,
Жатқандай жер қайғы басып,
Бир даўыс бар тал-тал келген,
Қайғы менен араласып.

Қандай сеслер оңашада,—
Қосық айтқан бәлент ҳаўаз,
Берилипти тамашаға,
Мәслик пенен шертилген саз.

Бир жағында адам асқан,
Қанлар буркып ағылған сай,
Қан үстинде шуўылдасқан,
Өлик жеген ғарғалардай.

Адам өлиў таң болмады,
Фашистлердиң заманында,
Қыйналмаған жан қалмады,
Жер жүзиниң адамында.

## V.

Бағқа барып мийўе жесең,
Неken саяқ ашшысы бар.
Гейбиреўин ашшы десең,
Барлық жемис татлы шығар.

Минези шеп бар екен деп,
Мин тақсаң бир семьяға,
Жаманынан жақсысы көп,
Мәлел тийер жақсыға да.

Бир миллеттиң бәрин бирден.
Кем санасаң тутасынан,
Таўға балға урғанға тең,
Қопарылмас ортасынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньядағы ҳәрбир миллет,
Адамзаттың бир бөлеги,
Қолдан келсе исле ҳүрмет,
Ең дурысы, сол кереги.

Ылғый жаллат көтерип шаң,
Желиккенде қурал алып,
„Жанына жан, қанына қан,
Аламыз",—деп шықты халық.

Бир күн буйрық берди Гитлер,
Еврейлердиң қыр деп бәрин,
Титирегендей аспан ҳәм жер,
Халық та жаўдан алды арын.

Илья деген ол бийшара,
Күн көреди етик жамап,
Тапқанлары нанына да,
Жетер-жетпес болар тамақ.

Перзенттен тек жалғыз қызы,
Быйыл толар бес жасына.
Елиў жасқа толды өзи,
Қырықта Валя жолдасы да.

Екеўиниң қуўанышы,
Клара—ғой жалғыз ғана,
Қуўат болып мине усы,
Жүрген еди ата-ана.

Қыз жүрипти шалқып ойнап,
Ҳеш нәрседен жоқ хабары,
Ильяны да кетти айдап,
Зарлап қалды Валя яры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине барса излеп,
Ери көмилипти жерге,
— Нәлет қанхор Гитлерге!—деп
Бақырды ол фашистлерге.

Зар еңиреп қалды талып,
Бираздан соң жыйса есин,
Жаў қулағы кеткен шалып,
Күйиниште айтқан сөзин.

Сүйрелеклеп еки жақтан,
Еки душпан алып кетти,
Қамап қойып сол күн ақшам,
Валяның да „жайын етти.

Қулпырыўлы турған есик,
Сол күн қайтып ашылмады.
Клара тур өксип-өксип,
Даўысы ҳеш басылмады.

— Семен,—деди қоңсы ҳаял,—
Клара—ма жылап турған?
— Сол—ғой, Катя шақырып ал,
Ата-анасы болған қурбан.

— Пақырлардың гүнасы не?
Деди оған келиншеги,
— Еврей—ғой билмейсең бе,
Ильялардың ата-теги..

Енди басқа күтпей жуўап,
Ертип келди Клараны.
Аўхат берип алдап-арбап,
Күтти жетим бийшараны.

„Өзим жүрип, өзим көрсем,
(Несине мен ериемен),



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билгенимди айтып берсем,
Сонда жақсы көринемен"—

Деп ойлаўшы нағыз арсыз,
Сырттан аңлып усыларды,
Сол ақшамда Ҳусен жансыз,
Комендантқа айтып барды.

„Бул гитлершил законга жат,
Еврейлердиң қуйрығы ол.
Семен, хаял, қызын—да ат"—
Мине буйрық, қойылды қол.

Енди үш-төрт күннен кейин,
Семенлерге келди „гезек",
„Еврейлерге еттиң рейим
Бизлерге сен душпансаң", деп.

Солайынша орынланды,
Сум Гитлердиң тапсырмасы,
Жутын турды талай жанды,
Тек жалғыз Н. поселкасы.

Халық жаўдың көзин алып,
Клараны қашырады,
Анна кемпир ғамхор болып,
Купияда асырады.

Бул туўралы ҳәзир жегер,
Ҳағла кәлем жалықпастан,
Гүжип кетти қәўип-қәтер,
Айырылмайық Аяп достан.

## VI.

Аяп келди иркилместен.
Бир қуўыслаў агаш үйге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳешбир жанға билдирместен,
Есик қақты.

— Ким бар үйде?—

Деген ўақта есик ашып,
Шыра жақты Анна кемпир.
Бийшараның түси қашып,
Қайғы дәрти сезилип тур.

— Саў жүрсен бе—шырақ ғанам,
— Шүкир. өзиңиз қалайсыз?
— Бизде аўҳал жаман балам,
Ҳәдийсе көп, дым қолайсыз...

Бир түргелип, бир отырып,
Тыпыршыды егпей тахат,
Кеўлиндегин айтып жүрип,
Таярлады жеңил аўхат.

Жигитке бир болды жумбақ,
Көринбеди Марья, Павел,
Анасының сөзин тыңлап,
Не боларын күтпекте бул.

— Қутырған—аў мынаў душпан,
Ҳайўанлардан жаман болды,
Журтты искенжедей қысқан,
Қалай-қалай заман болды!..

Кемпир жылап айтты сөзин,
Туўған улындай шағынып,
Жас сорғалап жуўды көзин,
Еки бетине ағылып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қонсы Илья еврей еди,
Бир күн Гюнгер алып кетти.
Валя еди келиншеги,
Екеўиниң „жайын етти“.

Жетим қалды жалғыз қызы,
Жаңа жеткен бес жасына,
Еңиреген соң жалғыз өзи,
Семен алған өз қасына,

Қызды аяп ол бийшара,
Қойды үш-төрт күн жасырып,
Ҳусен деген бети қара,
Көрген тимискиленип жүрип.

Кеше соның семьясын,
Қылышлады, дарға асты.
Ильяның—да қыз баласын,
Атпақ болды гүлдей жасты...

Аяп көзге елеслетти,
Семенлардың түсин-түрин.
Еситкенде шоршып кетти,
Ол—да таныс еди бурын.

— Семен—де шын өлди—ме!—деп,
Таңланды бул қайта сорап.
Жаўға қарсы жалынлы кек,
Ой жигерин алды орап.

Семен менен не жайында,
Ушырасты талай сапар.
Дәслепки келген шағында,
Көргени—де есинде бар.

Мине ҳәзир тур ядында,
„Жан достым“,—деп айтқан сөзи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келиншеги Катяның да
Турыўшы еди жайнап жүзи.

Семен қоңыр сары шашын,
Тарап ғана ойға батып,
„Қурдасымсаң, тең—ғой жасың“,
Деўши еди, ҳәзил айтып.

Ойлады бул келген жолды.
Жолда көрген бираз өлик...
„Семенлар да сондай болды!“—
Деп гүрсинди қапа болып.

Кемпир кеўли егиледи
Тыйылмады көзинен жас,
Айтқан сайын еңиреди,
Көрген жанлар шыдап болмас.

Семен бунын туўысқаны,
Жасынан—ақ асыраған,
Сонлықтан—да қызып қаны,
Күйип писип қыйналды жан.

Қәпелимде ишки жайдан,
Адам демин қалды сезип,
Аяп буған болып ҳайран,
Олай-булай жүрди гезип,

— Апа,—деди бөлип сөзин,
Сизиң жайда адам бар—ма?
— Аўа, Клара ғой бизиң,—
Жетим қалған ол бийшара.

— Не қыласыз душпан көрсе,
Ғәпилетте сезбей—ме жаў?
— Пол астында көбинесе,
Сақлайман—ғой, шырағым-аў..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит сонда шайқап басын,
Зор мийиримли ойға кетти.
Кемпир таярлаўда асын,
Сөзин бирақ даўам етти:

— Павел да түсти тутқынға,
Азап-ақырет көрип атыр.
Бираз комсомоллар сонда,
Павел менен бирге жатыр.

Олар қамалмастан бурын,
Зор әжайып ерлик етти.
Жаўларға көрсетип қырын,
Астыртын көп күш көрсетти.

Душпан анық билген емес,
Нағыз булар екенлигин.
Шамалап айтқан Ҳусен пес,
Сорастырып билдим бүгин.

Енди маған Павел қайда,
Өмиримниң питкени ғой.
Қайғыраман болмас пайда.
Маза бермес тек қурғақ ой.

Айтыўларға қарағанда,
Жаў қыйнапты тергеў алып.
„Лагерине таң азанда,
Жөнелтпекши“ – дейди халық.

Марья хабар бермек болып ,
Кеткен еди сизиң жаққа,
Жол бойында душпан көрип,
Гуманланған тап сол ўақта.

Гюнтер деген „командири“
Иркип қалган өз қасында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Марья ҳәзир отыр дейди,
Зауқы-сапа ортасында...

Еситкенде мынаў сөзди,
Ар толқыны ғаўлап тасты,
Жигит өзгерилди демде,
Мейли алмай берген асты.

Төбесинен өткендей оқ,
Қаны қызды көп қыйналды.
Қайғыдан—да ҳеш пайда жоқ,
Не ислеў жөнин ойланды.

"Шыны менен Марья қыздын,
Жаў қолында қалғаны—ма?
Неге өлтирмеген өзин,
Түспей жаўдың қармағына.

Сүйгениме душпанларды,
Бирге зауқы-сапа сүрсе,
Жутқаныма намыс-арды,
Ықтыярын жаўға берсе.

— Жаным Ўатан деўши еди,
Сөздиң раслығы қайда?
Елди сүйсе сөйтерме еди,
Шадлық қурып усындайда?...

Деген ойлар бул жигиттин,
Еркин бийлеп алып кетти.
Гүманлы ой қара түтин,
Жүрегине қатты өтти,

Сезгир кемпир бунық ойын,
Оқығандай сезип қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шолып өтип тулабойын,
Өз пикирин айта салды.

— Марья ушын қапа шекпе,
Маған мәлим қыздың сыры.
Гуманланып етпе өкпе,
Ол—да болса мәрттиң бири.

Ҳеш ўақытта арын сатпас,
Меннен туўған перзент болса,
Өлмесе ол қарап жатпас,
Бир реги келе қалса.

Аяқ-қолы болса еркин,
Сөзсиз бир жерлерден шығар,
Орынлайды мәртлик сертин,
Арды ойлап жүрген шығар.

Балам ҳәзир демиңди ал,
Бирақ уйықламаймыз бүгин,
Келип тур маған бир қыял,
Жаўға қарсы ислейтуғын...

Сол ўақта қапы қағылып,
Ана дәрҳал есик ашты.
Жүрсе—де иштен сағынып,
Еки жас жай аманласты.

Ақтарып қыз жаўдың сырын,
Көргениниң бәрин айтты.
Кеўил жақып болса бурын,
Сүйиўшилик тағы артты.

Деди кемпир: болды қолай,
Бир тәўекел етиң тезден,
Өмирди берик етсин қудай,—
Екеўиңе алғыс бизден...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Марья комсомол ағзасы,
Отлы журек жанған жалын,
Душпанға қайнап ызасы,
Намыс ушын жаққан жанын.

VII.

Қыздан Гюнтер тергеў алды,
Сезиклениип услап жолдан,
Душпан талай тәсил салды,
Бермеди қыз арды қолдан.

Акырында алып барды,
Заўқы-сапа ортасына,
Көзин қысып мирәт салды,
Отырғызып өз қасына.

Отыр гейбир сатқын қызлар,
Олар менен мәслик қурып,
Марьяның намысын қозғар,
Жаўлар менен бокал урып.

— Иш!—деп буған көп зорлады,
Байқап Марья жаўдың ойын,
Тамаққа мейли алмады.
Намыс көрди еткеп тойын.

Ара-тура бокал қағып,
Көзди урлап төге берди,
Тек ернине арақ жағып,
Қызық сөзлер айтып берди.

Жаў алдында тутып өзин,
Бул—да шадлы болгансынып,
Қатты соғып қайғы сезим,
Отыр бирақ иштен тынып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тутқындағы көп жасларды,
Азанда жаў алып кетер,
Партизанға бул хабарды,
Жеткермеўи жанға өтер.

Көп душпанлар айтып қосық,
Шуўылдайды қасқырлардай,
Сатқын қызлар даўыс қосып,
Қушақ ашар сүйген ярдай.

Муңлы күйи шертилген саз,
Бунуң жүйесинен өтер,
Ҳайўанлардан шыққан ҳауаз,
Жиркенишли оннан бетер.

Отырғанлар бәри бирден,
Пьяң болып ғаўқылдасты,
Бир ўақытта усы жерден,
Марья дәрҳал шығып қашты.

Кеткеннен соң сезип Гюнтер,
Шақырды бир офицерди.
— Кеткен қызды излегицлер,—
Деп оларға буйрық берди.

## VIII.

Қыз ҳәм жигит қосылды – гой,
Бул сизлерге болды анық,
Өткен өмир ҳаққында ой,
Қыялымды кетти алып.

Кеўил берген еки ашық,
Сөз сөйлесип маўқын бассын,
Турмайық биз араласып,
Ортасында еки жастың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ жигити ким,
Қалай келген усы жерге?—
Деп оқыўшы айтыў мүмкин.
Қыял барып қайтсын елге.

Балалықтың өтип шағы,
Мектеп питкерип ержетти,
Урыстың ғыжлаған ўағы,
Аяп әскерликке кетти...

Жолланбастан үш күн бурын,
Анасына тигип көзин,
Билмек болып кеўил сырын,
Оқымақта шайыр сөзин:

— Эй, ана билемен, тилегимдесең,
Муўдамы сен мениң жүрегимдесең,
Қандай көретуғын болсаң сен мени,
Мен—ле тап жанымдай көремен сени.

Сеннен қымбат не бар маған дүньяда,
Сен болмасаң келмек қайда дүньяға.
Балалық дәўнримди еске алайын,
Өткен өмиримди ойлап қарайын.

Бөбек болдым, бала болды, ержеттим,
Адам етип сениң өзиң дөреттиң,
Жыласам жуббаттың, көрсең қуўандың,
Аппақ сүглериңди емдим де қандым.

Еркелеп турғандай қушақты аштың,
Жуўырып барғанда, баўырыңа бастың,
Қанша қыйқаңшылық етсем шыдадың,
Аспандағы айды бер,—деп жыладым.

Пал берсең, сүт бер деп қыңырлық еттим,
Сүт берсең, пал бер деп табақты төктим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше тәрсипсизлик исти еттим мен,
Айыпсынбай кеўлиме жеттиң сен.

Өткен өмириңниң неше жылларын,
Жумсап един ержетсин деп балларым,
Жаслығымда сондай тәрбия еттиң,
Мине бүгин адам болып ер жеттим.

Исиңди умытсам инсан емеспен.
Тутарман әмириңди, болмас демеспен,
Енди сениң кеўлиңе мен жетейин,
Ҳадал жүрекпенен хызмет етейин.

Жаным пида ҳәрбир айтқан сөзиңе,
Баўрым деген сөзиң қуўат өзиме.
Егер еркелесең мен—де шыдайын,
Буйырсаң аянбай хызмет қылайын.

Отқа жумсасаң—да оннан қайтпайман,
Қулласы мен сени ҳеш муңайтпайман,
Мениң ықтиярым сениң қолыңда,
Өлсем—де ырзаман сениң жолыңда

Меҳрибаным анам—жүрегим, жаным,
Анамдай қәдирдан уллы Уатаным...

Ана тыңлап мынаў сөзди,
Көзлерине келтирди жас,
— Сондай қәдирлесең бизди,
Ҳешким ырза болмай турмас,—

Деди, тағы ойға кетти,
Өз өмири түсти еске,
Бастан талай күнлер өтти,
Дуўшар болып аўыр иске.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Партизан қыз деген буның,
Шықан жастан елге аты.
Мәрт Қосберген күйсүйиниң,
Теңи болған Хансаягы.

Бахыт таңы орнаганда,
Азаглықты бирге қурды,
Елди душпан зорлағанда,
Булар жаўға қарсы турды.

Неше сапар баспашылар,
Буларды—да қоршап алды,
„От ишинен“ шықты булар,
Бермей жаўға намыс-арды.

Бирак, ақыры баспашыдан,
Қурбан болды батыр ери.
Кегин алды бул—да жаўдан,
Болды елдиң жаўынгери.

Сонда Аяп бир жасында,
Қалған еди агасынан,
Анасының тәрбиясында
Әлпешленди жас басынан.

Кейпи мәлим бул ананың.
Тыңлап турып айтқан гәпти:—
— Уатан ана, ол—да жаным,—
Деген пикир тәсир етти.

Гүреспенен туўса бахыт,
Және өзи қосса үлес,
Елге қәўип туўған ўақыт,
Жүрек шыдап турмақ емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигерленип сол анасы,
Баласына былай деди:
— Ҳәрбир мәрт елдиң панасы,
Сен—де халықты қорға енди.

Кешеги зарлы заманды,
Көзиммене көрген едим,
Қорлап залымлар адамды,
Көп қайғыда жүрген едим.

Орнады бул әдил заман,
Қулап патша, ханның тахты,
Тарқалып қараңғы думан,
Төбемизге түсти жақты.

Тағы батыстан булт қаплап,
Жер—жаҳанды бүлдирмекши,
Гитлер деген қандай ақмақ,
Бахыт күнин сөндирмекши?!

Онындай болмағай балам,
Көп билмеймен басқа гәпти,
Панду нәсиятым саған—
Берегөриң жаўға дәкки!

Жасыңнан арыңды сақла,
Жақсы жолдасты жандай көр,
Ел-журттының дузын ақла,
Жаслықта қайнасын жигер.

Ҳеш ўақ душпанды ая—ма,
Сениң жолдас, досларың көп.
Ҳәмме атланса қоя—ма,
Елди жаўдан қорғаймыз!—деп.

Қандай қыйынлық көрсең—де,
Қәҳәрли бол, ғайратлы бол,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ел ушын егер өлсең-де
Қорықпай гүрес, айтарым сол.

Достың бар—да жаўдан қашпа,
Айтқан сертиң болсын берик,
Қолға түссең сырыңды ашпа,
Душпанның сөзине ерип.

Мениң жастағы исимди,
Айтысады ҳәрбир жерде,
Жасыңда көрсет күшиңди,
Ўападар бол туўған елге!...

* * *

Жигит умытпады сирә,
Анасының айтқаң сөзин.
Душпанларға қарсы тура,
Гүресте көрсетти өзин.

Қорғады Севастопольди,
Көпнешен бирге неше ай,
Келген жаўды нышқырт қылды,
Совет ерлери аямай

Силкингендей теңиз, жер, таў,
Үйин-үйин болды өлик.
Шегирткедей арсыз көп жаў,
Топылады жәпе келип.

Гитлер—реҳимсиз залым,
Қырылғанға қарамады,
Әскәриниң қысып жанын.
— Алға жүр, деп сабалады.

Бизиң әскер ерлик қылып,
Жаўлардың күшин талдырды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шегин! – деген буйрық келип,
Бираз шәҳәрди қалдырды.

Уақытша шегинип изге,
Жауға соққы бере берди,
Басып кирген елимизге,
Жаулар дәкки көре берди.

* * *

Жауынгердиң бири болып,
Жүргизди Аяп гүрести,
Нағыз ғайратына толып,
Мәртлик пенен көзге түсти.

Булт қаплады аспан жерди,
Нөсерленип жауды жауын.
Буршақтай оқ бурқый берди,
Урыс жаздырмады тауын.

Булар тоғайды папалап,
Шегинди де ата берди.
Бирақ көп душпан қамалап,
Қәуип-қәтер арта берди.

Бир қуўыста жалғыз өзи,
Қалғанлығын сезип қалды.
Бир душпанның шалып көзи,
Гөзеп буны атып салды.

Тийип мәрттиң аяғына,
Бир шуқырға қулап жатты,
Гөзледи душпан жағына,
Ең ақырғы оғын атты.

Атқан оғы қалпал кетпей,
Еки жау қулады бирден,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ еки минут өтпей,
Әттең димар кетти ерден.

Өз денеси болып аўыр,
Қозғалса қайта жығылды,
Исингендей жүрек-баўыр,
Деми аўзына тығылды.

Қыйналса—да ширин жаны,
Жүриўге умтылып бақты,
Бедениннен қызыл қаны,
Сорғалады, суўдай ақты.

Узын бойлы суңқақ дене,
Топыраққа былғанады,
Жигит талпынады және,
Жүрегинде от жанады.

Зуўылдаған жалынлы оқ,
Атылып тур еки жақтан.
Көўил саррас, дәрманы жоқ,
Аяққа түскендей қақпан.

Түрли қыял дизбеклесип,
Өтипатыр бирим-бирим,
Өлим қәўпи қыстап келип,
Еске алды туўған жерин.

Ана, қатар-қурбы қайда?..
Көз алдына елеследи,
Ғамхор болып усындайда,
Дослар көрсе келмес—пе еди!

„Өлимнен—де жаманырақ,
Жаўға тутқын болыў маған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Аңсат“ өлсем... мынаў бирақ...“—
Еплеп қолға алды наған.

Сап етти—де еки адам,
Қолдан тутты, қушақлады,
Сүйреп көтерип жан-жақтан,
Ойға қарай жылысады.

Дәрҳал, жарасын таңды,
Түскеннен соң терең сайға.
Азат етип бул жас жанды,
Сиңип кетти дут тоғайға.

Қалай алып кеткенлигин.
Геройларым айтып берер,
Басқа гәп көп айтатуғын,
Тыңлап отырсаңыз егер.

Азат еткен жигит Павел,
Қасындағы қарындасы.
Тап ҳәзирги Марья—ғой бул,
Санитарка баўырласы.

Булар өскен усы жерде,
Ойын-қырын билер анық,
Жаў келгенде кирип елге,
Қарсы шықты ғайратланып.

Бул Қырымды жаў алған соң,
Буйрық келди Аяпларға,
Аўырыўдан саўалган соң,
Қосылсын деп партизанға.

Павел поселкаға келип,
Қупиялап ис жүргизди.
Аўҳаллардың бәрин билип,
Партизанға—да билгизди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Павел, Марья, Аяп бәри,
Ис жүргизди үзбей қолды.
Елдиң ҳадал адамлары,
Бир-бирине ғамхор болды.

Қыял кетип баска жаққа,
Дәслепки сөз қалды кейин,
Ядыңыздан шыққан жоқ-па?
Енди соны сүўретлейин.

## IX.

Аяп, Марья ҳәм анасы,
Отырыпты үйде дедик,
Жетим қалған Клорасы,
Уйықлап жатыр деген едик.

Азырақ сөйлескен ўақта,
Биреў сырттан әйнек қақты.
Және биреў дәлиз жақта,
Тық-тық етип жүрди қатты.

Жылгылдап турған соң шыра,
Табылғандай излегени.
Сырттан қатты ура-ура,
Сындырды бир терезени.

Қыз айтты:
— Изден қуўалап,
Бул бәлелер келген енди.
Алеша сен жасырын, бирақ,
Аўҳал қыйынлыққа дөнди!...

Ўақыт қысқа, аз ойласты:
Егер ашылмаса есик,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әйнектен—ақ кириў қасты,
Онда қыйын болар десип.

Егерде қыз жасырынса,
Келип душпан тинтер үйди,
Аяп, Кларалар бунда,
Көрсе шатақ болар дейди.

Аяп, кирип дәлиз жаққа,
Тар қуўысқа жасырынды,
Көрсе мүмкин тутар оққа,
Ким биледи келген сумды.

Марья турды сыр берместен,
Бир отырған орнында,
Барып есик ашты әстен,
Сумырайлар келди мунда.

Пиянлықтан еки душпан,
Аяқлары талтаңлайды,
Көзи гүңгирт, тил тутлығысқан,
Сөзди оңлап айта алмайды.

— Оҳ сен бунда бир өзиң—бе!?
— Айтпадым—ба қашып келген?!...
Шамаладым мен өзим—де,
Сен—де билген, мен—де билген!

— Ҳәй қыз, жылдам шыра сөндир!
Бизлер сондай асығыспыз,
Оннан соң... шақыртты Гюнтер,
Қашқанменен қутылмассыз.

— Сен кимменен ойнап жүрсең,
Бойсынбаған тентек келин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған жигит таңлап жүрсем,
Қашып кеткениң не сениң?—

Деп екеўп Марьяны,
Жулқылады, айбат урды.
Сезип Ляп қызып қаны,
Зордан зорға шыдап турды.

Турып еди әри-бери,
Кетер—ме деп жақсы сөзге,
Жаман екен нийетлери,
Ойы бузық, пикири өзге.

Жасырынған кемпир ғәрип,
Душпан үйге киргеннен соң,
Ашыўланды бирден барып,
Кетпеслигин билгеннен соң.

Жекиринип ол:
— Шығың, сизлер,
Адамшылық намыс жоқпа?
Деген еди. Бир офицер,
Көз алартты кемпир жаққа.

— Сен алжыған жат жабысып,
Қызың керек, өшсин үниң,
Ерегиссең сөз жарысып,
Тилиңди кесермен сениң!—

Деп кемпирге шаппат урды,
Марья оған болды шыр-пыр,
Шыдамасған өрре турды.
— Тиймеңиз!—деп жалынып тур!

— Неге керек буған шаппат.—
Деп екинши наган алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирден өңменине тақап,
Сорлы ананы атып салды!

Еки аяқлы ҳайўанларға,
Бундай нәрсе емес айып,
Не болсада иләж барма,
Қулап қалды қулаш жайып.

Ана қалғанлықтан сулап,
Қыз жүреги оттай жанды,
„Ўай, ана!“—деп еңиреп жылап,
Тентиреклеп естен танды.

Дәрт самалы анталасып,
Қыстағанда тумлы-тустан,
Күлиседи ғарқылдасып,
Ардан безген еки душпан.

Кетерме деп дәмеленип,
Турса Аяп, бақлап сыртган,
Кейин патыратқа дөнип,
Жаў ананың өмирин қырыққан.

Жигит қолға сүймен алды,
Сырттан келип урды басқа,
Шәпик қолға дуўшар болды,
Аўнап түсти еки шошқа.

X.

Аяп изде, Марья алда.
Молдан алып гранатты,
Түн ишинде түсип жолға,
Жүрип тез-тез адым атты.

Кийинипти офицерше,
Немецлердиң кийимлерин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сезбесин деп душпан көрсе,
Алмақ ушын жаўдан кегин.

Келди мине көп душпанға,
Мәслик қурып қосық айтқан,
Бақылдасып бир зор жайда,
Шалқып атыр ылғый шайтан.

— Сақшылар жоқ, отыр дарқан,
Ядтан шыққан қорқыў деген,—
Деди Марья,—бизге барған,
Сақшылары солар екен...

Олар келмес жайға кетип,
Енди мине болды қайым,
Бир азғантай турды күтип,
Гранатты етип тайын.

Әйнек ашық.
Көрди булар,
Иште отырғанның бәрин,
Ҳәдден асып мәслик қурар,
Еситип тур айтқанларын,

Қарап көрсе бәри еркек,
Ҳаял-қыз жоқ арасында.
Адамсымақ түрлери тек,
Қулқы ҳайўан расында.

Жүрекли деп айтар мақтап,
Адам қырған ҳайўанларды,
Көзин таңған анаў ахмақ,
Басқарады қанлы дарды.

Биразларды сол тап бүгин,
Өз қолынан дарға асқан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр бәлени ислейтуғын,
Қан шашыўдан тартынбастан.

Анаў биреў тамнық мурын,
Гитлеринен алғыс алған,
Нешелерди қырса бурын,
Бүгин тағы адам шалған.

Бир жигиттиң келиншегин,
Қылышлаған урып басқа,
Талайларды гири көмип,
Ўапат еткен қарақасқа.

Көринбеди Гюнтер бирақ,
Кетип қалса керек мәгар,
Күнименен ишип арақ,
Естен танып қалған шығар,—

Деп сыбырлап Марья бәрин,
Айтыпатыр түсиндирип,
Фашислердиң жәллатларын,
Жүрген бәрҳа адам қырып.

Гейбиреўи совет елин,
Қаслықпенен сөйлер сайып,
Мақтайды қанхор Гитлерин,
Көз тынып, аўзы қыйсайып.

Былшыл сөзлер жанға өтер,
Булар жаўдың сыйқын көрди,
Гейпарасы гүрриң етер,
Тутқындағы жигитлерди.

Мақтанады биреўлери
Жигитлерди қамағанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Келди,—дейди—өлер жери,
Жоқ етемиз ертең таңда...

Тапалтаслаў семиз сары,
Алды бокал, керип төсин,
Онда отырғанның бәри,
Тыңлай қалды оның сөзин.

— Жоқарыдан келген тақсыр,
Айтар екен енди не гәп?
— Тыныш отыр қара басқыр.
Үниң өшсин, аўзыңды жап!...

Кеўлин бийлеп толқынлы ой,
Тақсыр төре былай деди;
— Жасырыўға болмай тур—ғой,
Баспалатты совет ели!

Мәселемки, бизлер талай,
Топылысқа өткен едик,
„Москваны алып оңай,
Жеңермиз“ деп күткен едик.

Енди ҳәзир қызыл әскер,
Ҳеш үзликсиз топылыста,
Бирақ, еле бизиң Гитлер,
Пай бермейди бул урыста.

Бизлер жеңис тапсақ бурын,
Тек ўақытша кесилди жол,
Енди қолдан кетпес Қырым,
Гитлердиң—де буйрығы сол.

Жеңисимиз болсын қолай,
Соның ушын алың тосты,
— Аўа, аўа!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Солай, солай!—
Деп сағалдай даўыс қосты.

Бəри—де көтерди бокал,
Таўықлардай созып мойнын,
Солқылдатып ишти дəрҳал,
Жəне басламақшы ойын.

Қалай аяр арлы инсан,
Адам атып шалганларды,
Ҳадал жаннан ағызған қан,
Усылардай ҳайўанларды?!

Өлтирмесең уў жыланды,
Ол аямас, сени шағар,
Жəбирлейди талай жанды,
Тəнин тесип, уўын жағар.

Сөзлерине қарағанда,
Билинип тур нслейжағы,
Боямақшы тағы қанға,
Ҳақ жасларды тутқындағы.

Əсиресе жүдə жаман,
„Жеңис“ деген сөзи жаўдың,
Болар алды өмири тамам.
Я белгиси албыраўдың.

„Өз басына тийер шоқмар,
Залымлыққа жонса таяқ,“
Халықта сондай нақыл гəп бар,
Ал умтылды Марья, Аяп!

Ар толқыны буўқып тасты,
Жигерли күш бойды керип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Намыс бийлеп еки жасты,
Ылақтырды қулаш сермеп.

Гранатлар шашырады,
Жайдың ишин тегис жайлап,
Жауды шөптей жапырады,
Қан ишерлер қалды жайрап.

## XI.

Жигерленип аянбастан,
Ҳәрким елге хызмет етсе,
Атағына дөрер дәстан,
Тәриплеймен тилим жетсе.

Саўлығыма қуўанаман,
Түн өткерип уйқыменен.
Өмир узақ болсын аман,
Миййнет, шадлық күлкименен.

„Бүлген тан" деп бундай түнди,
Айтар халық пақылында,
Не аўҳал бар тағы енди,
Бул ақшамның ақырында.

Соқты жаўдың талайларын,
Мине ҳәзир усы ўақта,
Тәриплеўши геройларым,
Бөлинипти еки жаққа.

Жол тартыпты Марья өзи,
Жайластырып жан анасын,
Ертип шықты қонсы қызы,—
Жетим ғәрип Кларасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Естен шықпас муңлы ана,
Өлди енди илаж бар—ма!
Тек үш саат бурын ғана,
Тири жанды умытар—ма!

„Көп қайғыдан болмас пайда“,—
Деп ол жолға азық алды,
Бағанағы Аяп қайда,
Неге бөлек кетип қалды.

Гәпти көширейик соған,
Марья азлаў жүретурсын,
Еле гәп көп айтылмаған,
Жалықпасаң жан оқыўшым.

Кетеринде ўәде етти,
Ушырасыўға дәрбент жолда,
Жигит жалғыз жүрип кетти,
Бирақ узақ емес ол—да.

Дегенменен қыйын сапар,
Тәўекелге бел байлады,
„Қыйынлықта ер сыналар“
Жол жөнекей көп ойлады:

„Әлбетте, бул өмирге қәўип,
Қыймақ бар ма ширин жанды!
Сонда—ла бир илаж таўып,
Қуртыў керек уў жыланды.

Бармасам бул жаман нәрсе,
Ертең бәрин алып кетер,
Бирақ ҳәзир жаўлар көрсе,
Өз басына қәўип-қәўетер.

Сақшыларда қурал таяр,
„Тартып салса питер исим“.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы қыял неге дәркәр,
Көп ойлайман бунын несин?!

Өлсем—де мен жалғыз адам,
Талай адам жатыр торда,
Азат етсем есен-аман,
Үлкен абырай болар сонда...

Ой түтини гоқтап ахыр,
Басын тикги дослар ушын,
Өз-өзине берип ақыл,
Жумсамақшы жигер күшин.

Буған мәлим таныс жолы,
Еки сапар жүрип көрген,
Қалпал болмасын деп оны,
Марья және айтып берген.

* * *

...Түн. Ай жақты. Аўыл шети,
Жап бойында бир жекке жай,
Жаптың аргы шығыс бети,
Қарағайлы қалың тоғай.

Мине бул жай өткен ўақта,
Атқа қора болған еди,
Жаў топылып келген шақта.
Қолларында қалған еди.

Колхоздың сол атханасын,
Меншиклеген адам қамап,
Жаў нешшениң кесип басын,
Талайларды урған сабап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айналасы темир қорған,
Кирер жери жалғыз қапы,
Онда еки сақшы турған,
Қолларында жаў-жарағы.

Екеўи—де қап ишерлер,
Түслери бәт оқ жыландай,
(Қамаўдағы жаўынгерлер,
Жатыр тордан шыға алмай).

Қарар олар бағыс жаққа,
Мүмкин бир нәрсени күткен?
Мәгәр исти алмаспаққа,
Ўақты бүгин өгип кеткен.

Ай сәўлеси сеўип жақты,
Жым-жырт болды айналасы,
Түнги сааг төрттиң ўақты,
Бәҳәрдиң салқын ҳаўасы.

Жалыққаннан ләң урады,
Бир-бирине мыңғырласып,
Гейде теңселип турады,
Сөйлеседи былдырласып.

Оның бири дейди былай:
— Жатқан бәри комсомоллар,
Қаматылды дым оп-оңай,
Таңжылмастай болды булар.

Көп төгилди халықтың қаны,
Қырдық қолға қылыш алып,
Ҳәтте ғарры, жас баланы,
Шаныштық талай ўайран салып.

Уллы Гитлер етип урыс,
Қыр деп буйрық бергеннен соң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда бизлерге не турыс,
Буйрық солай келгеннен соң.

Деп екиўи шақақ атып,
Мақтанышта күлиседи.
Бир-бирине мақуллатып,
Ғоддас-ғоддас жүриседи.

Қәпелимде ой бөлинди,
Туўра келер жалғыз адам,
Кем-кемнен жақын көринди,
Ай–да күлди жарқыраған.

— Ал киятыр сменаға,—
Деди көрип тапал сақшы,
— Бизди енди қайтармаға,
Киятырған, жүдә жақсы...

Келди, офицер формасында,
Екенлигин көзи шалды,
Екеўи–де өз постында,
Қылтыйысып тура қалды.

Бирақ келген бул „офицер"
Сырын ашып тил қатпады.
Қысылған тек Гитлершилер,
Еки сақшы жалбақлады.

Себеби сол, етти қәўип,
Исимизди тексерер деп,
Зәрре жерден қыяў таўып.
Қәпелимде жек көрер деп.

Оқып Төрткүл қаласында,
Алса Аяп жалпы билим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оқып және арасында,
Билген азлап немец тилин.

Тек еки аўыз сөз қағады,
Сорағандай истиң жайын,
Қапталға қол узатады,
Пистолетин етип тайын.

Талайлардың қанын төккен,
Ҳақ жанларға салып қоршаў,
Фашистлерге хызмет еткен,
Қыйратылсын бунындай жаў!—"

Деп ойлап, шаққан көширди,
Шақ—шақ етип атылды оқ,
Екеўин оққа ушырды,
Өңменинен өткерип шоқ.

Излеп гилтин таўып алды,
Ашты қақпаның есигин,
—Азатсыз!—деп қыйқыў салды,
Атап бираздың исмин.

Топарласып шығып тордан,
Көрди достының ерлигин,
Гейбири қозғалды зордан,
Көрген жаўдың көп қорлығын.

Биреўлер желең, жалаңбас,
Зорға жүрер қыйын ҳалы,
Бәриниң-де тамағы аш,
Нәр татпаған қамалғалы.

Өлим қәўпи түсип басқа,
Бәри тегис көрсе азап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дос жақсылық етип доска,
Ҳәзир бәри болды азат.

Жигирмадан аслам адам.
Ылғый жап-жас жигит, қызлар,
Намыс ушын тынбай мудам,
Басын тиккен гүреспазлар.

Бәринде—де қәўендер бар,
Биразының сүйген яры.
Қайғырып—та жүрген шығар,
Ата менен аналары.

Ай жақтысы сәўлеленип,
Таныстырды түс-келбетин,
Павеллар-да шыға келип,
Көрип достын сүйди бетин.

Бирге жүрип үш жыл удай,
Душпанлардың кескеп торын,
Аўрлыққа шыдай-шыдай,
Жеңген қыйынлықтың зорын.

* *

Бир қанша жер кетти асып,
Қолтықласып жүрсе-де жай,
Агашлыққа араласып,
Пана болды қалың тоғай.

Жол бойында күтип турган
Марьяларға келди жетип,
Қәўипли жерден асып арман,
Штаб жаққа кетти өтип

Күткен қыздың қыялында,
Үмитпенен қәўип аралас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыным бермей жас жанына,
Турған еди мөлтилдеп жас.

Куткенде зорға шыдады,
Ҳәр минутты жылдай көрип,
Көргенде еңиреп жылады,
Жас жүреги балдай ерип.

Мәрьямның жүрегинде,
Бир үлкен дәрт ғаўлап жанды,
Жетип бирақ тилегине,
Талқанлады көп душпанды.

Шын кәдирдан анасынан,
Айырылғанға күйсе жаны,
Азат болды қәўип астынан,
Қатар-қурбы, туўысқаны.

Қайғы менен қуўанышы,
Қыялына болды шерик,
Отырғанда дем алысып,
Бар аўқатын берди бөлип.

—Енди сизлер кетебериң,
Билесизлер жолдың бәрин,
Штабқа саў жетегөриң,—
Деди айтып жумысларын.

Қошласты—да кетип қалды,
Айтып ҳәмме рәҳметти,
Азғана уйықлап дем алды,
Аяп және жүрип кетти.

## XII

Жолға раўан болған ўақта,
Бәҳәр таңы күлим қақты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызарып күп шығыс жақта,
Әтирапқа септи жақты.

Бөрткен жасыл қалың орман,
Бийик тау гур қабақ үйип,
Алағат булт кетпей арман,
Топланбақта тауды сүйип.

Жигит тоғай хожасындай,
Ҳеш алаңсыз келер еркин,
Арқар, кийик ганасындай
Гезлеседи дүркин-дүркин,

Сен өткен түн қаҳарманы,
Дегендей-ақ қуў, үйрек, ғаз,
Сайран етип сап ҳаўаны,
Ушып өтер жаңғыртып саз.

Сүлдери – де емес анық,
Бирақ жол бағдары аян,
Бир қуўыста көрип қалып,
Тура қашты жалғыз қоян.

Ылғалланып жигит өзи,
Шаққан адым атылды тез,
Созылмасын гәптиң изи,
Ўақыядан баслансын сөз.

Түскен мәҳәл сыбдыр жолға,
Бир жалғыз жан ушырасты,
Кийимлери жалба-жалба,
Қып-қызыл қан үсти-басы.

Қалтырақлап аяқлары,
Мәс болғандай аўнап түсти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўсылғандай ҳәл-дәрманы,
Зордан-зорға шықты сести.

Жигит оған барын бирдеп,
Аң-таң болып тура қалды,
Анық көрип жақын жерден,
Аўҳалына нәзер салды.

Ентигеди аўнап жатып
Көп қысылып шығар деми.
Бети-аўзын жыбырлатып
Зорға сөйлер бирнемени:

—Айналайын келбетиңнен,
Көзге ысық көринесең,
Байкап турман сүўретиңнен,
Келши, неге еринесең?

Немецлерден қорлық көрип,
Жүрген мен бир жәбиргөймен.
Айтканыма ықлас берип,
Тыңласаңшы баўырым сен.

Бир-еки жыл болды мине,
Түсип жаўдың дузағына,
Әттең, бала-шагам және,
Дуўшар болды азабына.

Мал-мүлкимди алды талап,
Ул қызымды асты дарға,
Өзимди—де сабап сабап,
Қашып шықтым зордан-зорға.

Жасыратуғын сырымда жоқ,
Ҳадал сөзим, балам саған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпанға мегзес түриң жоқ.
Бир жақсылық исле балам!

Көп излердим партизанды,
Өз муңымды шағыў ушын,
Мине аяқ-қолым талды,
Көп көрген соң жаўдан қысым.

Мен билемен душпан сырын,
Бирақ, әттең ҳәлсиредим,
Мынаў сыйқым, мынаў түрим,
Айтшы, жаным, сен ким едиң?

* * *

Бизиң елдиң батырлары,
Урынбайды патыратқа.
Жаўға кескир алмас бәри,
Мейрими кең адамзатқа.

Бизиң мәрглер тыйыўшы—ғой,
Жылағанның көзде жасын,
Келди бирақ мынадай ой:
„Мүмкин бул душпан болмасын?“

Және көриўден аяды,
Ғарры ғәрип бийшараны,
(Ҳақ кеўил қалай қыяды,
Қыйналғанда адам жаны?!).

Жапа шеккен азғантай—ма?
Залымлықтың зулымынан,
Не жананлар кетти қайда,
Айырылысып қыз-улынан.

Мынаў соның бири болып,
Азапланған жәбиргөй-ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Иши жанып дәртке толып,
Қалган" деген келди бир ой.

—Мен—де сендей жолаўшыман,
Қамықпа, қайғың арылар,
Қысылмаңыз, етиң шыдам,
Партизан бәлки табылар.—

Деди Аяп, сүйеп басын,
Тиклеп отырғызып көрди,
Орамалға сүртип жасын,
Қалтасынан алма берди.

Қыял кетти көкти орап,
Адамшылық аяныш бар,
Толық исенбеди бирақ,
Деди „мүмкин жөги шыгар?.."

Және ойы: „Бул бийшара,
Көптен бери көрмей уйқы,
Зорыққан екен не шара,
Мынаў түри, мынаў сыйқы?"

Сөйтип, жигит көп ойланды,
Еки пикир қаплап мийди,
Ғарры ыңыранып қыйналды,
Оған тағы жаны күйди.

—Жата тур сиз сабыр етип,
Мен келемен кешке таман,
Әттең, бар алмассыз жетип,
Наўқас аўыр, түри жаман.

—Күтейин мен, келши жаным,
Досларға тез барайықшы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәл тыныҡсам келер ҳалым,
Адым атып ҡарайыншы!—

Деди гарры ҡуўанғандай,
Мүмкин жай таптыма жаны,
Бирақ истиң соңы қандай,
Енди көриң ўақыяны!

## XIII.

Билгенлердиң нәсиятын,
Үйренгенбиз ядымда бар,
Турмыстың—да ҳақыйқатын,
Ушыратқанбыз неше сапар.

Биреў тегис жерден жүрип,
Оқпанга—да дусласады,
Гейбиреўлер дос деп жүрип,
Душпанға—да ушырасады.

Төрт туяқлы ҳайўаннан—да,
Еки аяқлы душпан жаман,
Кәўип туўмасын ширин жанға,
Тумсығын буз келсе шаман.

Сезбе аяйды деп жаўды,
Күлсе—де ҳеш болма ғапыл,
Ол ойлағаны уңгаўды,
Сен тезирек ҳәрекет қыл.

„Досласайық"—десең жаўға,
„Күп",—деп иштен қарсы турар,
Басыңа салып көп ғаўға,
Билдирместен дузақ қурар.

Наданлығым болма басым,
Айыра бил дос, душпанды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Досларға артсын ықласың,
Көп қәдирле ҳадал жанды.

Реҳимли, ҳақ кеўил жан,
Аян мәлим өзиңизге,
Дос туўралы жалықпастан.
Келейик сол сөзимизге.

Мине жигит жүрип кетти,
Ағашлардан бой тасалап,
Ғарры өрре турып кетти,
Оның изинен қуўалап.

Ағашлардан сығалайды,
Алдыңғының жүрген жағын,
Билдирместен қуўалайды,
Қайшы етип еки аяғын.

Жүрди жигит байқамастан,
Жан-жағына қараса—да,
Сезбей, аңлыганын душпан,
Дем алды бир оңашада.

Сарлап ағып турды булақ,
Қанып алды агын суўдан,
Сийрек бултлар өтер зуўлап,
Бири қашып, бири қуўған.

Тоңатугын суўық емес,
Жыллы еди тап сол күни,
Демалыўга болды ҳәўес,
Уйқы шала күни-түни.

Саатына бир қарады,
Он екиден өткен асып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Почтаны бесте алады,
Иванменен дуўшарласып.

Шөпти жыйнап-жыйнап төсеп,
Дем алмақшы болып жатты,
Басына дастанып мешок,
Түрли-түрли ойға батты.

Гөззал қарақалпақ жери,
Турды елеслеп ойында,
Еске түсти өткенлери,
Жайлаған Әмиў бойында.

Еске түсти ғәрип ана,
Қатар-қурбы туўысқаны,
Татлы ойға батып ғана,
Рәҳәтленди шийрин жаны.

„Жаным анам усы ўақта,
Жүрген шығар мени ойлап,
Әй, бийшара қайғырмақта,
Тәғдир ширкин кетти айдап.

Мәрт сыналар аўыр күнде,
Не көрмейди адам басы,
Көп шаршапты өткен түнде,
Бирақ қызық ўақыясы.

Бир түргелип, қайта жатып,
Ой теңизин жүзип өтти,
Денени бир салмақ басып,
Уйқы ойды бузып кетти.

Уйқы гейде нағыз душпан,
Жаўға сени услап берер,
Гейде ол дос, зейин ашқан,
Жаның соннан рәҳәт көрер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Я қыялы яки түси,
„Әмиў дәрья турды ағып,
Көрип өтти... бағдың иши,
Сөз жаңғырды дабыл қағып.

Ана, аға, туўысқаны,
Көриспекте қушакласып,
Көп сағынған ана жаны,
Сүйди баўырына басып.

Инилери Жаббар, Шерип,
Масайрап жүр ағажанлап,
Бәрин бирим-бирим көрип,
Қуўанды бул кеўил шағлап.

Сол ўақытта Марья келди:
„Урыс питти, қыдырайық,
Алеша — жан жүрши,—деди,—
Театрға тез барайық".

Еки ашық қатарласып,
Жарасықлы жүриседи.
Дос—яранлар ушырасып,
Сағынышта көриседи.

Түси суўық, биреў ойнап,
Буның қатты қысты қолын,
—„Не қылғаның жанын қыйнап,—
Деди Марья,—уяг оның!..

Сол бийтаныс қара киси,
Көз аларгты қабақ үйип.
Әйдарҳадай суўық түси,
Жекиринди мушын түйип.

Тартқанменен салып жигер,
Қысылды қол шыдап зорға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шоршып кетти, уйықлаған жер,
Оралыпты жуўан торға!

Аяқ-қолы байланыпты,
Түнерип тур „мүсәпир шал“
Иси шепке айланыпты,
Шал қолында пистолет бар.

Енди етер ҳеш ҳийле жоқ,
Журек ғаўлап оттай жанды,
Денесинен өткендей оқ,
Шийрин жаны көп қыйланды.

Тағы келип үш-төрт сумырай,
Кәпелимде болды тайын.
Былдырласып аўзы тынбай,
Бир сумлықтың айтты жайын.

Ашыў кернегендей болып,
Бурқасынлап күшейди жел,
Аспан бети бултқа толып,
Көк гүркиреп ағылды сел.

Жулқынады бийик ағаш,
Қыйналғандай былған басын,
Есер самал етти саўаш,
Күн ағызса көзден жасын.

Әй, оқыўшым ядыңызда,
Болса керек Ҳүсен залым,
Мынаў турған алдыңызда,
Сол есалаң, сатқан арын.

Баслап едим усы жерден,
Дәстанымның басламасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Капалы қыз Марья деген,
Ағызғанын көзден жасын·

Билсең егер Марьяны,
Бир қәдирли жанды күткен,
Аяп—ғой сол күткен жаны,
Душпан услап алып кеткен.

## XIV.

Отыраман ойланаман,
Гезип қиял узақ жерди,
Гейде сонша қыйланаман,
Еске алсам өткенлерди.

Енди көр бул ўақыяны,
Бирнеше күн өткендеги,
Азапланып достың жаны,
Жүдә қапа етти мени.

* * *

Түнниң иши. Бийик қайын,
Қарағайлар турған мүлгип,
Көркем сәрўи қулаш жайып,
Умтылғандай айға шулғып.

Таў баўырында жайсаң жыра,
Тармақ-тармақ қуўыслары,
Пыт-пытлайды ара тура,
Бөдениниң даўыслары.

Терең ойпат кең төледе,
Стол, стул турған қатар,
Шыра жанып, сәўлеленип,
Оның ишин жарқыратар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Радио қабыллаўшы,
Бир капталға орнатылған.
Москваның келип даўысы,
Ҳәрбирсўге қуўат болған.

Столларды айланысып,
Бираз адам отыр сонда,
Барлығы—да ойланысып,
Бир мәселе туўрасында.

Муртлаш киси узын бойлы,
Өткир көзли толық дене,
Бир қағазға қарап қойды,
Столына ентелене.

Жайыўлы тур үлкен қағаз,
Соны нусқап көрсетеди,
—Бул планды көширип жаз,—
Деп командир үйретеди.

—Минекей Н.поселкасы.
Көбиңизге бәри таныс.
Арқа тәреп көл жағасы,
Поселкадан емес алыс.

Уллы жерден келди хабар,
Одессадан серпилди жаў,
Бирақ елге карсы шабар,
Жарамайды көп масайраў.

Сонлықтан—да босаңлатпай,
Жаўға карсы гүреслерди,
Қосайық биз биййғам жатпай,
Жеңис ушын үлеслерди.

Усы план келди кеше,
Областьлық комитеттен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаў көпир турған кесе.
Жаўлар күнде жүрип өткен.

Мына жайда туткын жигит,
Душпан оны қойған қамап,
Обком изертлеген билип,
Ўақыяны бастан аяқ...

Төрт-бес адам жабырласып,
„Қутқарайық" деди оны!
Барлығы да мақулласып,
Дейди: қутқарамыз соны...

—Бирақ онша оңай емес,
Батырлық ҳәм сақлық керек,
Обком бизге берди кеңес—
Қутқарыўға үлкен лəрек.—

Деп командири сөйлеп бираз,
Қарады көп жолдасына,
—Мине,—деди келген қағаз,
Симферополь қаласынан...

Командири Ермаковтың,
Соңғы сөзи мынаў болды:
—Жаў тыныпын алды көптиң
Мал-дүньясын тонап алды.

Қашқан жаўдың биразлары,
Не көринсе алып кетер,
Ҳәтте таўық қоразларды,
Қалдырмастан талап өтер.

Талқанлаңыз мина таслап,
Жаўлар жүрген көпирлерди,
Ебин таўып алың услап,
Ҳүсен менен Гюнтерлерди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызмет еткен халқы ушын,
Қосбергенов Ляп батыр.
Жаны сауда қутқарылсын.
Бизден үмит күтип жатыр.

—Қосбергенов Ляптың биз,
Ырза болдық ерлигине,
Қутқарайық жибериңиз,
Мен бараман бирлигине!—

Деди Павел батыр жүрек,
Шыныққан зор гүреслерде.
Кең жаўырынлы жумыры билек,
Ерлик еткен талай жерде.

Көп жүргизди астыртын ис,
Оған айқын жаўдың сыры,
Поселкада ислеп жумыс,
Мәлим болған ойы-қыры.

Досларына мийнайымлы,
Жарқын жүзли, әдепли жас,
Ана ушын ўайымлы,
Жақын жүрек ядтан шықпас.

Буннан бирнеше күн бурын,
Анасының айтқан сөзи,
(Қамаларын билип бунның,
Жасқа толып еки көзи):

„Енди қашан көрермен“ деп
Бетлеринен сүйип алды,
Қушақ ашып жылады көп,
Мол қайғыға батып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еринлери кемсең-кемсең
Еңирегенде жас баладай.
Оған қарап залым Ҳусен,
Күлди ғарқылдап ғарғадай.

Қамалған соң қарап тустан,
Ана улын көрип турды.
Сезип қалып Гюнтер душпан,
Анаға—да шаппат урды.

Соны көрип ер жигиттиң,
Журегинде ғаўлады шоқ,
Болғаннан соң өзи тутқын,
Етерге ҳеш илажы жоқ.

Өлди ана жаў қолынан,
Бирақ кегин алды досты,
Және душпанның торынан,
Азат етти сонша жасты.

Павел соны ойлап отыр,
Жақсылық ис шықпай естен,
Рухсатты күтип батыр,
Сөзин қайталады әстен.

Командир—де көз қарастан,
Ер жигиттиң сезди ойын.
Сыналған ол әўел бастан,
—Сиз басқарып бараҒойың!—

Деп командир айтқан мәҳәл,
Қуўатлады басқа жаслар.
Адам таңлап қосты дәрҳал,
Барлығы-да болды қуштар.

Тайын болды бирлигине,
Кеше мында келген Иван,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбек Адҳам, Марья және,
Қазақ жигит ер Ғалымжан.

## XV.

Япырмай сол Аяп қайда,
Тутқын болып қамалғалы,
Дилгир болды қандай жайда,
Қалай екен ҳал-аўҳалы?

Егер достың бахты жанса,
Менде шадлық, қутлы тилек,
Не илаж бар қапаланса,
Шыдап болмас ҳадал жүрек.

Қурбан болмай қалған емес,
Ала-сапыран урыс болса,
Шөптиң басы сылт етпес ҳеш,
Ескен самал тынып қалса.

Гитлершилер болып қанхор,
Тийди адамның жанына,
Бир күн түсип мойнына тор,
Былғанғанша өз қанына.

Мәрт жигитлер усындайда,
Өлимге—де тикти басын,
Қорқақларға намыс қайда,
Услап берер жан жолдасын,

Мине Аян жатыр жалғыз,
Асты ызғар ҳәсирет жайда,
Жай да емес, зиндан нағыз,
Жаў қолында ҳәзлик қайда?!

Төбесинде пәтиги бар.
Жақты берер алақандай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Астындағы төсеги тар,
Ол—да сабан қарақандай.

Қозғалғанда шылдырлайды,
Аяғына кисен салған,
Тоңып дир-дир қалтырайды,
Кийимин-де тонап алған.

Мине бир неше күн болды,
Бул қурсаўда жатқанына,
Жас жүрекке қайғы толды,
Батып ҳәсирет батпағына.

Тула бойы жараланған,
Жаўдың урған таяғынан,
Көйлегине уйысып қан,
Азап шекти аяғынан.

„Партизанды билесең—деп
Гитлершилер тергеў алды.
Сыр ашпасаң өлесең—деп
Гюнтер бираз тәсил салды.

Бирақ сырды билиў ушын,
Қыйнаса—да неше сапар,
Жигит қайыл өлиў ушын,
Дослардан ҳеш бермей хабар.

„Мәтғапыл қалдым билемен,
Иликтим жаўдың торына
Бәрибир енди өлемен,
Түскен соң душпан қолына.

Канша қыйнап өлтирсе—де,
Ар жолына тиктим басты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир әжел келтирсе—де,
Досты сатыў жарамасты!“—

Деп душпанға күшли кеги,
Тасқынланып артты қатты,
Ядтан шықпас кетердеги,
Анасының нәсияты.

„...Достың барда жаўдан қашпа,
Айтқан сертиң болсын берик,
Қолға түсseң сырыңды ашпа,
Душпанның сөзине ерип“.

„Дурыс ақыл шынында—да,
Гезлести бул мине маған,
Аңсат емес бурында—да,
Енди өлим ...эй, анажан!

Көрермен—бе дийдарыңды,
Таўсылып тур ҳәзир үмит,
Көрермен—бе досларымды,
Гезлесе—ме қыз ҳәм жигит.

Әттең Павел, Марья жаным,
Көрермен—бе енди қайтып,
Мен ғәриптиң қамалғанын,
Ҳешбир душпан бармас айтып.

Жүрген шығар ҳайран болып,
Партизанлар—баўырларым,
Я қалды—ма гүли солып,
Деп қамығар Марья жаным...“

Ыбыр-жыбыр теп-тереңой,
Орап алды тыным бермей,
Әлбетте, аңсат емес—ғой,
Билмес адам татып көрмей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлим қәўпи ойын емес,
Алды жигит суўық демин,
Адам—да жоқ берер кеңес,
Ким табады буның емин.

Қайғырсақ—та мәрттиң жанын,
Умытпайық, эй, оқыўшым,
Павеллардың жолланғанын,
Усы тутқын жигит ушын.

## XVI.

Ерте азан, ҳаўа ашық,
Қалың ағаш жар басында,
Бир топ адам ғаўырласып,
Отыр көлдиң жағасында.

Поселкадан емес алыс,
Бул отырған қандай жанлар?
Бирақ бизге бәри таныс,
Жөнеп кеткен партизанлар.

Айтып отыр сөзди бастап,
Иван, Адҳам көкирек керип,
Басқа ҳешким гәп қоспастан,
Тыңламақта ықлас берип.

Ескен желдей тарап кетти,
Душпанларға суўық хабар,
„Поселканы ўайран етти,
Келипти көп партизанлар.

—Жүзден аслам бар шамасы,
Автоматлар қолларында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәтте пушка, винтовкасы...
Куралланып келген бунда.

Аңлып турып ерең сайда,
Биразларды қыйратыпты,
Тутқын болған беккем жайға,
Жасларды да босатыпты.

Өзлери—де қырғын тапты,
Сол ақшамғы ўақыядан,
Деп—те жалған дабыл қақты,
Көзи қорқып қалған жаман.

Ол келгенниң ким екени,
Оқыўшыға аттан анық,
Бул дәслепки түн екени,
Турса керек ядта қалып.

Өшиккен жаў дүркин-дүркин,
Поселканы кетти қаплап,
Қуралланған сақшы ҳәр күн,
Барлық жолда турды бақлап.

Даўрығысып желиккен жаў,
Күнде ғаўға бәрҳа жыйын,
Көрингенди урыў, сабаў,
Пухараға болды қыйын.

Рухсат жок, өткермеди,
Сырттан келген ҳешбир жанға,
Ҳеш бир илаж етпирмеди,
Келген усы партизанға.

Турып жаслар ел шетинде,
Бул аўҳалға болды ҳайран,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Разветка жасап түнде,
Хабар алды таныс жайдан.

Ебин таўып Иван, Адҳам,
Өткен ақшам барып келди,
Сезбей қалды ҳешбир душпан,
Азлап аралады елди.

—Жолдың бәри қәўипли, жабық,
Көпирли жап шығыс жақта,
Өтиў қыйын ебин таўып,
Сақшылар жүр барлық ўақта.

Жалғыз ғана өтиў жолы,
Арқасында көл бар екен,
Көрсеңиз—де керек оны,
Әтирапы қамыс, жекен.

Жаў келгели жүрген емес,
Кеме-қайық усы көлден,
Жаў өткенин көрмеди ҳеш,
Нәрсе қатнас болмай елден.

Душпан ойламайды ҳасла,
Көл тәрептен өтер деп жан,
Мүмкинлик жоқ оннан басқа,
Жаўдың етпеўине гүман.

Шығыс бети үлкен көпир,
Буған жақын бир жекке жай,
Түнде тергеў алар Гюнтер,
Қутқарыўға тек сол қолай.

Аяптың дым қыйын ҳалы,
Ҳәркүн душпан зәўлим салар,
Жүдә ҳәлсиреди жаны,
Ишкинара алдым хабар. . .—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп коммунист Сергей ата,
Жөн-жосағын айтып берген,
Етик тигип поселкада,
Жаўдың сырын билип жүрген.

Иванлар да усы көлден,
Көп қыйналып өтип қайтты,
Қалай барып, қалай келген,
Гүрриң етип бәрин айтты:

—Өтип бизлер батпақлықтан,
Ушырастық айдын көлге,
Бир шақырым жүзип шаққан,
Зорға жеттик сайыз жерге.

Асты қопа уйық екен,
Бакатосқын былғасып тур.
Өзи қалың қамыс, жекен,
Көп мәҳәлде гезлести қыр,—

Деп айтқансоң мәни—жайын,
Келди ҳәмме бир жуўмаққа,
Гәпти енди қысқартайын,
Бел байлады жолланбаққа.

Ҳәлекленди аз-ба, көп-пе,
Көлдиң арқасында жатып,
Тапты бир қайықты шетте,
Бурынлары қалған батып.

Кептиреди тартып қырға,
Тозғақлардан тығын-тығып,
Епке келтирди—де зорға,
Жүрип кетти көлге шығып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Геўгим түсти, қас қарайды,
Бирақ еле туўмаған ай,
Паналап бир үлкен сайды,
Төрт-бес адам киятыр жай.

Әсте ғана сөйлеседи,
Бир-бирине жақынласып,
Салмақ пенен ойласады,
Ислер исти мақулласып:

—Абайсызда тил қатпайық,
Ең дәслепки шәртимиз сол,
Исти бирақ узатпайық,
Белги болсын силтесем қол.

Мине жыланның ордасы,
Адам көрсе шағатуғын,
Жанған жалынның ортасы,
Тири жанды жағатуғын.

Қорықсаңызлар айтың ҳәзир,
Ең шешиўши жеримиз бул,—
Деп те қойды етип ҳәзил,
Күлимсиреп сөйлеп Павел.

—Днослар ушын болсақ қурбан,
Оған сирә өкинбеспиз,
Кеткенинше белден дәрман.
Бир мақсеттен шегинбеспиз...

Гүрриң етип усындайды,
Келди булар аўлақ жайға,
Айланшықлап сол—ақ жайды,
Қашығырақ турды ойда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта Иван барып,
Жайдың қапысына жетти,
Кисесинен гилт шығарып,
Жайдың қулпын ашып кетти.

Соң жәмлесип кирди ишке,
Қабат-қабат бөлмелери.
Қарап турса үлкен печке,
Артында бар қуўыс жери.

Сыбырласты қысқа-қысқа,
Ҳәрбиреўи гезекпенен,
—Қайықты тап усы тусқа,
Әкелемен өзек пенен.

—Жақсы, Иван қулпыңды ур.
Деди Павел бул жигитке,
Марья жан сен ақлы да тур,
Усы туста бизди күтте.,.

Бурын булар билип алған,
Душпанлардың тергеў жайын,
Тәўекел деп күтти алдан,
Печьтиң арты болып қайым.

## XVII.

Түнги саат бирдиң ўақты:
Гестапошы келди жетип.
Есик ашық жайда жақты,
Стол тайын турган қутип.

Мейримсизлер дүньяда көп,
Ҳақ жанлардың қазған гөрин,
Басқаны жоқ етемең деп,
Сезбей қалар өлер жерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талай залым етип зорлық,
Халықтың мүлкин алды тартып.
Ақыры өзи көрди қорлық,
Көптиң күшли кеги артып.

Кейнин билмей есиргендей
Не бар сонша ақмақларга?
Бир тойғанга мәсиргендей,
Нәжис жеген ҳарам ғарға.

Гюнтерлер де соның бири,
Отыр мине түси қашып,
(Алдындағы Совет ери,
Сыр бермекши емес сасып).

Тергеў иси кетти баслап,
„Тек екеўи усы жайда"
Көрди Гюнтер қурық таслап,
Жаўда ҳийле азғантай ма?

Қабақ үйип деди былай:
— Партизанларды билесең,
Егер айтпай турсаң солай,
Азап-ақыретти көресең!

Айтсаң егер сырдың бәрин,
Боласаң өлимнен азат.
Ҳәзир бизде ықтыярың,
Жасырсаң алдыңда азап!..

Аяп буған тил қатпады,
Душпан тәсил салган менен,
Қайтарып ҳеш сөз айтпады,
Азап аўыр болган менен.

Гюнтер ашыўланып қагты,
Шаппат пенен урды басқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шекесине жаман батты,
Не илаж бар шыдамасқа.

Аяп айтты:—билебер сен,
Партизанлар жүрегимде,
Керек болса гилебер сен,
Мылжың сөздиң кереги не?"—

Деди сирә ибенбей—ақ,
Берик сақлады елдиң арын,
Жигерленди билгендей—ақ,
Қапталында күштиң барын.

Дуўшарласса айнымас дос,
Сол ғамхорың, туўған ағаң,
Басты қоссаң дос таўып қос,
Ол ўападар бәрҳа саған.

Төбеңизге түссе жақты,
Ҳәрким үйир касыңызға,
Өрлегенде адам бақты,
Көбейеди досыңыз—да.

Басыңа түскенде думан,
Достың парқы сыналады,
Көлеңкедей болса жаман,
Бултлы күни жоғалады.

Ажыралмас дос нағыз жүрек,
Не болса—да бирге татар,
Ҳәр адамға усы керек,
Жығылғанда қол узатар.

Адам жаны қалай шыдар,
Досқа душпан жәбир берсе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Денесинде болса димар,
Талпынбайма көзи көрсе.

Печь артынан байқап көрип,
Дослары көп шыдамады,
Жүрек-бауыр мумдай ерип,
Қайнап тасты намыс-ары.

Бәри бирден өрре турды,
Қанат қаққан сунқарлардай,
Гюнтер шоршып бир бақырды,
Жерге қулап түсти жардай.

Жығылды—да үни өшти,
Қорыққанынан ҳушсиз қалды,
Шықпасын деп енди сести,
Павел аўзын тақып алды.

Сақшылары сезип қалып,
Бир не болғанлығын билди,
Төртеўи—де сетем алып,
Бәри ишке қарай кирди.

Аяқлардың тасырлысы,
Олар ушын жумбақ болды,
Гюнтердиң зор бақырысы,
Бул не, билип алмақ болды.

Бирак олар ойламаған,
Бул бир үлкен ҳәдийсе деп,
Қолга усламастан наган,
Есик ашты бирден дүбеп.

Сөндирилген еди шыра,
Қараңғыда қалды сасып,
Бир екеўи тура-тура,
Кейин қашты компаңласып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билдирмекши еди дәрҳал,
Сигнал берип көп душпанға,
Павел сезип тап сол мәҳәл,
Буйрық берди Ғалымжанға.

Алып жигит автоматты
Екеўин—де гөзлеп атты,
Оқтың пәти соғып қатты,
Еки фашист қулап жатты,

Қашпақ болып кейин қарап,
Қалған екеў адым атты,
Павел дәрҳал алдын орап,
Есикти тез жапты қатты.

Сарт етип атылды наган,
Жай ишинде жарылды оқ,
Ларс етип жерге қулаған,
Ким ол, бунық мәлими жок.

Бир азырақ апыр-топыр,
Болды-да тезден басылды,
Шырпы шақса биреў жатыр.
Атқанды услап тас қылды.

Наган атқан усы сақшы,
Буларды өлтирмек болып,
Ол атқаны болды жақсы,
Өз жолдасы қалған өлип.

Партизанлар аман-есен,
Еки жаўды алды байлап,
Бири Гюнтер, бири Ҳусен,
Ал екеўи қалды жайрап.

Аўзын таңып серреңлетип,
Екеўин байлады қатар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шырмалыпты ўақты жетип,
Гюнтер—де бар, Ҳусен—де бар.

Сезип, қуўанғаннан Аяп,
Журек толқып кетти тасып,
Ўақыт—та жоқ бауырын таяп,
Көрисиўге қушақ ашып.

Өзбек Адҳам кести көрип,
Аяқтағы шынжыр торды,
Кескир әсбап сақлап жүрип,
Қырыққан ҳәтте оннан зорды.

Гюнтерди ол серреңлетип,
Бир ийнине қағып салды.
Ҳусенге—де „ҳүрмет етип“
Ғалымжан арқалап алды.

Аяп достын сүйестирип,
Павел—да тез жүрди шаққан,
Бир соқпақтан сайға кирип,
Тасаланды душпан жақтан.

Еситиўден қурал сестин,
Шуўлап душпанлар ат шапты,
Бола қалды астан-гестен,
Дауырғысып мылтық атты.

Өзли-өзи жанып-күйип,
Шағаладай шуўлап атыр,
Өз жағының оғы тийип,
Бирнешеўи сулап жатыр.

Партизанлар жүрип қатты,
Өзектен—де аман өтти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўдырып тез гранатты,
Көпирди—де уайран етти.

Иван, Марьялар қосылды,
Қайық әкеп күтип турған,
Қыздың кеўли—де басылды,
Журегинен кетип әрман.

Марья менен Аяп бирден,
Сағынышта көриседи,
Өткеннен соң қәўипли жерден,
Гүррицлесип жүриседи.

Жолға шығып Аяп минди,
Таяр турған жалғыз атты.
Қол таңыўлы еки бенде,
Мантаңласып келе жатты.

Жерге жақты нурын берип,
Ай сәўлеси жарқырады,
Шадлыққа болғандай шерик,
Алтын жулдыз жалтырады.

Таўдан төмен атылады,
Гүмис булақ сыңқылдасып,
Сайрасады, шақырады,
Түрли куслар жуўқылдасып.

Ертеңине болмай ҳеш булт,
Жадырап кетти нурланып күн,
Майданшаға жыйналды журт,
„Суд болады, десип, бүгин“.

Халықтың кеги күшли толқын,
Басып өтер ҳарам шөпти,
Гюнтер, Ҳусенлерди сол күн,
Атылыўға ҳүким етти!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтти ўақыт, келди гезек,
Самолетлер қаплап көкти,
Жаўынгерлер қурал ғезеп,
Құдиретли күш келип жетти.

Танк, пушқа қатарласып,
Қатюшадан атылды оқ,
Жаўлар дүркиресип қашып,
Кетти ығын-жығын топ-топ.

Бирим-бирим тазаланды,
Елдиң аўыл қалалары,
Халық алдында жазаланды,
Фашистлердиң малайлары.

Эй, оқыўшым, геройларым,
Сорап бәлки қайда десең,
Көп ишинде көр оларды,
Қосылысты аман-есен.

Гүреслерин даўам етти,
Қолларына алып қурал,
Алға қарай жүрип кетти,
Арасында Аяп—та бар.

Сол кетистен жаўды айдап,
Талай қалаларға барды,
Берлинге—де қадап байрақ,
Фашистлерден алды арды.

Небир қыйын қәўипли жерден,
Бул—да аман-есен өтти.
Өңирине толып орден,
Мурат-мақсетине жетти.

Желиккен жаў айға шаўып,
Масайраса өши бардай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақыры өз пейлинен тауып,
Қацсылады қасқырлардай.

Қанхорлардың әламаты—
Пыт-шыт болып, жайнады күн,
Мине, бул=да кәраматы,
Уллы Октябрь байрағының.

## ЭПИЛОГ

Темада көп тәриилессең, жырласаң,
Тәбийғатты жанландырған дүньясаң,
Өмир ушын гүрес сазы жаңғырған,
Ўақыяның түби тереқ ойласам.

Қуўанышқа талай қайғы қосылған,
Көшкен булттай серпилгенсоң тусымнан,
Ҳәзир мине бәри умыт болып тур,
Небир күнлер өткенменен басымнан.

Қаплағанда айналаны сур думан,
Дослар болды жақты сепкен меҳрибан,
Жүрегиме тынышлықты орнатты,
Умытарма кеткенинше дүньядан!

Ўападарлық тозбақ емес удайы,
Дослық нағыз руҳымның қудайы,
Пушкиндей—ақ табынаман мен соған,
Көрсем достың шоқтай ысық шырайы.

Сөйтип, қыял бундай исти толғады,
Көп жыл өтти сол ўақыя болғалы,
Мәрттиң иси халық аўзында сақланған,
Еситкенде руҳымды қозғады,

Өз аўлымдай сайран еттим шынында,
Азат болып қырық үшинши жылында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Және гүлдей көркемлигин арттырып,
Сән-салтанат орнап қалған Қырымға.

Көп симирдим, палдай ширин ҳаўасы,
Әтирдей-ақ бурқырайды гиясы,
Роман-Көш[1] көкке бойын созбақта,
Мен дегендей жүз әсирдиң гүўасы.

Арзыгүл қыз суў жағасын кешип тур,
Үлкен айыў теңизден суў ишип тур
Түслигинде бир нәҳән дәў түнерип,
Көлеңкеси әтирапқа түсип тур.

Бирақ анық қарап турсам тексерип,
Тәбийғаттың өзи қурған естелик,
Елдиң жаңа салтанатын көргенде,
Бурынғының бәри қалған ескирип.

Көрдим барын Бақша сарай фонтанын,
Герейлердиң[2] қанлы қылыш, қалқанын,
Билдим сонда қасқырлардай мал талап,
Урлық пенен сулыў таңлап алғанын.

Бир заманда түрклердиң фираты[3],
Ел шабыўда мәлим болған „гайраты",
Желиккенниң ҳүррелерин ушырган,
Ушаковтай батырлардың айбаты.

Не ҳәдийсе болмады бул Қырымда,
Қырым ушын талай қанлар бурында,
Төгилипти,
Қурбан болган не жанан,
Елди, халықты азат етиў жолында.

---

1. Роман-Көш—Таўдың аты.
2. Герейлер—ески замандағы Қырымды бийлеген ханлар.
3. Фират—теңиз урылары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келдик-те бир естеликтиң қасына.
Гүл усынып қурбанлардың басына,
Турған ўақта, зуўлап келип тоқтады,
Бир қыз минген сулыў жеңил машина.

Шығып гөззал сүп-сүйкимли түс пенен,
Гүлин қойып сәлемлести бизбенен,
Бир азырақ турғаннан соң танысып,
Аўылластай ийкемлестик қызбенен.

Аты-жөнин сорастырсақ сулыўдың,
Студенти болып шықты МГУ-диң,
Жарқын жүзли алма мойын, қәлем қас,
Ардақлысы болса керек бирсўдиң.

Бизлерге-де ара-тура көз тигип,
Естеликке қарай берди ынтығып,
Бир ўақытта нәзер етип қарасам,
Көзинен-де кеткен екен жас шығып.

Мәҳәлинде салып жаўға ўайранды,
Елге курбан болып жанын қыйғанды,
Зияратлап келген екен,
Бизлерге,
Айтып берди соның бири Иванды.

— Халықтан туўдым, халыққа хызмет етемен.
Жаным саўда елдиң арын күтемен,
Нәмәрт болып жасағанша, дүньядан,
Мәртлик пенен курбан болып кетемен-

Деўши еди, айтқанлары ядымда,
Сондай ерлер турған мынаў алдыңда,—
Деп бизлерге түсиндирди жас гөззал,
Шағырайған шаңқай түстиң шағында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәслеп соннан таныс болдық биз бастан,
Ўақыяның бәрин айтты қыз бастан,
Уәде бердим: Клаража н сөзиңди,
Қалдырмаспан китап етип жазбастан...

Аяп пенен яр дос едик бурыннан.
Хабарым жоқ бирақ бундай сырынан,
Павел менен Клаpалар тәриплеп,
Соннан кейин орын алды жырымнан.

Аяп айтты текте барын келгенин,
Көрген едим өңиринде көп орденин,
Мен билемен Марья менен қосылып,
Жаңа жердиң атланысында жүргенин.

Басшы хызмет атқарып жүр ол жақта,
(Өткен жылы болдым сонда қонақта).
Марья жеңгей агрономы совхоздың,
Анасына келип-кетер ҳәр ўақта.

Клара-да алып турған хат-хабар,
(Жас болса-да өскен күнлер ядта бар).
Аўыр ҳалда жалғанысқан жүректиң,
Ыссылығы өмир ишре сақланар.

Павел завод директоры бул жақта,
Адҳам менен Ғалымжанлар узақта,
Ферғаналы, Көкше таўлы болса-да,
Тәғдири бир, жүрек жақын бирақ-та.

Талай сыннан өткен дослық айғағы,
Тең гүллешер қала, аўыл-аймағы,
Бир семья, Ўатан шерик, жолы бир,—
Көтергени Октябрьдиң байрағы.

*1951-1957-жыллар.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Бул шығарманы мийирман ана, туңғыш устазым болған Ханымхан Төремурат қызына естелик ушын арнайман.*

*Автор.*

# МӘКӘРЬЯ СУЛЫЎ

## ПРОЛОГ

Қарасам мине тикжарда турып,
Қыялды сонша тартады неге:
Жулқынар Жәйҳун ылғалды урып,
Қуйындай ыққа ағылар кеме.

Бириниң изин бирсўи қуўған,
Ойыншы қыздай таўланар ағыс,
Ағыстан мыңсан ийримлер туўған,
Доланар жасыл кийинген жағыс.

Белгили сүўрет: көк-жасыл, ағы,
Өзгертпес дәрья әзелги түрин,
Келемен қайта, қарайман тағы,
Көргенмен талай буннан ҳәм бурын.

Баяғы Жәйҳун, бурынғы ағыс,
Жуз жылдан кейин көрсең де солай,
Әйемги гия, әйемги жағыс,
Қәдимги дәрья, қәдимги тоғай.

Мың-мыңлап өткен әсирден бери,
Таўыспас ҳаслан толқыған күшин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талай бир жанның қараған жери,
Жоғалтпас дәрья бастағы түсин.

Шынында солай емес-аў бирақ,
Мәңгилик болып көринер көзге,
Байқасам егер анықлап қарап,
Қас қаққан сайын ағысы өзге.

Бир дене болып турса да туўлап,
Ағыстың орнын ағыслар басып,
Нәўбетин күтип келеди зуўлап,
Алдынғы ағыс кетиўден асып.

Биреўи келип, биреўи кетип,
Ағылған ағым сездирмес өзин.
Издеги менен толады кетик,
Алдайды сөйтип адамның көзин.

Гия да гүзде қалады солып,
Жасыл шөп гүллеп, жайнайды бәҳәр,—
Тұқымнан өнип қайтадан толып,
Мысалы сондай аўыл ҳәм шәҳәр.

Өмир де ағыс булқынған мудам,
Баяғы келбет, баяғы көрки,
Көрсең де қашан түп-түўел адам,
Қайғылы жылаў, шадлықлы күлки.

Көринген қыймыл көңилге таныс,
Ағылған ағым қайтпайды өрге,
Жылжыған өмир мысалы ағыс,
Не ҳасыл дене қосылды жерге.

Биреўдиң орнын басады биреў,
Тоқтаўсыз ағым аспанның асты,
Туўылған бөпек-өмирге гиреў,
Қаррылар кетсе, қалдырып жасты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәўбетин өтеп кетеди тағы,
Шалқыған өмир-өткинши қуйын
Күлсе де қарап дүньяның бағы,
Мийманның узақ турмағы қыйын.

Көшеди кәрўан тоқтаўсыз зуўлап,
Толады орны тартса да курдым.
Қурдымға кетсе әдепки әўлад,
Кейинги кәрўан билдирмес орнын.

Толқынлар туўлар оннан да бетер,
Бар еди атам, бар еди бабам,
Бабамның ойын әўлады өтер,
Гезегин берип кетипти маған.

Өзим де гезек беремен жасқа,
(Көринер ҳеш ким кетпеген болып)
Бул дүнья солай дүзилген баста,
Жердеги адам дәрьядай толық.

Өр көнил патша, айбатлы батыр,
Бәрин де жулқып тартыпты қурдым,
Мыңлаған қала сүлдери жатыр,
Арасын қаплап Жәйҳунның, Сырдың.

Тарийхы-теңиз Жәйҳунның, Сырдың,
Туран деп бурын атапты атын,—
Түркестан екен бул ата журтым,
Жутыпты сансыз өмирдиң татын.

Көрипти қанша желиккен жаўды,
Жарқылдап найза, сартылдап қылыш,
Неше бир сапар жеңис те таўды,
Билекти бирақ талдырған урыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аҳурған талай қоныстан тайып,
Қаңбақтай елди айдапты самал.
Әйдәрҳа жаўлар зәҳәрин жайып,
Ақырып келип етипти қамал.

Залымлық сирә қурталмай елди,
Перзентлер өсти анадан дөреп,
Минекей жаңа дәўранға келди,
Сандығын сырдың ашпағым керек.

Әсирден әсир қызылқум шөлин,
Қақ жарып сансыз ағылған кәрўан,
Өзиниң көрип, еситкенлерин,
Бирине-бири жеткерип барған.

Неше бир сөзлер тарады елге,
Аралдан ескен самалдай болып.
Өтипти сансыз ақыллы ер де,
Сөзлери-тири, қалса да солып.

Кәстерлеп ятта сақладым бирин,
Жаныма азық сезилди маған.
Өрмегин тоқып әсирлер бурын,
Жүректиң сазын шертипти бабам.

## I

„Арал әтирапындағы бул саҳра қәўимлериниң бирлигинен қарақалпақлардың өз алдына толық халық болып қәлиплесиўи VIII-IX әсирлерде басланды“ (Тарийх бетлеринен).

—Бағдат деген шәҳәр,—дейди бирпара,
Сол қалаға ҳәким екен Дәўқара,
Ғәзийнеси-тилла менен зер дейди,
Малларына толы болған таў-дала.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызылқумда қойы менен түйеси,
Шапқыласқан жылқы менен бийеси,
Көл бойында қумырысқадай қара мал.
Бир Дәўқара-барлығының ийеси.

Шын, Йонан ҳәм Ҳиндистанда кәрўаны,
Жалтылдатып сүрген неше жорғаны,
Алақайыс, жипек жона, алтын ер,
Сулыў сүйип шалқып өткен дәўраны.

Есигинде хызмет еткен мыңлап қул,
Булақ болып келип турған зырлап пул,
Кәрўан менен саяхатта ел гезип,
Ара-тура кеткен екен жыллап бул.

Бир жағынан саўдасын да үлгерип,
Бир жағынан танысады ел көрип,
Жаслайынан шатыраш ойын үйренген,
Билгенлерге аянбастан пул берип.

Үйренген соң мине усы әдетти,
Ойын менен көңлин бәрҳә шад етти.
Шын, Йонан ҳәм Ҳиндистанның елинде,
Талайларды ганжылдырмай мат етти.

Ҳеш биреўди келгирместен қайымға,
Қайда жүрсе ыптық усы ойынга,
Бунның менен ҳәл сынасар шықпапты,
Жәйҳун, Сайҳун, Зерабшанның бойында.

Сынасқанды жеңип шығар, шар жықпас,
Байлығына ҳеш биреў де пәр шықпас,
Дәўқараның бар тағы бир байлығы—
Мал-дүньяның барлығынан артықмаш.

Болса да ол перзенттен тек бир қызы,
Сол-иргениң жарқыраған жулдызы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүл көркине тең келмепти ҳеш бенде,
Буннан артпас бейиштин де ҳүр қызы,

Байлық ушын жомәртлик те бир сын-ғой;
Туўылғанда берген екен қырық күн той.
Ат шаптырып, алтын губбақ аттырып,
Сарп етипти бир мың жылқы, бес мың қой.

Ҳәмме халыққа палаў тартып, мал сойған,
Ғәрип-қәсер мәпленипти сол тойдан,
Жасы үлкен уламалар жыйналып,
Перзентине Мәкәрья деп ат қойған.

Өсе келе журт таңланды сыртынан,
Дара шықты ели менен журтынан,
„Болар бала бес жасынан белгили",
Мин табылмас шырай менен қулқынан.

Төрт жасында үйренипти ҳәрипти,
Бес жасында китап оқып берипти,
Алты жаста мәни берип „изҳиўге",
Шәкирт болып улықларға ерипти.

Алымларды алдыртыпты алыстан,
Араб, парсы, қытай, йонан, орыстан.
Он муғаллим оқытыпты бир қызды,
Ҳәр бир устаз өз пәнине жарысқан.

Қыздың зейни таң қалдырды халықты:
Жети журттың тилин билип алыпты,
Жетер жерде китап қоймай ақтарып,
Илим менен көрген екен жарықты.

Оқып жәбир, пәләкияг сабақты,
Билим менен өсирипти қанатты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Калийланы“, „Шаҳнаманы“, „Кабусты“
Оқыйғойса, кирпик қақпай таң атты.

Юсуп пенен Зилийханың дәстаны,
„Ләйли-мәжнун“ киби талай қыссаны,
Оқығанда ой толқыны шарықлап,
Жердиң жүзин гезип жүрди жас жаны.

Жүрек нуры сәўлеленди бийик дым,
Миисиз соққан тутқасындай ийиктиң,
Еки көзи жарқылдаған от болып,
Лаўлап турар жанарындай кийиктиң.

Бурымлары таўдың қара жарындай,
Ақ денеси қысғың таза қарындай,
Узын бойы дийдарына қонымлы,
Ҳүр Қырымның өскен сәрўи талындай.

Мыйық тартса жалт-жулт етип дүр тиси,
Шырайына-шырай қосар күлкиси,
Күн нурындай уялтады көзлерин,
Тикке турып қарай ғойса бир киси.

Тәбийаттан келтирилгел сый анық,
Ҳәмме сулыў келтирилсе жыйылып,
Ләйлә менен Зилийхалар болса да,
Турар еди Мәкәрьядан уялып,

Байлық қызды есиртпеди, билим көп,
— Кел қурдаслар қыдырайық, жүриң-деп,
Ҳеш жарлының қызын төмен санамай,
Тең көреди қушақ ашып, күлимлеп.

Жәмленисип барар гейде бағына,
Шомылады терең ҳаўыз жағына,
Көлде жүзген ақ қуўлардай таранып,
Гүл ишинде сайран етер тағы да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи сондай көркем өскен гүл еди,
Даңқын жасған пүткил Туран биледи,
Мыңсан жигит сырттан ашық болса да,
Айтырыўға даўамады жүреги.

Кийингени-ылгый ҳасыл мапарман,
Бул гөззалды яр тутқанға не әрман!
Бай бир күни мың түйеге жүк артып,
Мәкәрьяны қалдырмапты сапардан.

— Көрер көзим, мәпеледим, тербеттим,
Дәмин таттың илим деген шербеттиң,
Мениң менен қыдырып қайт ел көрип,
Он жетиге жасың келип ержеттиң,—

Деп қыялын айтып берди биримлеп,
— Жақсы құрдас болса ертип жүриң,-деп,
,,Қуп "орнына алтын сырға жың, етип,
Әдеп пенен жалт қарады күлимлеп.

* * *

Таң сәҳәрден ел қоразы шақырды,
Мәзинлерде азан айтып бақырды.
Қызыл нарға бөгенекше орнатып,
Төбесине қурды ала шатырды

Жыйналғандай гүздиң алтын қырманы,
Жаңландырып сырнай менен нуғраны.
Жоллық берип қуўанышлы тилекте,
Ҳақ жол ушын узатылмақ кәрўаны.

Сыңғырласқан тилла ҳәйкел, өңирмоншақ,
Жылтыр шытақ, алтын шашбаў, зер шашақ,
Ҳалқа сырға, әребекли қызлар жүр,
Көк саўырлы жез өкшелер жер қашап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Булгтай дөнип арқасында бурымы,
Теңге шашпақ жеңгелердиң ырымы.
Секирип жүр желкилдескен айдарлар,-
Өспиримлер жаўдырасқан гулымы.

Кемпирлер жүр: алып кет,-деп дуўамды,
Мәкәрья қыз сапарына қуўанды,
Ериккенде ермек ушын минер деп,
Нар қасына алды жорға ғунанды.

Кәрўанлардың қоңыраўы қағылды,
Нарлар алға жылыслады, ағылды,
Теңиз бойлап, Қаратаўды жағалап,
Қуяс пенен қуўалады сағымды.

Кәрўан басы жер төтесин қолайлар,
Елде қалды тилек айтып талайлар.
Бара-бара жасырды өз бойларын,
Шәҳәрдеги мунар, мешит, сарайлар.

* * *

Қуйын уйтқып ҳәп жыланға уқсап тап.
Шыйратылып озып өтер қустан да,
Жалтылдаған күн сәўлесин қушақлап,
Жердиң шаңын ала қашар аспанға.

Шапшып ойнап ақбас толқын ишинде,
Жалтырап тур теңиз арқа батыстан.
Шаңқылдасқан шағалалар үстинде.
Үйрек, ғазлар ғаңқылдасар алыстан.

Бежирейген биргазанлар дизилип,
Әўдийисер ығып жүрген атаўдай,
Бир-бирине басын қағар сүзилип,
Толқынларды ескермеген аңқаўдай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аппақ қуўлар қанат қағар сынқылдап.
Шыңқобызға қызлар шерткен намаша,
Өпепеклер басын ийзеп мыңқылдап.
Көклем көрки-өз алдына тамаша,

Төбешикке жылыслады бийиклеп,
Үңгирлер тур аўызын ашып жайындай,
Дүркирескен қулан менен кийик көп,
Дәўқараның өрис толы қойындай.

Дизбекленген нар түйелер сабылып,
Бийшаралар қалды қанша азапқа,
Неше күнлер, неше түнлер жамылып,
Жүкли кәрўан санар тартты узаққа.

## II

„Қарақалпақлардың рузгершилигинде саўда зәр әҳмийетке ийе еди... Қарақалпақлар мыңлаған түйелерге жүк артылған кәрўанларын Россияға да жөнелтип турды“.

*(Тарийх бетлеринен.)*

Еменли қайың ырғалып өскен,
Қарағай бийик бултларды тескен,
Сирескен қалың орманлы тоғай,
Гей жери-шәҳәр, орнасқан сыбай.

Қаладан өтсең, тағы да орман,
Гей жери-аўыл, гей жери-қорған.
Шалқыған дәрья, буркыған ағып,
Туўлайды Едил дабылып қағып.

Тамырдай тарап ыққыған сала,
Дәрбентте бәлент бир уллы қала.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрьяда гирес ағылған қайық,
Көлдеги қуўдай қанатын жайып.

Жел менен ойнар желбиреп желқом,
Зуўлаған ағыс соғысқан толқын,
Сермейди ескек биреўлер ыққа,
Жүклерге толы кемелер лыққа.

Биреўлер кетер өр жаққа қарай,
Салдаўлар тартып огыз-қырық малай,
Шомылып жазда моншақтай терге,
Ушанлар сүйреп жылысар өрге.

Бир жери-көпир, бир жери-дарға,
Жолларда зырғып телеген арба,
Булқынған бедеў шапқылап басып,
Басларын нуқып баратыр асып.

Қайнаған өмир, быжнаған адам,
Дәрьядай тасқын ҳәрекет мудам,
Шәҳәрдиң иши созылған көше,
Биреўи-дуўры, биреўи кесе.

Төсепти шебер шағырлы тасты,
Айнала гилең ормаиның асты,
Көшелер шети жап-жасыл дарақ,
Мәкәрья турар ынтығып, қарап,

Ш ҳәрдиң турқы-шоққыдай бийик,
Мунарлар турған куясты сүйип,
Алтынлы гүмбез, жарқырап сарай,
Бойларын созған аспанға қарай.

Сап тартып турған тиллалы жайлар,
Жармөнке толы дүканлы байлар,
Қамасар көзлер мың түрли затқа,
Саўдалар гүжип кетип тур қотқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арзамас дейди шәҳәрдиң атын,
Дәўқара байдың апарған затын:
Қаракөл, жипек, гүриш, қуў пәрин,
Ғалы, жүн, тери-қалдырмай бәрин,

Көрнўден жылдам жыйналып халық,
Азайтты кем-кем таласып алып,
Қайырлы саўда шалқытты байды,
Қонақ үй еткен бир ҳәсем жайды,

Қызына унап орыстың жери,
Үйренип қалды келгеннен бери,
Унатты бунда елиниң салтын,
Жат көрмес жанды орыстың халқы.

Мәкәрья қызда келбетли тулға,
Қулаққа таққан ҳалқалы сырға,
Алтынлы шытақ жарасқан жасқа,
Сәўкеле-маржан жалтырап баста.

Шығады гейде салтанат дүзип,
Дәрьядай таза ҳаўасын жүзип,
Дослары менен етеди сайран,
Көргенлер сырттан болады ҳайран.

Бир күни турса сол қонақ жайда,
Бир орыс қызы болыпты пайда,
Узатқан екен ионанлы қызды,
Мәкәрья менен татысты дузды.

Бирине бири көринди ысық,
Алысты әлпи қолларын қысып,
Отырды бираз булғарша сөйлеп,
Саўғаға берди шатыраш көйлек:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоқылған қоса жипек ҳәм пахта,
Түр-түси мысал шатыраш тахта.
— Усындай тауар шығады қайдан?
— Людмила қарап болды да ҳайран.

Иркилип турды уялып алмай,
Жалынды булда изинен қалмай,
— „Подарка моя“, орысша айтты,
Сонлыққан ол да пикирден қайтты.

Шатыраш көйлек оған да унап,
Кийгизди досты беллерин қынап,
Бириниң бири жүрегин билип,
Дәлкек те айтып, сөйлести күлип,

Мәкәрья жаста алғанда билим,
Үйренген еди орыстың тилин,
Жатлығып кем-кем болыпты каныңқ,
Пикирин толық билдирди анық.

Ҳәр бири билген гәплерин айтып,
Людмила үйге кетсе де қайтып.
Келип те турды қурдасын қыймай,
Өзи де сауға әкелди сыйлай.

Қатнасып жүрди еки-үш күнде,
Гей-гейде қонып, жатады түнде,
Бир күни келди телеген алып,
Шомылып қайтты дәрьяға барып.

Людмила билди Мәкәрья жайын,
Айтпады өзи жарлысын, байын,
Мәкәрья оның турмысын сорап,
Миясар көрмес бериуге сорақ.

— Бул жерден зәрре тек узағырақ,
Үйиме мийман болыңыз бирақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таныссын Сизге бизиң де ирге,
Қәнекей атаң барғанда бирге!-

Деп мирәт етти достына талай,
Мәкәрья бирақ узаққа қарай,
Кетпеди өзи, урықсат алмай,
Көрермиз бенен жүр еди бармай.

Людмила бирде айтыпты буған:
— Паромон деген бар жалғыз агам,
Асты тек быйыл жигирма жастан,
Көңили-дәрья, жигери аспан.

Кишиге-үлги, үлкенге-шырақ,
Жақынын мақтаў-айыплаў бирақ.
Илимге қапып теңизин жүзген,
Мақтайды ҳәмме басқа да бизден.

Ойнаса егер шатырыш ойын,
Қалдырмай утар Едилдиң бойын,
Талай бир жанды жеңгенде утып,
Қуўандық бизлер мақтаныш тутып.

Таңлантты оны сиз берген көйлек,
Былай деп айтты таңланып сөйлеп:
— Тоқыған буны қайсындай шебер,
Шеп болмас еди көриссем егер.

Ериси—жипек, арқаўы—пахта,
Нагысы нағыз—шатыраш тахта,
Билгенге қымбат—көйлектиң қуны,
Шеберлик пенен тоқыған буны.

Шатыраш шайы—келискен сәни,
Сызығын қара, бар үлкен мәни,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп оның сонша ықласы кетти,
Сауғаңыз мени абырайлы етти!

Анам да көрди таңланып қарап,
Сизди де сырттан қояды сорап.
Айтып бер достым, көйлектиң сырын,
Сизлерде шатыраш болған ба бурын? —

Деп бираз сөйлеп, берипти сорақ,
Күткендей жуўап тигилип қарап,
Қундыздай дөнип жүзиктей қасы,
Жел менен ойнап алтындай шашы.

Ақтарды солай иштеги сырды,
Мәкәрья бираз ойланып турды.
Анардай дөнип қубылды түси,
Сәдептей аппақ жарқырап тиси.

Екеўиниң де жүзлери жайнап,
Көзлери турды күлимлеп ойнап.
Уялып зәрре турды да тоқтап:
— Сауғаны бийик асырдың мақтап.

Үлкейттиң достым асықтай затты,
Турмайды сирә мақтаўға қатты.
Сиз айтқан сөзге уялып турман,
Сизлердей дosқа жаным да қурбан.

Үйренген едим ананың жолын,
Тоқылған шатыраш—өзимниң қолым.
Кийеди бизде шатыраш көйлек,
Атын да оның атайды сөй деп.

Улықлар ойнар шатыраш ойын,
Естелик болсын деп еди ойым,
Сүйкимли сауға еткенмен досқа,
Мәни жоқ онда усыннан басқа.—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди де достын қушақлап сүйди.
— Ал енди оны қояйық,—дейди.
Жетиклеў билсе орыстың тилин,—
Өзине үлкен санады билим.
Ҳәр күни гилең сөзликлер жазып,
Жыйнады кем-кем билимге азық.

### III

Гәпти енди шубалтпайық алысқа,
Оңашада ушырап қалған еки жас,
Түн ортасы, жарқырап тур паныс та,
Қыз ҳәм жигит ойнап отыр шағыраш.

Жақын жайда гүбирлескен даўыслар,
Буған келип ҳеш бир селтең берилмес,
Ойында да ышқы менен намыс бар,
Қолдан келсе ҳеш бир адам жеңилмес.

Айдай ашық терезениң ишинде,
Жипек самал желпип өтер бетлерден.
Шешек ағып жазғы түнниң кешинде,
Жупар гүлдиң сап ҳаўасын жеткерген.

Қыз жигитке көз астынан қарайды,
Қаршығадай қыялланған наз бенен.
Уўылжыған полат дене, шырайлы,
Таў бүркиттей жигит отыр қыз бенен.

Бир-бирине мыйық тартып күлимлеп,
Уялшақлаў қыямайлап қарасқан.
Ара-тура:—Ал енди Сиз жүриң—деп.
Әлипайым сөзлери де жарасқан.

Қалайынша гезлести бул еки жас,
Орыс жигит, Азияның дилбары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўи де жарасықлы қәлем қас,
Бир-биринде көзлериниң қумары.

* * *

Әўелден жигит баслап шатыраштьі,—
Жүристиң нөкер менен алдын ашты.
Биреўин қыз да қарсы айдағанда,
Кейинги алдыңғының изин басты.

Зымырап аға әскер алға асты,
Душпанның нөкерине араласты,
Қыздың аты қыялап секиргенде,
Жигиттиң сәркәрдасы тура қашты...

Солайша кете берди гүрес қызып,
Жорықтың биреўинен бири қызық,
Ат, топ ҳәм аламанға лыққа толы,
Саўашқа майдан болған ала сызық.

Қозғайын енди гәпти сөз басынан,
(Оқыдым бурынғының жазбасынан),
Бул жерде Мәкәрьяны көрип турсыз,
Қәпелимде биреўлер жеңеди деп.

Бай жүрген ойыншы—тек „мен еди“—деп,
(Өзиниң де тилеклес көмеги көп)
Ойлаған емес еди ҳеш ўақытта,
Қалай шатыраш ойнады қыз басынан?

Өз елинде мақтасар бул жетикти,
Хан менен беклерге де үйретипти,
Ойнаўға ҳеш бир жүрек даўамастан,
Дәўқараның алдында ийбетипти.

Қызып кетсе ойынға өли қумар,
Мардыйып отырады тасып димар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әўелден өз-өзине исенгендей,
Ойынның ақырында жеңип шығар.

Келген соң да Арзамас қаласына,
Ўақыт таўып саўданың арасында,
Талай менен шайқасып, күш көрсетип,
Тамаша таң қалдырды ырасында.

Сонлықтан, өз көңилин әйледи шад,
„Шатырашқа жетик“ деп көгерди ат.
Әттең бирақ жас ғана орыс жигит,
Буны бир күн сулкыйтып етипти мат.

Қайталаса тағы да утты саспай,
Бул намыс Дәўқараға тийди тастай.
Жаўқылдап журетуғын ашық минез—
Булт болып түнерипти қабақ ашпай.

Уқсайды шаршап-талып болдырғанға,
Аўырыў-уўыз-уйын талдырғанға,
Өзине бундай тәсир етпес еди,
Урыға алтын-зерин алдырғанда.

Гезлестирди усындай патыратты,
Дуз-дәм татпай еки күн үйде жатты.
Мәкәрья айтпаса да билген екен,
Атаның мийзамынан оқып хатты.

Әлпинен—ақ бул истиң бәрин сезген,
Соңынан сорастырып билди тезден.
Қолына китап алып оқып берди,
Бурынлары жазылған нақыл сөзден:

„Жеңилмес адамман—деў мақул болмас“
„Утылса, өзин хорлаў—ақыл болмас“.
„Адам гейде жеңеди, жеңиледи.
Дуньяда оқ өтпестей батыр болмас“...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тымсаллап китап сөзин билдирипти,
„Шаҳнамадан“ мысаллар келтирипти,
Еркелик назы менен, сөзи менен
Атасын шақақ атып күлдирипти.

— Яқшы мен арсынғанды қойдым,—дейди,
Жүрегиме дәридей тийдиң,—дейди,
Шынында сонша неге ойландым,—деп,
Дүр силкинип түргелип, кийим кийди.

Сонлықтан қыз қуўанды алақайлап,
Соңынан былай деди бир ис ойлап:
— Қәйтеди Сизди утқан киси менен
Сынассам бир сапарға өзим ойнап?—

Деген сөзге атасы болды ҳайран:
„Үйренди шатырашты қызым қайдан?“
„Ақыл жастан жыйналар“ деген сөз бар,
Бурынгылар билген-аў усындайдан.

Я бир турмыс теңизин жүзген емес,
Бурыннан ҳеш бир елди гезген емес,
Үлкен менен шатыраш ойнағанын
Ҳеш ўақытта жүрегим сезген емес.

Тек ғана ақшамында жанып шыра,
Қызлар менен ойнасып ара-тура,
Ермек етип жүр ғой деп, көңил бөлмей,
Менсинбеген едим-аў буны сирә!

Мен енди өкинбейин оның ушын,
Ырайын қайтармайын етип қысым,
„Күш атасын тыңламас“ деген сөз бар,
Сынасын көре берсин ақыл күшин“—

Деп ойлап, шақыртқан соң келип байға,
Жас жигит киргизилди аўлақ жайға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тулғасы Ўристемдей келип қалған,
Түси уқсас жарқырап туўған айға.

Жас болса да дәў менен алысқандай,
Айбатлы омыраўы арыслаңдай.
Күлимлеген көркине жарасықлы
Сымбаты Юсип пенен жарысқандай.

Ҳасыл бешпент кийинген сәдеп пенен,
Иси жоқ жыртақлаган әдет пенен,
Сөйлегенде далаға ылақпастан,
Мәнили гәп айтады әдеп пенен.

Паромон деп билдирген еди атын,
Айтқан жоқ оннан басқа ҳаслы-затын,
Дәўқараның өзи де ардақлады,
Хош минез, супайылық салтанатын.

Көриўден—ақ ықласы кетип еди,
(Дәўқара орыс тилге жетик еди),
Тек оны шатыраштан утқанлығы,
Шамалы өңменине өтип еди.

Сонда да жүзи жайнап күлимледи,
— Бәрекелла, хош келдиң улым!—деди.
Әлпи алысқан мазалы сөзлеринен
Ийнедей жатлық белги билинбеди.

Гей қаргларда әдет ғой—адам бақлаў,
Хәтесин айтпай гейде иште сақлаў,
Паромоннан курттай мин табылмайды,
Мәзи жаслық минез бар уялшақлаў.

Көргенли өскенлиги аттан анық,
Аз болса да сөзине қалды қанып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәкәрья перииттедей жалт еткенде,
Лал болып қалды жигит естен таныл.

Умытып жер—жаҳанды, дүнья-малды,
Бир от шарпып жүрегин қыйнай қалды.
Түс көрип оянғандай мең-зең болып,
Ес—ақылын күш пенен жыйнап алды.

Өскен қыз ҳеш ўақытта сағы сынбай,
Таранған Күншығыстың таўысындай,
— Сәлем,—деп аппақ тиси ашылғанда,
Лапызы сыбызғының даўысындай.

Жүзинен сездирмеди ишки сырын,
Жигиттен хабары бар еди бурын.
Людмиланың ағасы екенлигин
Билип алды, басқасын коя турың.

Атасы тайынлады бөлек жайды,
Гей—гейде жеткизипти аўхат—шайды,
Екеўи алаң болмай ойнасып деп,
Өзи де қапталына жуўымайды.

Байдың турған үйиниң еди қасы,
Басланған усылайынша ойын басы.
Тық-тық етип гүмилжи еситилер,
Қыз,—жигит гезек—гезек көшкен тасы...

— Тағы да ойнаў ушын келемен бе?—
Депти жигит минерде телегенге,
Перизат ыштық пенен қарап қалды,
Қос тулпар алға сүрип жөнелгенде.

— Қәлесең, есик ашық ҳәр күн сайын,—
Деп узатып жигитти қалды байың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түн жарпында досларын жәмлестирип,
Аспанға шыңғытыпты малақайын.

— Шадлыман, шүкир!—деди көпке қарап,
Қуўанышқа тартылды гүлгин шарап,
— Мәкәрья қыз жетикти жеңипти!—деп
Аўыздан аўызларға кетти тарап.

Хоширей мәнзереден алған бәҳәр,
Көшелери жаңлаған ҳәсем шәҳәр,
Мәкәрьяны үйиндей әлпешледи,
Жатсынып жүрсе де ол келген мәҳәл.

Тилесе, не кереги табылады,
Әлбетте туўған журтын сағынады,
Сонда да ел сағынған сағынышы
Бундағы тамашаға бағынады.

Табылып Людмиладай неше қурдас,
Үйренип палдан татыў болды жолдас,
Көрмеген қызықларын көриў ушын,
Қыдырып, көбинесе үйде турмас.

Ат жегилген телеген зымырап әсте,
Қоңыраўын сыңғырлатып келер кеште,
Қыз қуўанса атаға бәзи-байрам,
Гүманлы пикир сирә түспес еске.

Еске алмас қызының ержеткенин,
Ыссы самал жүрегин тербеткенин,
Ашық оты денени каплап алса,
Пайдасы жоқ екенин емлеткенниң

Билмейди өз қызының әрманын да,
Сумлық жоқ пикирнинң карманында.
Сезбепти Паромонның қарындасы—
Людмилага қонаққа барғанын да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайранлап жасыл орман қыры—ойын,
Сазлар менен жаңғыртып дәрья бойын,
Ақ билек сүйиклиге шырматылып,
Қайдан билсин жүргенин салып ойын.

— „Келгели еки айдан өтти асып,
Мәкежан усы күнде неттиң азып?
Ел сағынсаң қайтамыз, шыда"—дейди.
Байқамастан кеткепин қолдан қазық.

Бар дейдиги—базарға нәзер салыў,
Ўәжлерди қымбат сатыў, арзан алыў,
Байлығының ағылған булағына,
Дәрья қосып, Қарун бай бола қалыў.

Затларын қымбат десе, қымбат сатты,
Арзан алды жүз түрли ҳасыл затты.
Қайтыўға мейил берип жүргенинде,
Гезлестирди шамалы патыратты.

Бай отыр мине өзи үлкен ойда,
Саўдадан көрген менен соңша пайда,
Жүректе бир азырақ күптикей бар,
Түнжырап қалатуғын усындайда.

Княз бенен гезлескен хош хабары,
Неге толық айтылмай бул сапары,
Тилиниң түбиринде түйиншиклеп,
Сандығы ашылмай тур оннан ары.

Неге дым толғанады ойға батып?
Дослары әллеқашан қалған жатып,
Симирип тартып турып, жаздырады,
Қурқур шылым түтинин бурқыратып.

Паромон келип турган ара-тура,
Бүгин де отырыпты жанып шыра,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гезек-гезек утады, утылады,
Булардың бир қыялы бар ма сирә!

„Не себеп терезелер илик енди?" —
Деп ойлап, ҳәзир ғана гүдикленди.
Қапысына жақынлаў барыңқырап,
Тыңлап көрсе қулағын түрип енди:

— Жараландым түстим де жарыспаққа,
Ойында анаў-мынаў тарыссақ та,
Жүрегимди суўырып тутқан етип,
Кетейин деп турсаң—аў алыс жаққа.

Сырласып айттым барлық билгенимди,
Мат еттиң ойнағаным, күлгенимди,
Әмиримниң жәннети деп ойлайман,
Сениң менен гезлескен күнлеримди.

Сөзимде болмас мениң зәрре қылап
Үмитим сынган жайдай қалды қулап,
Сени көрип ажарым енген менен,
Баўырым түни бойы шығар жылап.

Сенде де пәк муҳаббат қозғалғанын
Шек қоймай, сезип жүрмен, абзал жаным.
Өзиме сенсиз дүнья—қараңғылық,
Мойынлайман өмирим аз қалғанын.

Қыймайды атаң сени мендей жасқа,
Себеби, ели - алыс, дини басқа,
Өзиннен де еситтим усы гәпти,
Бас ийсем де жалыныш кетер босқа.

Қандай бахыт—отырсақ күлип-ойнап,
Қамықпа бир азырақ ести жыйнап,
Соншелли өксигеннен не пайда бар,
Еки жанның жүрегин теңдей қыйнап!.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дейди бул, қыз солқылдар бетти жаўып,
Сыртта адам барынан етпей қәўип,
— Маған да сенсиз өмир қараңғы гөр,
Қайтадан тирилтпесең излеп таўып.

Қыйнайды жүрек толы оттай әрман,
Күни-түн зор қайғыға шалығарман,
Излеп барсаң анамның мийрими мол,
Сырымды ашық айтып жалынарман...

— Өлмесем изиңдемен!—десип еди.
Ортада жары ашық есик еди,
Ҳеш ханнан кәўетерсиз, қыз атасы,
Олардың ҳәмме гәпин еситеди.

Келе сала:—Тоқтат!—деп урысты да,
Шаппақ болды әкелип қылышты да.
Аталық аяўшы жеңип шықты,
Ашыўы суў серпкендей суўысты да.

Сезди ол қызға жигит унағанын,
Бурын ҳеш сыр билдирмей шыдағанын.
Ес енгели тап ҳәзир көрип отыр,
Қызының ең бириниши жылағанын.

Сонда да месе тутпай көздиң жасын,
Артынып—тартынды да бар дүньясын,
Ертеңине жел қуўған бултгай көшип,
Атлап шықты шәҳәрдиң босағасын.

Күн батып қараңғылық болды алды,
Мәкәрья жылай-жылай көзи талды,
Людмила, Паромондай жан сүйерлер,
Кәрўанның көшкенин де билмей қалды.

Бай, қызын бөгенекке салып қойды,
Қыз отырды жүреги жанып, ойлы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соншама алып ушкан қуўанышлар,
Арзамас шәҳәринде қалып қойды.

„Бул журтқа енди қайтып келемен бе,
Жер алыс, дуўшарласпай өлемен бе?!
Ҳәр кимге ең сүйикли биреў екен,
Дүньяға адам болып дөрегенде.

Жасымнан палапандай қанат қақтым,
Ержетип, сүйиклимди буннан таптым,
Егерде еки көңил жараспаса,
Адамға кереги не дәўлет—бақтың!

Ашықтың сести келмес қулағыма,
Өмиримниң үмити қулады ма?"—
Дегендей қорқыныш ой толқынлады
Қапалы қыз көңилиниң булағына.

Тәбият қәҳәри де келип қатты,
Аспанның астың ғүўлеп, жалын атты,
Гүлдирмама кемпирди ашыў кернеп,
Төбеден даңғарасын даңғырлатты.

Кәрўанлар қалың орман сағалады,
Дубелей жаў бөридей қамалады.
Пәнт берип кегесең бе дегендей—ақ,
Қара булт, жаңбыр менен сабалады.

Жаўратты гүздиң түни болып қыстай,
Булт шабысып жарысты асығыстай,
Батыр Мәкәрьяның көңили сайрап,
Қәпестеги бәнт болған бүлбил қустай.

Досларым, отырсыз ба қулақ салып,
Шадлыман жазғанымды көрсе халық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул қыздың жай-жағдайы болды аян,
Қайтайық жигиттен де хабар алып.

## IV

Паромонның сынған сағы,
Ойын бийлеп, кеткели,
Өзин беккем тутсадағы
Ырадасы жетпеди.

Басқа жаққа бурмақ ушын,
Қыялына дем берип,
Салған менен қанша күшин,
Женбек мүшкил, меңгерип.

Көкирекке сыймаса да,
Ой толқынның азабы,—
Бир жағынан қыйнаса да,
Бир жағынан мазалы.

Сүйиклиси турғандай—ақ,
Көз алдында күлимлеп,
Нәзик көрки басган—аяқ
Елеслейди биримлеп.

Сүп-Сүйкимли қыз жылўасы,—
Кайғысына таяныш.
Соңғы күнги көздиң жасы—
Естен шықпас аяныш!

Соны көрип кетип еди,
Жанып жүрек шоқ болып,
Өңменине өтип еди,
Моншақ жасы оқ болып.

Жүрексинбей барыўға да,
Қалды қатты азапқа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хабаршысы Людмила да,
Кетип еди узаққа.

Жан сүйери кетип қалса,
Гөзлеп узақ қыяны,
Көп қайғырар еске алса,
Жигит шарлап дүньяны.

„Түби—терең, думанлы жар,
Асқар шыңның басында,
Айдай арыў Мәкәрья бар,
Паромонның қасында.

— Көп қыйналдық шаршап-талып,
Тау басына асқанда.
Кустай қанат байлап алып,
Ушайын ба аспанға?

Я мынаў бир терең жарға,
Түсейин бе секирип?
Жүрегиме салды жара,—
Деп еңирейди өкирип.

— Жылай берме көп қыйналып,
Мени ўайран етерсең.
Сақ болмасаң, мий айналып,
Таўдан қулап кетерсең!—

Деген шақта, дүнья жүзин,
Қараңғылық қаплады...
Байланды да жигит көзи,
Перизатын таппады.

— Қайда кеттиң, даўыс берши!—
Сүренледи тынбастан.
Көринбейсең маған ерши!—
Сес шықпайды дым ҳаслан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олай-булай қармалақлап,
Табыў ушын асықты.
Мың қәўетер ойды қаплап,
Жигит көздеп жас шықты.

— Даўыс бермей шыдадың ба,
Турып един жақында,
Я тик жардан куладыңба,
Сыяр емес ақылға?! —

Деп жигиттиң тарғылланып,
Еситилер даўысы,
Деми қысып, естен танып,
Туўлап қыял ағысы.

Жарқ етти де таўдың басы,
Қарацғылық тарады.
Бирге келген Мәкәрьясы,
Булт үстинде барады!

Бийик таўдың бас жарындай,
Жылжып самал өрине,
Қалай турған булт жарылмай,
Кәрамат—па, пери ме?!

Қыз былғайды орамалын,
Сести жетпес қулаққа,
Көрди жигит қарағанын,
Ғайып болды бирақта.

Жигит жалғыз, панасыз тур,
Бәленг шыңның басында“,
Шоршып кетсе, анасы тур,
Гүмис кәттип қасында.

— Ҳаплығасаң бунша неге,
Көп қысылдың, шырағым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көринди—ме ғәрип әке,
„Жогалдың“—деп жыладың?!

Көрмеп едим көптен бери,
Көзиңнен жас аққанын,
Сол—анаңның қорыққан жери,
Дениң саў ма, айт жаным?!

Деди ана жыламсырап,
Басын сыйпап еркениң,
Билдирмеди жигит бирақ,
Түсиндеги көргенин.

— Аўырмадым, жаман ойды,
Еске алма, апа,—деп,
Қыйналса да күлип қойды,
— Болагөрме қапа,—деп,

Шығып көрсе, күншығыстан,
Гүздиң таңы сарғайып,
Қуяш нуры тумлы-тустан
Қызыл жаққан, ақ жайып.

Жым-жыртланып уллы дүнья,
Тынышлыққа бөленген.
Шық жамылып гүллән гия,
Ҳаўа шаңнан еленген.

Жасыл дарақ өскен қалын,
Бир-бирине тирелип,
Қораз көрип таўықларын.
Шақырады ширенип.

Сатырласып өтти жолдан,
Телегенлер ертелеп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қасқыр ийти келди жылдам,
Паромонға еркелеп.

Журип жигит мауқын басты,
Сап ҳауаны симирип,
Сондай көркем аспан асты,
Қарап турды тигилип.

Еске алып қайталады,
Көргенлерин тустеги,
Туринен де байқалады,
Көкиректиң искени.

„Мәкәрья да қарады ма,
Мени көрип тусинде?
Еле кетип барады ма,
Көшкен булттың устинде!“—

Деди де ол,—өз—өзинен
Адым атпай иркилди,
Ушқын ойнап от көзинен,
Мыйық тартып бир кулди.

Шынында да жалған деме,
Қыздың бәдәр кеткенин.
Көремен деп етер дәме,
Билмей истиң өткенин.

Бәлент тутып көкиректи,
Көрмек ушын суйине,
Кешке қарай сапар шекти
Қыздың жатқан уйине.

Барғанда ол нени көрди,
Уйқыдағы тусиндей:
Қайта-қайта қарай берди,
Өз көзине исенбей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурын көрген кисилердин
Ҳәзир бунда бири жоқ,
Я жанына усы жердиң,
Усағандай түри жоқ.

Мәкәрьяның жайында тур,
Саўдагери арабтын,
Жигит әстен билдирмей сыр,
Аң-таң болды қарап дым.

Жаңа мийман өткир көзден
Гүдикленип қарады,
Сескенгендей, ол да әстен:
— Ким керек?—деп сорады.

— Излеп едим қыз қонақты,—
Деди жигит бөгелмей,
Саўдагер де ийнин қақты,
Билмедим—ғой, дегендей.

Кеткенлигин сезди анық,
Жорыттырып қыялды.
Турғанында иши жанып,
Көрди таныс ҳаялды.

Жигит оны билип жүрген,
Мунда хызмет еткенин,
Орыс ҳаял көрип бирден,
Айтты қыздың кеткенин:

— Сулыў жигит сезген едим,
Екеўиңниң сырыңды,
— Гүдеринди үзбе—,дедим,
Серти беккем бурынгы.

Дилгир болды келеди деп,
Етип еди көп дәме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыздың сондай жүреги пәк,
Айныйды деп ғам жеме.

Қалдырды ол алтын жүзик,
Естеликтиң сауғасы,
Кетпеў ушын гүдер үзип,
Ҳақ жүректиң—гүўасы.

Көрисерсиз саламат,—деп,
Көңил аўлап тил катты.
Берди қыздан аманат деп,
Жүзик пенен бир хатты.

Жигит қолға алады ла,
Гәўхар қаслы жүзикти,
Қалтасына салады да,
Хат оқыўға қызықты:

**ҚЫЗДЫҢ ХАТЫ**

„Жаным жақын, жер шалғай,
Жүректиң шери тарқалмай,
Көрмей кеттим қайрылып,
Әрманда болдым айрылып!
Сен келмесең егер деп,
Людмиланы келер деп,
Еки көзим төрт болды.
Хошласпай кетиў,—дәрт болды!
Мәканым қайда, ел қайда,
Биз жетемиз төрт айда.
Өртенип ғана барaман,
Алдымыз қыс бораған,
Кетсин десең дәртимди,
Орынла айтқан сертимди!
Ўәделестик усында,
Ҳәлекленбе қысында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар ериген мәҳәлде.—
Атланарсаң бәҳәрде.
Барыў ушып жыраққа
Оңай да емес бирақ та.
Едилден арман өтерсең,
Ақ Жайыққа жетерсең,
Тулпарга қына басарсаң,
Орал таўдан асарсаң,
Орын дәрья, Жем бойы,
Ыргыз, Торғай кең ойы,
Оннан да арман өтерсең,
Көк теңизге жетерсең.
Ол—Хорезм тенизи,
Бул емес ең изи:
Ат туяғын сабалап,
Тул теңизди жағалап,
Аралап елдиң аймағын,
Сәйҳун деген дәряның
Ағымына жетерсең,
Атыңды жалдап өтерсең,
Жаңа дәрья Жүзарық,
Қызылқумды қақ жарып,
Иййрими тайдай туўлаған,
Ағыны желдей зуўлаган,
Жәйҳунға қарай кетерсең.
Туран дейди жеримди,
Байсын дейди елимди.
Үстирт пенен Астыртым,
Жәйҳунның бойы ел-журтым.
Жармышлы егис дала бар
Мыңлаған қорган қала бар.
Багдатты излеп барарсаң,
Сорастырсаң, табарсаң.
Жүриў ушын ес көрип,
Жүзигим саган естелик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлгенимше күтермен
Өмиримди қурбан етермен.
Егерде сен бармасаң,
Еки қолым жағаңда,
Әрман менен өтермен!"

Жигит оқып усы хатты,
Толқығаны байқалды.
От көзинен моншақ атты,
Басқалардан тайсалды.

Қуўанды ма, қыйналды ма,
Хатты тутып қолына,
Басы гыр-ғыр айналды да,
Түсип кетти жолына.

Келисер ме барағойса,
Тәўекелге бел байлап?
Қәйтер еди алағойса,
Өз елинен қыз сайлап?

Атасы да тегин емес,
Намыс ушын тарысқан,
Мүмкин барып бахыт көрмес,
Аспан-жердей алыстан.

Өмир бирақ олай емес,
Жаслық дәўран бир басқа,
Жулқып алыў оңай емес,
Еки жүрек жалгасса.

Ҳәли жетпес ҳеш күштиң де
Тойтарыўға үмитин.
Болса егер жер үстинде,
Қарап қалмас жигитиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биразларды гүл бахытқа
Жеткереди бул дәме.
Адам улын ҳеш ўақытта
Машақатқа қул деме.

Айралықтың оты жаман,
Қәдирданым халайық.
Геройыма қыйналаман,
Қызды таўып алайық!

Қашықласты соннан кейин,
Тәғдир ширкин мат етип,
Мен де бирге излесейин,
Қыялымды ат етип.

V

Жүкли нарлар кеннен таслап қулашты,
Сонша мәнзил таўлы-таслы қыр асты.
Сүмбилениң ақырында жол шегип,
Мийзан келди, күн қәҳәри уласты.
Жел өкпели ақырәптиң ишинде,
Дүбелейи аш қасқырдай шуўласты.
Даланлықта омба қарға малынып,
Әўесектей сағынышты қуясты.
Ҳәп жыландай ысқырысқан аязға.
Жолаўшылар мәртлик пенен шыдасты.

Қызылқумда гезлестирди қаўысты,
Келе-келе күн ырайы аўысты.
Қуяс нуры жаз күниндей жалтылдап,
Көл баўырлап күлимледи таў үсти.
Мәгәр болса арасласты елине,
Узақ-узақ қыйын жолды таўысты.
Көл кенары ырым-жырым ылашық,
Еситипти сүренлескен даўысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәрўанлары мине салып атына,
Дүсирлесип соған қарай шабысты.

Ат ойнатып ҳәпзаматта барады,
(Жалт-жулт етер қапталларда жарағы),
Көз ушынан жаңа көрген адамлар,
Пыж-тыж болып тумлы-туска тарады.
—Неге бизден тым-тыраққай қашты?—деп
Бул жумбаққа ҳайран болып турады.
Излестирип таўып алса биразын,
Жабайыдай үрпейисин қарады.
Қолларында қармақ пенен торы бар,
Қапталында кепше менен орағы.

Көл қасында мүлгип турған жалғыз тал,
Тал қасында қамыс пенен жекен сал,
Әсте-әсте жәмленисти адамлар,
Сам-саз ғана индемесген болып лал.
Жарқын жүзли жас дегеннен наўа жок,
Бәри бирден аппақ шашлы кемпир-шал
(Арасында бирли—жарым нәресте)
Көплериниң кийимлери дал-дал.
Онша неге аянышлы түрлери,
Басларына түскен екен не аҳўал?

—Сәлем берсек, қатыўланған жүз бенен,
Не себепли гәплеспейсиз биз бенен?
Бәримизде баласымыз адамның,—
Бир биреўден үмитлерин үзбеген.
Қайда кетти бул әтираптың жаслары,—
Жигит деген, ҳаял деген, қыз деген?
Гүдикленбей, ата менен аналар,
Сыр шертиңиз жыллы шырай жүз бенен!
Алыс жолдан келатырған сарылып,
Жолаўшымыз елден хабар излеген,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп Дәўқара мыйық тартты ақырын,
Айтып берди елининде жақынын.
Аттан түсип қолларынан алысып,
Бежереди дәстүриниң мақулын.
Узақ емес өзиниң де шәҳәри,—
Усы жерден жетпис-сексен шақырым.
Адамлардың бундай болып турысы,
Алды байдың ҳуўшы менен ақылын.
Не болса да шоршынғандай бәле бар,
Елдиң душпан шығарды ма тақырып? !

Сүйсинди ме сәлемлескен жүзлерден,
Емирениcкен жанға жайлы сөзлерден,
Ғаўырласып қоршап алды ғәрийплер,
Кәпелимде кейиплери өзгерген.
—Шер тарқасын, сөйлесейик ашылып,
- Сизлер баслаң Өтемурат, Әзберген,—
Бир-бирине мирәтлести ғаррылар,—
Аяньшлы ушқын ойнап көзлерден.
Узын бойлы Өтемурат қария,
Гәпти қозғап айландырды көп жерден:

—Дос екенсиз, үйимизге кириңиз,
Ат-жарақлы адам көрсек,—жинимиз,
Жолбарыстай сескенемиз жаў ма деп,
Кеширилсин хәте менен минимиз!—
Деп буларға қамыс төсек төсетти,—
—Ылашықта өтип атыр күнимиз.
Анаў Багдат шәҳәрине жақынлаў,
Жасап келген халықлардың биримиз.
Баг—дәскели бир келета ел едик,
Мине ҳәзир әпендедей түримиз!—

Деп қамықты сақалға жас жосылып,
Басқалар да енирейди қосылып.
(Дәўқаралар есигиўге ынтықты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәҳәриниң хабарына асығып).
Шағынғандай тоқтамады жүреклер,
Даўысларын бир-биринен асырып,
—Қурыдық-ғой!—деп кемпирлер шуўласты,
Ылашықтың белдеўине асылып,
Ғарры тағы даўам етти сөзлерин,
Болғаннан соң бир солығы басылып:

—Ерик, шабдал жетилисип бағында,
Ҳәсеттеги истиң қызғын ўағында,
Көкше залым нөкер менен атланып,
Келе қалды шаңқай түстиң шағында.
Ат туяғы егинлерди унтады,
Бийдай қырман тоз-тоз болды тағы да.
Қалдырмастан аша туяқ малды да,
Дүркиретип айдап кетти алдына,
Бир аўылдың мал-дүньясын қопарып,
Бәдер кетти булағайды салды да!

Айдарлысын айдап кетти қул етип,
Тулымлысын байлап кетти гүң етип,
Көз тоймастай қарсыласқан ерлерди
Шалып кетти, өртеп кетти күл етип.
Көзлер көрди қыяметли күнлерди,
Тилим жетпес баянлаўға сыр етип!
Шайыр болсам ел көз-жасын тәрийиплеп,
Жазар едим таўсылмастай жыр етип.
Таўдай қайғы салмағының астында
Зорға жүрмиз ырыл-тырыл күнелтип.

Жаман екен көкиректиң намысы,
Жаў келгенде алаўласып шабысып,
Аса менен бир душпанды сулаттым,
Мине мынаў қолымдағы тап усы!
Кетпен менен ерлик етти мәртлерим,
Әттең бирақ қурбан болды жарысы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаў шыңғытып нәрестесин арыўдың,
Жутып турды гәўҳар дәрья агысы!
Еле мениң қулағымнан кетпейди,
Шырқырасқан балалардың даўысы!

Ел сыйлаған Өтемурат шал едим,
Жигитликтте дара өскеп тал едим,
Алпамыстай болмасам да жасымда,
Аты шапқан Қаражандай бар едим.
Ҳәзир мениң „ақ сарайым“—ылашық,
Нан орнына шортан болды көрегим,
Жасым жетип, ҳәлим питкен шағында,
Төрт улымды мәдет көрип жүр едим.
Үши өлип, бири кетти қуллыққа,
Ҳалым мүшкил, ўайран болды жүрегим!—

Гириптармыз қан шашылған заманға,
Үш перзентим найзаланды табанда.
Тири кетип жалғыз Аяз баўырым,
Өлмеғей деп еки қолым жағамда.
Мынаў Ҳәмира—барлығының анасы,
Аз қайғы ма мениң менен буған да!...
—Еситсеңиз хабар бериң ата жан,
Бағдаттағы шәҳәр халқы аман ба?
—Хабарым бар билгенлердиң сөзинен,
Аман, бирақ булт дөнип тур оған да.

Көкше ханның ызасына не шара!
Мынаў бәри—тап өзимдей бийшара.
Улы, қызы, туўысқаннан айрылып,
Ҳәр бириниң жүрегинде мың жара.
Мусийбеттиң дозағына шыдамай,
Келген соң да өлип кетти бирпара.
Душпан еле шет-шебирден ел талап,
Арыўларын тартып алған, масқара!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күшин топлап Бағдат деген шәҳәрге,
Турған дейди ҳәзиринше жасқана.

Әдеп бастап тәрийплейин Көкшени,
Усы елге келип бес жүз сексени,
Уры менен сандырақлар жыйналып,
Бес мың ләшкер болды дейди өскени.
Қорған салып Гәуҳар дәрья бойына,
Қонысланып басып алған өкшени.
Нышапурда өз атасын өлтирип,
Мәлим дейди қызылбастан көшкени,
Бул елде де мәшҳур болды халыққа
Жазықсыз көп геллелерди кескени.

Дәуқараға арнап қағаз жазыпты:
„Жибер әуел бир он жыллық азықты,
Бағынасаң шегарамды белгилеп,
Өзиң келип, қағып кет тез қазықты!
Қызыңды да қатынлыққа бересең,
Геллең кетер болсаң егер жазықлы!“ —
Депти, бирақ, қала басы жоқ екен. . .
Бул гәплерге байдың кәйпи қашыпты,
Тула бойы уў жутқандай дирилдеп
Гидирместен қайтыў ушын асықты.

Бас шайқалды: — Булиннипти ел! — десип
Сөзди бөлди усы жерден шорт кесип,
Алғыс та жоқ, қайтыў ушын оқталса,
Келип қалған қап қараңғы булт көшип.
Дүсир-дүсир тас буршақлар атылды,
Сатыр-сутыр қыян-гести жел есип.
Зикир салды уйқы-туйқы аласарт
Жууўғарада кетегоймай жөнлесип.
Ылашықлар қаңбақлардай домалап,
Зырылдады бир-бирине мингесип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашыўланып аспан тобын атқандай,
Гүркиреди урыс ашып жатқандай,
Булт көрпесин ашатуғын түри жоқ,
Усы жерге бар ыдысын ақтармай.
Ылашықтың түңлик пенен шыптасын,
Самал көкке шыңғытып жүр сақпандай
Ызың-ызың, шуўылды ҳәм сатырлы,
Жаўлар келип аўылларды шапқандай.
Ҳәмме бирден жалбарынды қудайға,
Гүна ислеп, өз пейлинен тапқандай.

Ойқан салып жым-жырт болды ылайсаң,
Жолаўшылар қорықса керек қудайдан,
Ғәриййплердин көңлин алып жалпақлап,
Шүкир етип, қайтты бәри ырайдан.
Инам етип, напақалар қалдырып:
—Гезлесермиз арғы шети бер айдан,—
Дегеннен соң, ғәрийп көңли хошланды,
Адамзаттың бир дозағы мунайған.
Еске алсам жаўгершилик заманды,
Ҳәсиретине мен өзим де жылайман.

„Мама кемпир" биийҳаядай барқырап,
Күн күлип тур аппақ түси жарқырап,
Шубатылып кемарындай аспанның
Жасын туўды қылышлардай жалтырап.
Марғуланның атласындай қубылған,
Жасыл, сары, қоңыр, гүрең, қызыл, ақ.
Қуяс патша жер жүзине сән берди,
Астында тур сондай көркем алтын тақ,
Өмирдиң де ҳаўа киби райы,—
Жылаў, қайғы, күлки, шадлық, дәўлет – бақ.

Келер кәрўан көшкен булттай ағылып,
Киятырсаң мәканыңды сағынып,
Әшекейли бөгенектиң ишинде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зер шашақлы мамық көрпе жамылып.
Елди ойлап, келгениңе қуўансаң,
Ярды ойлап, қыйналасаң қамығып.
Аманбысаң, Мәкәрьяжан қарағым,
Нәйлаж болдың узақ жолда жабығып,
Шайырлықтың әрўағына бас ийдим,
Ашықлықтың ҳәмирине бағынып.

Жорға қәлем, тақымыңды жазайын,
Жеткеремен сыяң қалса азайып.
Еле узақ атланыслар алдында,
Қанхор душпан алғанынша сазайын.
Кәрўанларға булдыр-булдыр көринди,
Қорғаның мунарлары шошайып.
Сүйиншиге шерик болың оқыўшым,
Шәҳәриниң дәрўазасын ашайық!
Шаршағанлар үйлеринде дем алсын,
Қыял минип дәс жолларға ушайын!

## VI

„Киев князи Изяславтың өлими—барлық орыс елиниң ҳәм пүткил қарақалпақлардың көзлеринен жас шығарды".

(1149 жыл ўақыясы ҳаққындағы орыс шежиресинен)

Қарақалпақ жат көрген бе орысты,
Тағдийрине Долгорукий болысты.
„Шадлығым - бир, қайғым - ортақ" дегенде,
Найза менен Шыңғыс кескен қонысты.
Булағайлы әсирлерде адасып,
Бабам жеди қылшылдаған қылышты.
„Петр аға, Патровна қолла!"деп,
Қушақ ашып көриспекке тырысты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үмитленди Россия елинен,
Көрген сайын қанлы қырғын урысты.

Әрман етип, „келеғойса—жан“ депти.
„Келин!“деген сес жаңғыртты жер-көкти,
Қастын тиккен ханлар менен жулқысып,
Ерназардай мың сан қурбан қан төкти.
„Бабам көрген Мәскеўим“—деп ынтығып,
Муҳаббетли өмирлерин тәрк етти.
Халықлық оты өшейин деп турғанда,
Туўысқанның ләшкерлери жарқ етти,
Орыс келип, ақ жарылқап күн туўып,
Октябрьде ықбалымды ғарқ етти.

Уллы совет халықларына дәрекпен,
Мен де орыс баўырыма керекпен.
Оған деген қарақалпақ мейири
Әсир бойы өтип келген електен.
Мың жылларғы дослығының тамырын
Бабаларым шығармастан жүректен,
Талыққанда дәрман етип бойына,
Шынлық ушын әпсенелер дөреткен.
Бабалардың берип кеткен мийрасын,
Қосық пенен баянлаўға ҳәлекпен.

Орыслардан көринбейди менменлик,
Есиртпейди душпанларын жеңгенлик.
Олар менен қушақ ашып дос болсаң,
Бирге жейди жарты нанын тең бөлип.
Гәпти енди басқа жаққа бурайын,
Қыялымның шабысларын меңгерип.
Дилгир болып жүр ғой еле еки жас,
Қос жүректи бир-бирине теңгерип.
Сапар шектим Арзамастың журтына,
Жүриң дослар, қыдырсаңыз ел көрип!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Билмейсең де қыздың қайда турарын,
Қой деп талай жалбарындым, шырағым.
Дайың еди Владимир князи,
Сол арқалы айттырып та сорадым.
Ҳеш жууабын бермей кетти атасы,
Билдирместен журегиниң хабарын.
Ғайры журттан қыз аларың нағайбыл,
Мәлим болды тәуекел деп барарың.
Илажым жоқ, енды саған берейин,
Мәрт атаңның мийрас қалған жарағын,

Мине сауыт,—жаудың оғын өткермес,
Алмас қылыш—тауды, тасты түк көрмес,
Тай күнинен пийетленген тулпарың,—
Қус болмаса, жер жүйригин жеткермес,
Қолдан келсе ҳурмет исле халыққа,
Ҳеш бир ел де сыйлағанды жек көрмес.
Жалғыз жүрип, душпанларын көбейтсе,
Қандай батыр болған менен шақ келмес.
Дос таппасаң барған елдиң халқынан,
Дәу болсаң да мурадыңды питкермес,—

Деп нәсият берип еди анасы,
—Қуп ана!—деп қабыл алды баласы.
Қарлығадай қарғып қонып атына,
Тура қалды жүзик қастай жарасып,
Шертилип тур жийрен қасқа өр тулпар,
Айдай болып маңлайының арасы.
Төрт туяғы жерге қаққан қазықтай,
Омырауы аспан менен таласып,
Пысқырады қос қулағын тикирейтип,
Жалт-жулт етер дөңгеленген қарашық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат үстинде жигит көңли тасыйты,
Хошласгы да, үлкен жолға асықты.
Шүў дегенде шегирткедей секирип,
Алға қарай өр кийиктей атлықты.
Дойнақлары жай огындай жапырып,
Тас жаңбырын көкке қарай атыпты.
Жел ушырған жапырақтай шайқалып,
Қыза келе сайдан сайға асыпты.
Шақмақ тасты шақылдатқан сестине,
Еситкенлер қулақларын басыпты.

Жар тасындай жалтылдаған сәни бар,
Көбик атып гүрилдейди жаныўар.
Суўлық шайнап, басын былғап қулшынып,
Сәл жаздырса, қыр желиндей ағылар,
—Я әлҳәппиз, мынаў жигит ким екен?
Қастын тиксе, жүз шәҳәр де бағынар!—
Деп таңланды жол бойының кәрўаны,
Себеп бунда уллы орыс жаны бар.
Таў айбатлы қылшылдаған жас жигит,
Жалғыз ғана Мәкәрьясын сағынар.

Орынламақ жүрегиниң әрманын,
Жоны қызды шапқыр ҳәмде жорғаның,
Ушқыр қустай басып өтти бир мәҳәл,
Ўатанының шәҳәр менен орманын.
Орал таўдың омыраўын жағалап,
Жайлаўына араласты шарўаның.
Дүбиринен дүсирлести кийиклер,
Қасқырлары қаңсыласты сәҳраның,
Ырғыз, Торғай Жем бойларын қуўсырып,
Жер танабын қуўсырмақта тарлаңың.

Бәҳәр сәўир самалындай ағыла,
Қулдыраўын өршелетсин тағы да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тулпардан да жүйрик қыял үстинде,
Мен барайын Султан Ўайис таўына.
Ерик, шабдал, қызыл, жасыл ғүл жарып,
Сэн орнады Мәкәрьяның бағына.
Сайрап турған бүлбил сестин еситип,
Әўеслөнер сүйген ярын сағына.
Жүзи жайнап, қара көзлер мөлдиреп,
Ойланады қолын салып жағына.

Самал ессе, - жолға сапар тартқандай,
Жаңбыр жаўса, — қапалығы артқандай,
Қуяс нуры күлимлесе аспанда, —
Киятырман, ғам шекпе деп айтқандай.
Аўда болса айралықтың дәртинен,
Жаслық өмир күни өтер шадланбай.
Жаў Көкшенин қорлап жазған гәплери, —
Жанға өтти мылтық пенен атқандай.
Күншығыстың интизары күтип тур,
Жаўдан бурын жет жигитим, тоқтамай!

## VII

„Биреўге уў берип өлтирсе егер,
Өлтириўши бир күн зәҳәрин шегер,

*Н а ў а й ы.*

Шағлайды Жапар рәҳәт көрип,
Көпшикке ийнин қадаған берик.
Олжаға түскен Қарлығаш айым,
Солғынлаў отыр кәсени берип.

Урыста үлкен ҳоппықыл салып,
Қул таўып сатты Еранға барып,
Бүгин бул үйде пәйнекке қашып,
Отыр — ғой батыр, тәкеппис алып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүзеде ойнар көпирген шарап,
Қуўаныш бойдан кеткендей жырақ,
Жалбақлап сулыў қыйнайды жанын,
Күледи азлап, жалған—аў бирақ.

Сезбеспе адам қараған гезден,
Қайғының уўы денесин езген.
Сағыныш дәрти жүректи шырмап,
Шадлықтың оғы жоғалған көзден.

Жалтырап турған бәдия шети,
Ишине толы қозының ети.
Бадырайтып көзин асайды батыр,
Таўлайды муртын былшыйып бети.

Көтерди кейпин шараптың деми:
—Сулыўым жандай сүйемен сени,
Гүл түсли көркин—ғәзийне маған,
Шақақлап күлип қуўангшы мени!—

Деген де сөзлер жүрегин жылтпай,
Касарды қабақ жаңбырлы булттай.
—Меннен де бөтен ярларың азба!—
Деди де, тилин байлады қулыптай.

Сандығы толы таўсылмас гәп бар,
Ашпастан гилтин пинҳаны сақлар.
Кереге үсти жайнаған қылыш,
Илиўли садақ, бир батпан шоқмар. . .

Ерки бар ердиң сабаса, сөксе,
Өлтирсе ғуни, ләм демес Көкше,
Адамның қуны үйректен арзан,
Әкелер жүзин бир жорық шекксе.

Батырдың бири—минекей усы,
Жапарға қарсы шығарма киси!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарлығаш буған—байлаўлы баспақ,
Жыласа жетер көзине күши.

—Не дедиң сулыў, қайталап қара,
Жазықсыз маған саласаң жара.
Басқаға қатал, өзиңе ҳақпан,
Инанбай қалсаң, жүректен сора!—

Деди де жаўыз ғарқылдап күлди,
Гөззалдың ярын унтаған жилли.
Күлкиси менен „ҳақ“ деген сөзи,
Сулыўдың жанын қанжардай тилди.

—Зорлыққа көнбес ашықлық оты,
Мен де бир торға қамалған тоты.
Ҳағына келсем, сүймеймен сени,
Буйырған солай жүректиң соты!—

Деди де жаўды көзинен тамшы,
Аяйма адам аўлаған аңшы!
„Жортаға айттым, өлдим ғой аға!“—
Дегенше дөнди буршақтай қамшы.

Басына түскен мүшкилли ғаўға,
Бәнт болған өмир шалжала-даўға,
Ашығын айтып, ҳазарын шекти,
Базналық бар ма бассынған жаўға!

* * *

Түтиниң шаңның аспанға айдап,
Өристен қойлар келеди жайлап.
Қойшы да кирди шеткери үйге,
Қазыққа мықлап ешегин байлап.

—Келдиң бе шопан гезекли асқа!
Оғырар жериң—бул емес, басқа,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп Жапар кейин қайтарган мәҳәл,
Тигилди қойшы көздеги жасқа.

Жумбағын шешти, излеген бурын,
Сездирмей бирақ жүректиң сырын,
—Қуп аға,—деди көзин бир қадап,
Адымлап кери, бурылды қырын.

Отырды жайлап, ас үйге барып,
Басында жумыр, аяқта шарық,
Жүзинде ойнар жаслықтың оты,
Салмақлы ой тур көзинде жанып.

Өтеке шалдан еситтик буны,
Талаўдан тапқан Көкшениң қулы,
Ағасын Жапар өлтирген гезде,
Байлаўлы еди Аяздың қолы.

Үш аға бирден жайрады ҳақган,
Баўырлар сирә шығарма ядтан,
Қарлығаш—туўған жеңгеси еди,
Үш-төрт жыл удай дузларын татқан.

Көрмеген оны келгеннен бери,
Тарқарма ҳасла жүректиң шери!
Душпаны қулды менсинген емес,
Таңымас мудий—бир жақсы жери.

—Парг болды жаным, гәпиме исен,
Минекей гилти, атында кисен,
Ел жатқаннан соң атлан да жөнел,
Жеткейсең елге саламат-есен!

Ағаңның көзи—бир нәрестени,
Кәдирлеп сақлаң, саў болса дени,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Бийшара женгем жоқ болды“—дейбер,
Сезген соң ертең өлтирер мени!—

Деди де кетти тамақты берип,
Исинди жүрек жеңгесин көрип
Айтажақ сөзин үлгермей қалды,
Не шара баста болмаса ерик.

* * *

Қара—сур жаўлық жамылып ымырт,
Ҳүўлейди самал, аспаны гүңгирт,
Геўирекдей сийрек ҳәр жерде бир үй,
Аўылдың иши мазардай жым-жырт.

Ай шығар булттан атылып қалқып,
Жапар да бүгин бир өзи шалқып,
Отырып дарқан, серрийп қалған,
Мамықлы төсек үстинде балқып.

Дәлизде жапар жылтылдап шыра,
Дәрўаза сыртын айланып ғырра,
Келеди биреў жападан жалғыз,
Белгили шопан Аяз—аў сирә.

Түнниң де жарпы кетип тур аўып,
Қапысын ашып, қайтадан жаўып,
Ишкеридеги үйге де кирип,
Байлады белге қанжарды таўып.

Сезип те қалды Қарлығаш бирден,
Сескенип, қиреп бул ким деп кирген,
Шыраға жақын айналған мәҳәл,
Таныған еди әлеўир жерден.

Қылышты қармап кереге жақтан,
Жарақтын бәрин жыйнады шаққан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Далаға барып жайласа керек,
Қалайша жигит есабын тапқан!

Шыраны тутып әкелди ишке,
Киристи тағы тамаша иске,
Жапардың басын жулқылап тартып,
—Түргел ҳәй батыр исенсең күшке! —

Деди де тағы қолынан бурап,
Мәрдана турды бетине қарап,
Оянып Жапар уўкалап көзин,
Үйренген әдет—изледи жарақ.

Қарлығаш пақыр солқылдап жылап,
Әдеми көзден атылды булақ:
—Гүлиңде өскен гүбелек едиң,
Урындың отқа, билмедим бирақ?...

Қарады жигит батырға күлип,
Жарақтың қолдан кеткенин билип,
Әўдеңлеп тысқа ағылса Жапар,
Бекинип қалған есикте қулып.

—Келдиң бе бала қанына тойып,
Көрдиң бе сирә таўықты сойып?!
—Көрмеген едим таўықта сойып,
Кетемен бирақ басыңды жойып!

Устазлық еттиң, болмайын менмен,
Батырсаң бизди саўашта жеңген.
Ағамды шалдың жеңгемди алдың,
Сойыўды енди үйрендим сеннен.

Пәш келип қалдың қудиретим жетсе,
Егерде саған иемәртлик етсем,
Жаттың—ғой ҳәзир өликтей болып,
Не ислер едиң жайратып кетсем.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрманда қалма, түргелттим! — дейди,
Бул гәпке Жапар парт болып күйди.
Көтерген қолы оралып келип,
Жалп етип бунының ийнине тийди.

Аяз да шапшаң көтерип мушын,
Жолбарыс киби суўытты түсин,
Буўрадай қағаң шайқасты қурып,
Бирине — бири көрсетти күшин.

Турысар гейде жудырық гезеп,
Шоқмардай соқты ғезек ҳәм гезек,
Сүриниип барып бийшара жигит,
Тикледи бойын қайтадан дүзеп,

Бедени қызды отлардай-ғаўлап,
Жулқысты қанша екеўи аўлақ,
Бириниң бири басына соғып,
Бириниң бири қолларын таўлап.

Жоқары қойған Қарлығаш шамды,
Аяздың көрип бетинде қанды,
Аяныш ғаўлап жалына берди:
-Өлтирме батыр бир жап-жас жанды!...

Шыр-пыры шығып жанды да күйди,
-Жолама ҳайўан, өлерсең!-дейди.
Қайымлап турып силтеген шақта,
Жапардың мушы буған да тийди.

Пиллердей туўлап дос пенен душпан.
Шашырады қанлар шоқмардай муштан.
Қарлығаш сонша қырқыстан шоршып,
Қуйқасы жуўлап, ҳүрреси ушқан.

Аяздың күшин билди жаў, артық,
Алмақшы болды қанжарды тартып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дем бермей үш-төрт дөндирген шақта,
Пуш болды душпан димарын сарқып.

Екеўи қанға боялды үсти,
Енгикги Жапар, мес болып исти.
Таўлардан төмен қулаған жардай,
Тәлтеклеп барып, астына түсти.

Үстинде қулы, астында батыр,
Жүйкеси қурып, мат болып жатыр.
Қолларын буклеп пәнжеси менен
Хожасын жигит қул етти ақыр!

Өлтирген Жапар талайды шалып,
Қасқыр деп оны атыған халық.
Нешшени курткан қос жүзли қанжар,
Жалады оның жүрегин барып.

—Ынтықтың адам қанына қанбай,
Билдиң бе, өлим болады қандай?!
Өмирди қыймай булқындың сонша,
Жатгың ба гүм-жәм жазықсыз жандай!

Тыншлан мәңги уйқыда жатып,
Кеттиң сен мени бәлеге шатып,—
Таўықты сойып көрмеген қолым,
Қан төкти үлкен гүнаға батып!

„Биреўге нахақ уў берсе егер,
Гүнәкәр өзи зәҳәрин шегер“
Қудайдай көрип сыйынған Көкшен,
Қайғырса сени апарып көмер. –

Деди де жайсаң атланды енди.—
Қапалы күнлер жеңиске дөнди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жеңгесин қоса миндирип атқа,
Жамылып кетти қараңғы түнди.

Шымырлаў самал шымшыйды—жайлап,
Алағат бултты түўести айдап.
Алтын ай қалқып аспанда жүзген.
Жулдызлар күлип, жайнап гүр аймақ.

Таўдың да басын бадырайтып жарық,
Жолаўшы сыңди тоғайға барып.
Қыраўды серпип сыбдыр жол менен
Баратыр тынбай ҳаўаны жарып.

Мүлгийди тоғай, уйқыда дала,
Қыйғырған дем-дем қырғаўыл ғана.
Шоқланған шошқа пыр-пырлап қашып,
Жапырып шөпти таппақта пана.

Батыры—Аяз бүгинги күнниң,
Астында бедеў ойнақлар диң-диң,
Кешеги шопан, Көкшениң қулы.—
Патшасы болды гаўғалы түнниң.

Үстинен өтти бәндирги жолдың,
Бөгемес ҳешким булардың алдын.
Гезлесип сондай бийжағдай жерге,
Жүўлады қуйқам, қорқып та қалдым.

Жүйрикке тезден қынапы басып,
Егленбей дәрҳал кетейин қашық.
Мәкәрья ушын интизар болған,
Қай жақта екен ҳақыйқый ашық?

## VIII

Гейде суўық, гейде күн қарасады,
Кең жазық, адам көзи қамасады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гезлесип гирес-гирес шаруаларға,
Жолаушым көрди талай тамашаны.

Паромон жетик еди булғар тилге,
Жол бойы ушырасса да қайсы елге,
Жалғаулық айырмасы болған менен,
Еп-еркин сөйлесип жүр болып бирге.

Қыпшақ деген ел екен узын-шубай,
Ауыллар гейде узақ, бирде сыбай,
Жай салыу, қоныс басып дарақ егиу,
Оларға дәстүр емес отырықшыдай,

Мыңлап қой түйе, жылқы сақлар байы,
Бир ғана ойлағаны малдың жайы.
Ҳәр урыу малы көпти көсем тутқан,
Елине хан-патшадай абырайы.

Көшеди жайлау излеп бирден-бирге,
Малларын апарады отлақ жерге.
Дүньясын түйесине артып алып,
Қоныудан үйин тигер жайып ирге.

Барғанға-қайдансыз-деп сорасады,
— Бизге қонақ болың! деп таласады.
Миймanды ҳәммесинең улық тутар,
Бул да бир адам ушын жарасады.

Ҳәл жеткен қонағына малын сояр,
Ҳаял-қыз хызметине болар таяр.
Таныcын, танымасын, мийман десе,
Ийилип дәстүрханға барын қояр.

Бес күн қонақ келмесе сағынады.
Жасы киши үлкенге бағынады.
Хорезм деп сораса, халық ишинен,
Анықлап жол силтеуши табылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бир гүмбез кула дүзде турған көптен.
Белгисиз қай заманда соғып кеткен,
Гүзедей иши сырлы, сырты суңқақ,
Дөңгеленип түскендей аспан-көктен.

Күн батты, геўгим қара кийим кийип.
Дүнья жым-жырт, түксийген қабақ үйип,
Қос жолаўшы пияда аяңлаған,
Гүмбезге жақын келди гурған бийик.

Узақта болғанлықтан барар ирге,
Қоныўға макулласты олар бирге.
„Жин-жыпыр да, ийт-қус та жоламайды,
Гүмбезли, әўлийели бундай жерге"—

Деп ойлап, шақмақ шағып билди төрди,
Тамызық етиў ушын шөпшек терди,
От жағып қыздырынса, бир жағынан,
Бәлени дарытпаўға сүйсў көрди.

Екеўи қула дүзде отын жақты,
Ай туўып, Күншығыстан күлим қақты,
Буларды мазақ етип турғандай-ақ,
Бир байыўлы ушып-қонып шықылық атты.

Бир қарт айтты:—апырмай, билмей турман,
Неге көп қақылдайды кудай урған?!
Адамның алдап аўзын қыйсайтыўшы,
Тап нағыз жин емес пе усы турған?!

Бири айтты:—көк соққыр, олай деме,
Жин емес байыўлы деген ол бир неме...
— Тоқтай тур, тағы сесгин түрлендирди,
Адамдай сыңсып атыр онда неге?!—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп елирип екеўи қатты састы,
Тағы аттай дүбирлеп, жақынласты,
„Бул жер де жин-жыпырға орда екен“ —
Деп екеўи тапырақлап тура қашты.

Алды артына карамай айрақласып,
Ҳәпзамат бир төбеден кетти асып,
Сол мәҳәл қулдыраған жалғыз атлы,
Келип қалды гүмбезге жақынласып.

Жолаўшы аттан түсип, демин алды.
Қазық қағып, байлайды жипек жалды.
Ог жанып тур, бундағы адам қайда? —
Деп ойланып, шамалы ҳайран қалды.

„Бүгинше усы жерде гидиремен“
Деп енди суўын ишти мүдиреден.
Нанын жеп, от басында отыр еди,
Бир даўыс еситилди илбиреген.

Созылып, үзиледи сыңсығандай,
Гейде тоқтап қалады тыншығандай.
Кәпелимде шапшыйды солғын даўыс,
Бедении темир менен шымшығандай.

Бир хабар алыў ушын шыққан сестен,
Ер жигит ҳеш нәрседен сескенбестен,
Қулақ салып, тың-тыңлап, адым атып,
Дәл даўыс шыққан жаққа жүрди әстен,

Қараса қатар-қатар өңкей мазар,
Орын аз адым атлап, тақым жазар,
Жипектей шыйратылған нашар даўысы,
Бийшара көрген екен қандай ҳазар?

Ай аспаннан көз тигип, жарық берген,
Шоршып кетти жолаўшы барып бирден,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулағына ап-айқын еситилди,
Тақыядай ойылған жарық гөрден.

Ултаны терең етип қаздырылған,
Қапталлап, ағаш пенен жапсырылған.
Үстине қамыс, шийден қоршаў етип,
Мол-молакай топырақ бастырылған.

Жолаўшым қайта кейин адым атты,
Не ислерин билместен басы қатты
Жер астында еңиреген жумбақ даўыс,
Жигиттиң ой-жигерин толқынлатты.

„Жин емес, бул бир нашар адам шығар,
Өлди деп көмип кеткен нadan шығар,
Әждарҳаның аўзындай гөрге сиңип,
Әрман менен жүреги талған шығар" —

Пикириниң ақыры соған соқты,
— Бирақ мен түсинбедим мына оғты?—
Деседе тәўекелге белин байлап,
Қайтадан даўыс бетке адым атты.

Қыялый қорқынышқа қарсы барды,
Гөрдиң үстин ақтарып, аршып жарды,
Ишинде тикке турған бир адамды,
Кепиннен тутып турып, тартып алды.

Ақсүптиң жыртылғанда басган шети,
Жалт етти бир арыўдың айдай бети!
Қара шаш булттай дөнип төгилип тур,
Ай менен шағылысқандай түс-келбети.

Баста азлап закым бар, билинбеген,
Кеселдиң қармағына илинбеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаз мойынлы, қаракөз, аршын төсли,
Омыраўында қос алма дирилдеген.

Ийбинип ақ денесин жасырады,
Ийегине шапшып тур жасы барып,
Тулабойы қалшылдап, қамыққанда,
Көкиреги ситигип басылады.

Суўық жел етин сүйип, тоңды қатты,
Жигит дәрҳал үстине кийим жапты.
Қалжыраған денесин жылытыў ушын,
Лаўлатып сора менен қаңбақ жақты.

Мийрманлы түр менен қызға қарап:
— Не аўҳал, қарындасым?-деди сорап.
Паромон булғар тилде сөйлесе де,
Бир-бирине түсинди олар бирақ.

— Әкем мениң Әлимбай, емес жарлы,
Саўма деди жан анам асаў нарды.
— Ол мени теппейди-деп саўып едим,
Сезбедим оннан соңғы хабарларды.

Тур еди ертең аўыл көшейин деп,
Ойлап ем шубат ислеп ишейин деп,
Ана тилин алмаған сорлы басым,
Тур екенмен тар гөрге түсейин деп.

Қара нар маңлайымнан тепкен шығар,
Тапжылмай бирден бийҳуш еткен шығар,
Өлди деп ата-анам зар-зар жылап,
Уламалар көмдирип кеткен шығар!-

Деп көзинен ағызды моншақ жасын,
— Жылама аман қалдың қарындасым!—
Деп жигит аяншлы жүрек пенен,
Сыйпады желбиреген жипек шашын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжел менен айқасга көрген қысқы,
Топыраққа былғанған қыздың усти,
Маңлайынан сыйпалап, еркелеткен,—
Өзиниң Людмиласы еске тусти.

Жолаўшы сапар шеккен дым алысқа,
Иселесин азлап енди демалыспа.
Әлимбайдың аўылы аза тутып,
Қайғының изи дөнди қуўанышқа.

Теректей жапырылып аўыл-аймақ,
Қыз атасы, анасы алақайлап,
Жас қонақтың алдына қоя берди,
Ет, қымыз, қазы-қартаң, ыссы қаймақ.

— Тәңири қайтармаған дәўлет-бағын,
Алса да Әлимбайдың бир тырнағын,
Әўлийе жер астынан тартып шығып,
Жан берген, солдырмастан жапырағын.

— Қудайға қәтерели Әлимбай да...
— Тәңири менен сөйлесиў оған қайда?!
Мениңше ҳақ безерген қонақ жигит,
Тәңирим суйиклисин сыйламай ма!

— Дулдулин кисенлеп я тусамайды,
Жетер еди жаныўар қуўса айды.
Өзи де ҳәзирети Қыдыр шығар,
Қарапайым адамға усамайды.

— Сонлықтан жан бериўдиң жолын тапқан,
— Ол өзи келдим депти Мәскеў жақтан,
— Әўлийе елге сырын паш етпейди,
Хабар алып турса да тәңир-ҳақтан.

— Мен көрдим жигит-ҳәсем, тулпар-аты,
Пайғанбардан кем емес салтанаты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бизлердей жарлы-жақыбай сорлыларға,
Қәнекей тийеғойса шарапаты!-

Усындай сөз даўылы қуйынлады,
Гүўилдеп ел аўзынан тыйылмады.
Паромонның дабылы көкти жарып,
Барлық журт „әўлийе“ деп мойынлады.

Бүгилген бел тиклепип, жазып бойды,
Әлимбай гүрилдетип берди тойды.
Ат шабардың, гүрестиң жарысына,
Атан түйе, қос жорға бәйги қойды.

Далада алпыс жерден ошақ қазып.
Түтинлери аспанға буўдақласып,
Жыйналган аламанды тойындырды,
Сараң бай Ҳагамгайдай қолын жазып.

Домбырасын шалқытып серилери,
Бурқып-бурқып алады әри-бери.
Жигитке араласып, ҳәзиллесип,
Қосыла ҳән шырқайды перилери.

Жигит-қыз жорға сүрер жалтылдаған,
Бай қызлары кийимин алгынлаған,
Басында жарасықлы сәтең бөрик,
Төбесинде жығалар жарқылдаған.

Гей үйде жыйнап елдиң ғарры-жасын,
Қарт жыршы гүмбирлеткен домбырасын,
Бурынгының батыры мақталғанда,
Үлкенлер отырады шайқап басын.

Ат шабар. гүреслери болды тамам,
Қызық көрип еки күн уйықламаған,
Жолаўшы тағы үш күн демин алып,
Етпекши болды енди жолын даўам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атқарып болыўдан-ақ усы тойды.
Биреў жылқы, биреўлер айдап қойды,
Әкелип әўлийениң атағына,
Сыйлық ушын шаплаққа байлап қойды.

Жырласам буның өзи үлкен дәстан,
Узақ сөз айта берсем қалдырмастан.
Жолаўшының маллары артып кетип,
Анаў-мынаў байларға шамаласқан.

Мынаған да сүйсинди барлық халық:
Жетим-жесир, жарлыны жыйнап алып,
Жолаўшым барлық малын үлестирди,
Хошласып жүрип кетги ылғал салып.

„Диний дәстүр дегенлер шықты қайдан?—
Ҳийлекерлер алдаған усындайдап
Кәраматым жоқ десем исенбейди“—
Деп жолаўшы бул иске болды ҳайран.

Гейде динге исенсе, гейде ермей,
Жүрген еди жүреги ярый бермей,
„Дүньяда ҳеш бир халықтың жаманы жоқ,
Бирпара түсинбейди өзи көрмей.

Қонаққа туўысқандай жалбақласып,
Туратуғын ел екен жүрек ашық.
Мениң тек адамшылық борышым-ғой.
Тири қызды гөринен алсам аршып.

Усынша ел жүреги жалынлады“—
Ядында қыздың қал деп жалынғаны.
— Сен ушын жаным қурбан ағажан!-деп,
Айтса да тилек қабыл алынбады.

Жақсыны қайта көрмеў жанға өтер,
Ҳәрким де өз қатарын таўып кетер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әттең тек, ер жигиттиң алдын күтип,
Қара бултгай дөнбесе қәўип-қәтер.

Жаслық от жигеринен ушқын атты,
Муҳаббат тыным бермей лаўлап қатты,
Кең қыял ләззет берип қуўатына
Сағыныш ғеўдесинде туўлап жатты.

Намыс қымбат мал-дүнья, ақшадан да,
Ел сыйлаған ер артық патшадан да.
Кел тулпарым, тезирек атланайық,
Бурынлаў жетиў ушын Көкше ханға.

## IX

Көкше отыр бир бәлени ойлана.
Өз-өзинен гүбирлейди жай ғана,
Жүрегине уў жыйланар уялап,
Мәкәрьяга ашық болған ғайбана.

Дүньяда ҳеш болмаса да кемиси,
Қыяллары бирин-бири тебисип,
Мәкәрьяны соныа қатын үстине,
Жупты етиў бир әрманы-тек усы.

Тоғайларда қуўсырынып қасқырдай,
Үлкен-үлкен шәҳәрлерге бассынбай,
Бийғамлықта шет-жебирди дуўлатып,
Жайпап өтер Жәйҳундағы тасқындай.

Ийек қақса бәржай болып пәрманы,
Қан қақсатып дийқан менен шарўаны,
Сиңип кетер Қызылқумның шөлине,
Бир өзиниң үш-төрт жерде қорғаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талап алған олжаларын жасырып,
Бир ақшамда жоқ болады асығып,
Қул да, гүң де саттырады Еранға,
„Башыгарлы аладағдан“ асырып.

Сәйҳунге де барып қайтты ел талап,
Байларының алтынларын қалталап.
Қарсыласқан шарўалардың геллесин.
Домалатып қылыш пенен балталап.

Қурал менен қарыўына сүйенип,
Бағдатқа да етпекши ол ийелик.
Урман-пәрман хабар алар шәҳәрден,
Жансызлыққа дийўаналар жиберип.

Пәш түсирсе дийдигине келгирип,
Бир ақшамда әскерлерин желдирип,
Сол шәҳәрди қылқ еттирип жутпақшы,
Халқын қырып, Дәўқараны өлтирип.

Байдың елге келгенлигин еситти,
„Дәўқараның көкиреги өсипти,
Ләшкеримди жаңбыр етип жаўдырсам,
Таппай қалар киререне тесикти!“ —

Деп бозарып қыймылдады ерини,
Өз сертине сүйсингендей керилип,
Аспандағы айға шаппып жүреги,
Отыр еди қыялына берилип.

Биреў келип: — Патша ханым дат! — деди.
— Ҳәй бийдәўлет, арзың болса айт, — деди.
— Гүнам болса кешнрегөр тақсырым,
Мине Бағдат шәҳәринен хат, — деди.

Сөйтти де ол төгип турды көз жасын.
Тилегим тек жаман хабар болмасын! —



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деген шақта пәшшеплерге буйырып,
Заматында тайын етти молласын.

Кейнин көрсе, Мәкәрья қыз жазыпты,
(Хат бергеннин бетинен қан қашыпты.
Себеби сол,-жаман-жәўтик хабарға,
Хатты алып келген адам жазықлы).

„Дуўай сәлем, дәбдебели ханымыз,
Аманлық-па геўледеги жанымыз,
Келе сала азық-түлик соратып,
Таўсылды ма шайнайтуғын наныңыз?!

Бир есаптан бизиң елге миймансыз,
Бүлдиргини салып жүргениймансыз!
Ат ойнатып дийханлардың жерине,
Қырманларын айдамастан „жыйғансыз!“

Келип бирден тепкилепсиз төримди,
Көзинизге қандай бәле көринди!?
Жақсы мийман „төр меники“ дей салып,
Гайры елге көрсетпейди көримди.

Ханман депсиз, ханлар сондай болама,
Гедир-будыр хат жоллапсыз қалама,
Диййуанадай бирден азық соратып,
Халық ийеси қайыр тилеп ала ма?!

Бериң депсиз шегарадан жер бөлип,
Ҳеш ким елге тиймеп еди жел болып,
Бола қалды сиз келгели булагай,
Манқыйысып жүре бермей ел көрип.

Жанған оттай шарпып турсыз жараға,
Көп гулгыла түсти енди арага,
Көкше ханның қол астына кириң деп,
Зорлағанда енди адам барама!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Залымлықтың ығбалына ергенсиз,
Бар ықласты қан төгиўге бергенсиз,
Мени сорап не жаздыңыз аға мà,
Яр боларма сен сыяқлы көргенсиз!

Бәри адам хан-ба, мейли қараша,
Ашық көңили бир-бирине жараса,
Яр атасын муш көрсетип қорламас,
Оның қызын сүйгеним деп санаса,

Есер екен бир аўылдың Дүйсени,
Жалаң аяқ тепкилеген шийшени,
Шашыраған қыяқлары қалалып,
Аўырыўға шаталыпты сийсери.

Бир заманда әждарҳалар көп болған,
Көрген жанды жутып жалмап, жеп болған.
Ләпсиқаўлық өз басларын жалмапты,
Тұқым қалмай бул дүньядан жоқ болған.

Сизиң бәлки сондай шығар күшиңиз,
Бизлер емес жутатуғын кисиңиз,
Келиссеңиз сөйлесейик адамдай,
Ысқырсаңыз, омырылар тисиңиз.

Жеримизге қанат жайған қыс қары,
Кетсин қыстың суўық пенен ызғары,
Хан болсаңыз бес ай мәўлет сораймыз,
Болсаңыз сиз ашықлықтың қуштары.

Буның ушын сынбас деймен сағыңыз,
Сыналады ығбал менен бағыңыз,
Гүрес пенен ат бәйгиге бас тиктим,
Палўан сайлап, атыңызды бағыңыз.

Сабыр әйлең, сонда сизди күтермиз,
Өзимиз-ақ той-тамаша етермиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат оздырып, палўанлықты асырған,
Мәрт болсаңыз еркиңизде кетермиз" —

Деп пәрийзат салмақлырақ жазыпты,
Имза менен бай да мөрин басыпты.
Көкше буған мыйық тартып күлген-соң,
Бийғам болды хат әкелген „жазықлы".

Зилдей сөзлер жанға сирә өтпестен,
„Тап сол қызды алмай билла кетпеспен".—
Деп—те қойды шадман болып Көкше хан,
Утпасына тийттай гүман етпесген.

Жуўап берип, кереклини қалдырды,
Яранларын шарап пенен қандырды.
Қыял таўлап, сазенделер жыйнатып,
Жин соққандай қыздырмақта таңдырды.

Даңғаралы гиржек, дуўтар шалдырды,
Гейбиреўлер даңгырлагты танбурды.
Бенде болган айдай арыў қызларды.
Қосық айтып бериў ушын алдырды.

Ханы отыр қулақ салып буйығып,
Қызлар бетге көзлериниң қыйығы,
Қосық түўе, қолға түскен қызлардын,
Жылай-жылай түсип кеткен ыйығы.

Қорыққанлықган, даўыс косты бәри де,
Бундай лапыз Көкше ушын дәри ме,
Басы-қосық, изи-жылаў болса да,
Залымнын ҳеш келер емес кәрине.

Жүреклерге қасақана уў басты,
Ғам көңиллер қайғысына шуўласты.
Хан да адам, не себептен күледи,
Көре турып көзлердеги нуў жасты?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Селкилдетип уаўдай мурıты, сақалды,
Күле-күле түкирикке шақалды,
—Маған шадлық-душпанларым жыласа,
Болды, әкет шуўылдасқан сағалды!—

Буйрық берип ҳәммесин де, таратты,
Қотарады қызыл қандай шарапты.
— Бағдат пенен көрермен!—деп тағы да,
Қәҳәр менен силтеп қойды жарақты.

— Дәўлет қусы кетпей турса басымнан,
Қайтпай турса күш-ғайратым тасыған,
Мәкәрьясын көкке ушса аяқтан,
Жерге сиңсе жулқыларман шашынан!

Мине мениң арысландай турысым,
Таўды бузар Зулфухардай қылышым,
Ат оздырып, палўан жығып алмасам,
Бул дүньяда Көкше атым қурысын!—

Деп гижинип былғап қойды билекти,
Өжетлесе аўнатады үлекти,
Бир өзинде он қабанның күши бар,
Қан шашыўға қасқырдан да жүрекли.

Саўашларда мүдирмеген, талмаған,
Өз атасын қанжар менен жалмаған.
Адамдағы шарапаттың, мийримниң,
Бунда сирә бир түги де қалмаған.

Муш жумсаса жулдырығы батпандай,
Күш-ғайраты шыдатпайды мақтанбай,
Қастын тиксе, қан қақсатпай қоймаған,
Әпшеринен көрген адам қорыққандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# X

Тоз-тоз етип зимистан қарын,
Самал сорып жердиң ызғарын,
Бәҳәр келип ашты қушақты,
Жабайы гүл жипек шашақлы.
Жуўсан, селеў жупарын себер,
Күн сәўлеси нурларын төгер,
Буйраланган жантақ соралар,
Шырмаўықлар оған оралар,
Топырақты уйпа-жуйпалап,
Екпин самал өтер сыйпалап.
Толқынлардай ойлы-бийиклер,
Шаңқыласар қулан, кийиклер,
Тап мысалы дәрьядай ағын,
Көз ушында булқыйды сағым,
Болса керек шарўалар, байлар,
Мөңкилдесип бир үйир қойлар,
Шоқ сақаллы бир қара серке,
Басын шайқап үнилип жерге,
Әстен ғана адымын атлап,
Баслап барар ҳәр шөптен отлап.
Қойлардың көп сарысы, ағы,
Қаракөл де аралас тағы,
Сәўле жайса аспанның күни,
Илгеклердей қамардың жүни,
Булкилдейди ҳәр түске енип,
Жалтырайды көк-жасыл депип.
Жол бойында әййемги қорған,
Сақшылардай бозарып турған.
Қатарласып сексеўил өскен,
Иннен шығып созылып әстен,
Тыста ойнар қырдың жыланы.
Еркин жүрип машқы қылады,
Шыйратылып қайысқа усап,
Бес бүкленип қуйрығын тусап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыздырынар бийиктен түспей,
Шағылысады күнге гүмистей.
Жан көринбес қорған қасында.
Қашығырақ төбе басында,
Еки шопан қойларын жайып,
Жамбаслаған зәрре қыйсайып,
Гәплеседи басларын таяп,
Қасында ийт, колларда таяқ,
Бир нәрсеге таңланып бирақ,
Өрре турды едирейип қарап.
Қула дүзде бир жалғыз атлы
Қулдырайды, желиси қатты.
— Я әперин, апырмай жора,
Атлының бир түрине қара!
— Келисикли сыны-сымбаты,
Қандай көркем астында аты,
Қоблан минген торыдан бетер,
Қунтыйғанда қуска да жетер...
—Кәрамат—ғой бастан аяғы,
Тулпар деген сол ма баяғы?!
Үстиндеги мәрт Қоблан шығар,
Гүрескенде бир мыңды жығар!
— Қандай қызық гүрине қараў,
Адамзатта наркелле бар-аў!—
Шопанлар тур танлайын қағып,
Өтти атлы жуллыздай ағып.

Гүркирейди жаныўар терлеп,
Бийикледи кем-кемнен өрлеп,
Тынбай желип, тынбай шапқылар,
Мунарланды булттай шоққылар,
Өркешленип түйедей шөккен.
Күн сәўлеси күлимлеп көктен,
Нуры егеп таўлардың басын,
Самал жалап айнадай тасын,
Ала бултлар көшип төбелеп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтип кеткен, суўын себелеп.
Тамшы қонып шөпке, путаққа,
Жалтырайды гүмис шытақтай.
Сап ҳаўаның салқын самалы
Желпип өтер беттен шамалы.
Қара таўдың төбеси қызық:
Жар-сайлары мысалы сызық! —
Бири бәлент, бир жери алаң,
Шоққылары кийимсиз жалаң.
Ақ, қызыл, көк, қоңыр ҳәм сары, —
Бояў яңлы топырақлары
Тасбақалар мамырлап басып.
Арқасына қыстырған қасық.
Алашубар жылтырақ тастай,
Жайылып жүр асықпай, саспай.
Көкке шаншып таўдың қыраны,
Әл-ҳаўада ойын қурады.
Олай-булай атылып топтай.
Желди тилип зуўылдар оқтай,
Тағы бири самғап қышқырып.
Тырнағына қоян қыстырып,
Олжа таўып асар асына,
Барып қонды шыңның басына.

* * *

Бәрин де көрип баратыр ағлы,
Теңизге келди, толқыны қатты.
Тирелип жарға тақалған мушы,
Аспандай жасыл, көринбес ушы.
Шапшыйды ақбас көбигин шашып,
Қашады таўдың аяғын қасып.
Оқталып турып, қайғадан шабар,
Тыңламас сирә алдында не бар.
Көк-көңбек толқын маңлайы қасқа,
Керилип турып, соғады тасқа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Куслардың сонша базары қызған.
Әткеншек етип қалғынды муздан,
Биразы отыр қақайып, бүгып,
Үстинде муздың шайқалып, ығып.
Қасқалдақ жүзлеп жайылған сууда,
Үйрилип, ушар ғаз бенен қуу да.
Алмабас үйрек жасыл ҳәм сары,
Гүллердей дөнген басында пәри.
Музлардың майда қыяғын шөпшеп,
Қанатын қағар басларын екшеп.
Аққуудай көкке қулашын жайып,
Баратыр зырлап желқомлы қайық.
Қайтқан ба деймен қазасы майлап,
Жулқыйды самал қаңбақтай айдап.
Желкилдер желқом зууылдап ыққа,
Ернеклеп кеме толыпты лыққа.
Жайпауда өскен бес-алты терек,
Аржағы оның ел болса керек.
Жолаушы өтти қуйындай зырлап,
Хошласты теңиз толқынын былғап,
Кем-кемнен узап көринбей қалды
Өркешли шоққы еле-де алды.
Төбеден өтип төбеге жетер,
„Шуу" десе тулпар атлығып кетер.
Қаншелли ой ҳәм қырлардан асқан,
Ҳәммеге ортақ көгерген аспан.
Жерлердиң бир-биринен өзге,
Жаңалық болып көринер көзге.
Жол бойы ылғый миймандос халық,
Шаршаса қонды дем-немин алып.
Минекей булар Хорезм жери,
Лүпилдеп жүрек келгеннен бери,
Көринер ысық Мәкәрья қыздай,
Келеди жигит жүрисин бузбай,
Барғанда қандай өзгерис табар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Белгисиз buған жаңалық хабар.
Соншелли жолдан келгенде жетип,
Атасы қыздың тас-талқан етип,
Сезиўден буны буркыса қызса,
Жүректи унтап, шырышты бузса,
Не болар буннан кейинги өмир,
Деген де ойлар қыйнайды не бир.
Әўели өзим байқайын барып,
Жүре тур жигит, алдыңыз жарық.

## XI

„Ең алды менен араларымызда елшилер қатнасығы болған еди.. Ҳәзирги мәҳәлде елшилериңиз келиў менен бирге, Сизиң жиберген идаранамаңызды алдық ҳәм елшилериңизге өзимиздиң елшилеримизди қосып жибердик"...
(Қарақалпақ ханы Ешмухаммед султан тәрепинен 1721-жылы уллы Петр патшаға жиберилген жарлығынан пәрше).

Басы мең-зең Дәўқара,
Шыр-пыр болып бийшара,
Қалды үлкен ҳәлекке,
Өйтпесликке не шара.

Үстинен түсип жорғаның,
Минип көрди қорғанын,
Шығып таўдай бийикке,
Ойлап турды әрманын.

Жаўдың зықы өтпекте,
Күнлер жылжып кетпекте,
Тақалып кем-кем киятыр,
Ўәдели мәҳәл питпекке,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислесе де ҳәмелин,
Я өлтириў, я өлим—
Көкше менен шайқас бар,
Не болары нәмәлим.

Уйқы қашты көзлерден,
Сарғайып жүзи өзгерген.
Сескенбекте „Көкше хан
Мийримсиз“ деген сөзлерден.

Гезлескен емес хан бурын,
Аты шығар жаңғырып,
Сескенсе де Дәўқара,
Сездирмес журтқа жан сырын.

Қалтырайды жүреги,
Шыйрағырақ жүреди.
Устаға садақ соқтырып,
Таярланды кереги.

Жыйналды ләшкер алдырып,
Сәркабын бәлент салдырып,
Қыйсық топлар оңланды,
Кенсерленди жаңғырық.

Үлкен-киши жыйналды,
Әскерий - ойын ойналды,
Жаўға қарсы турмаққа,
Батыр, палўан сайланды.

Дәрпенип турған бири жоқ,
Сазланбақта ири оқ.
Көкше ханның лабынан
Қорқатуғын түри жоқ.

Соранды ҳәмме барсақ деп,—
Жаў жүрегин жарсақ деп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәкимнен буйрық күтпекте,
Аламанлар қоршап көп.

Исенбей ме қараўға,
Рухсат жоқ барыўға.
Бийғамлықта журген жоқ,
Мәкәрьядай арыў да.

Өз дәскесип жасырған,—
Алмас полат ҳасылдан.
Қырық қыз шықса сайраплап,
Қарыў-жарақ асынған.

Күш күн-күннен артады,
Диййўаналар арқалы,
Лапылдаған гәплерге,
Бул неге көп қорқады?

Дик-дик етер қулаққа,
Дослар жатыр қамақта.
Урысса, жаў соларды
Алға тутар биракта.

Ул-қызларды қамады,
Жас жаңбырдай тамады.
Алдына айдап әкелсе,
Булар қалай шабады!

Жаў қолында әсир көп,
Жүрегинде тәсил көп.
Қайтпақ емес ырайдан
Жалынса да есиркеп.

Турыў мүшкил жай жасап,
Аңсаг емес байқасак,
Бир ҳәрекет етпекши,
Елди жыйнап той жасап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Той мәниси--басқалаў,
Болар үлкен бас қанаў,
Жеткермейди мурatка,
Жаўдың күшин пәс санаў.

Турмаса да камалап,
Ўақыт келди шамалап.
Аўлағында жас шығар,
Бай көзинен домалап.

Адымларын жай баса,
Сарсылады ойласа.
Сондай болар адамның
Қаның қайғы жайласа.

Ғаўға түсип арага,
Кәтер туўды қалаға,
Айдай арыў Мәкәрья
Жаўға бенде бола ма?!

„Шаштан сүйреп тағылары даланың,
Жаў қолында шырқыраса арыўы,
Ҳәл жетпеген ата менен ананың,
Еңиреп қалыў—жалғыз ғана карыўы

Жабайылар сулыўларды камшылап,
Ериксиз айдап кетпеди—ме гүң етип,
Қарсыласса, мойнынан қан тамшылап,
Адымында жайлады жаў гүм етип!

Қандай жүрек шыдар қызын қыймаға,
Көринбесе адамшылық ҳүрмети,
Инсаният шерик бирақ дүньяға.
Жақсылардың жат болмайды миллети.

Орыс пенен қыз берисип, қыз алыў—
Әйиемгиден ата-баба дәстүри.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жабайылық—миллет бөлип қызғаныў,
Жатсынған жоқ орыслардың ҳеш бири.

Князға мен жөнли жуўап айтпадым,
Перзентимди сорағанда келинге.
Неге бирден ўәде берип қайтпадым,
Пайғамбарға беремен бе елимде!

Еки жүрек бирин-бири сүйипти,
Өз қызымның ынтық оған қыялы.
Излемей-ақ Паромоннан бийикти,
Қосағойсам болмас еди зыяны.

Арқамызға аязлардай тур батып,
Перзент ушын ой-қыялым сол мениң,
Зорлық пенен Көкше алса шырлатып,
Онда нағыз зарлаў менен өлгеним!

Сақла қудай тап сонындай дозақтан,
Келтиргейсең ықбалының орайын,
Арзамасқа өз қолымнан узатсам,
Болар мениң барып-келер сарайым!“

Деп Дәўқара налып отыр изинен,
Айттырғанда шоршып көшкен кәрўаны,
Сезгир адам оқыр еди жүзинен
Ағыслардай ийримленген әрманын.

Сасқалақлап Арзамасқа жазды хат,
Ҳаплықпалы гәплер менен бир неше.
Ер жигитлер минип кетти сайлап ат,
Князына жоллап еди дәл кеше.

Еркетайым билмесин деп мақулы,
Хаттың сырын сездирмеди хеш жанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер күйеў келмей калса шақырып
Гэп болармап деп ойлады душпанға.

„Перзентим бар қолдағы,
Өмир бизди алдады.
Туўлаңқырап кетип ем,
Пикирим дурыс болмады.

Әпиў етсин тақсырым,
Бабаңыздың әрўағы!
Өкинишли мен болдым,
Тислеўли турған бармағы.

Көп ғалаўыт туўдырды,
Қызылбас пенен қалмағы.
Жүрегиме батып тур,
Қапалықтың салмағы.

Ҳәзиринше қараңғы,
Тәғдиримиз алдағы.
Гүң болып кетер перзентим,
Илинсе жаўдың қармағы.

Гедир-будыр сөз жазып,
Душпан бизди қорлады.
Намыс болар қызымның,
Өзи излеп бармағы.

Сиз бенен қуда боламыз,
Тезирек жетсин балаңыз!
Шыбын жаны саў келсе,
Иззетте күтип аламыз.

Қызым ушын қыйналса,
Биз де ырза боламыз,
Жаў жағадан тутпаса,
Той-тамаша қыламыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўаныш пенен узатып,
Жақынласар арамыз,
Бастан өткен хәтеге,
Не десеңиз турамыз!"

Деп жазыпты сасқаннан,
Қарап тур жерге аспаннан,
Гүўлейди сәўир самалы,
Пәт алғандай душпаннан.

Булт зуўлайды ҳаўалап,
Күн сәўлесин қамалап,
Қорғанға жел соқпақта,
Шаң-жапырақ сабалап.

Дәрья суўы ырғалар,
Ислемей тур дарғалар,
Жол бойында шыйқылдап,
Ўай-ўайласар арбалар.

Нөкерлер де жалақлар,
Қолларында жарақ бар.
Ҳәлиң нешик дегендей,
Бас шайқайды дарақлар.

* * *

Дәўқара аға, муңайма,
Көп сыйындың қудайға.
Бултлы күн келсе бурaңлап,
Ел басқарыў оңай ма!

Хат жазыпсаң мақуллап,
Баратыр елшиң ағынлап,
Тусынан өтти күйеўдиң,
Келип қалған жақынлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билмей қалды бул бирақ,
Олар да кетти қулдырап
Ҳәли мүшкил елшиниң,
Шәҳәр алыс, жер жырақ.

Әсер етти маған да,
Ғалаўытлы заманда,
Ортақ болып қайғыға,
Көп қыйналдым соған да.

Жолларына қарайын,
Күйеў менен ағайин,
Дийдарласар күн туўса,
Сүйиншисин алайын!

## XII

*„Досты басыңа ис түскенде сына“ (халық мақалы.)*

Көл бойынан жапырылып ылашық,
Бийшаралар көширилди шың асып,
Пана тутып әтирапын Бағдаттың,
Қатар-қатар үйлер қонған сығасып,
Жаўға оттай кеги артқан елиниң,
Отырмастан бурынғыдай жуўасып.
Кимде қылыш, кимде найза, кимде жай,—
Жигерленди төбесине туў асып.
Сол аўылдың ишиндеги бир үйден
Таң сәҳәрде даўыс шықты жыласып.

„Ырыл-тырыл өтсе болар бес күним“—
Деп айтылған нақылындай ескиниң:
Ҳәли жеткен жалғыз сыйыр асыраса,
Биреўлери сүтин ишер ешкиниң.
Бул ушын да шүкирлик көп қудайға,—
Жаў шаппаса зәлели жоқ ҳеш бунық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтемурат болған емес үмитли,
Елге аман келеди деп ҳеш кимин.
Үлкен улы майып болып табылса,
Аяз келди серпин таслап кеш түнин.

Қуўанлырды ғаррыны да, жасты да,
Арқыраған арғымақ бар астында,
Қарлығашы егил тегил жылады,
Нәрестесин баўырына басты да.
Жабырласты ата-ана, ағайин,
Сәпурадай қыз әкеси бас қуда.
Аяз аты бирден бирге таралып,
Таңландырды душпанды да, досты да,
Жигит кетти бир күн тағы атланып,
Қарлығашты ағасына қосты да.

Аўыл қалды бир көргендей жыл қусын,
Туўысқанлар ҳайран болды бул ушын,
Ал Аяз жүр көлден көлге шапқылап,
Бағып алып Дәўқараның жылқысын.
Ер жигиттиң бир мақсети және бар,
Жүрген емес қара бастың қулқы ушын.
Сүйген қызы Сәпураны ойласа,
Түн жарпында бузар таңлы уйқысын.
Не себепли шыңға шығып қарайды
Өткен-кеткен адамлардың түр-түсин?

Сәпураны атастырған жасында,
Қыз бурыннан Мәкәрьяның қасында.
„Паромонды жол бойынан күтип ал!“—
Деген де бир тапсырма бар басында.
Айтып қойған түрин келер қонақтың,
Оған уқсас жан көрмеди ҳаслында.
Ара-тура барып қайтар қызларға,
Көбинесе болған менен усында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалғыз ғана алып барар сыйлығы—
„Келип қалар, Мәкәрья жан қысынба!"

* * *

Қуяш күлип, аспан-жерге нур төкти,
Сәўле шашып, жарқыратты жер-көкти,
Жәйҳун дәрья сылдыр-сылдыр атылып,
Боз жорғадай секириўин үдетти.
Жер бетиниң қары кетип, доланып,
Бай тәбият ғәзийнесин дөретти.
Екпин самал қолтығынан қытықлап,
Талпындырды жапырақлы теректи.
Жалғыз атлы душпанынан пәрўайсыз,
Келатырған Аяз нағыз жүрекли.

Ҳасыл топырақ жасыл гилем жамылды,
Дарақ бөртип көк леңгалар тағынды.
Жипек ҳаўа сағынғандай сыйпалап,
Бой балқытып, шымбырлатар жанынды.
Ушқыр қыял алғыр қустай шарықлап,
Жеткермейди желдей жүйрик сағымды.
Бәҳәринде айра түскен ашықлар,
Сүйген ярын бир көрмекке сағынды.
Сәпураның оң жағынан күн гуўып—
Тап усындай сүйиклиси табылды.

Ҳәзлик леби шымбыр-шымбыр сезилип,
Қырғаўыллар таранады сүзилип.
Үйрек, ғазлар кәрўан тартып барағыр,
Көк моншақтай қатар-қатар дизилип,
Сыбызғы сес сыңқылдаған ақ қуўлар,
Қанат қағып қонар көлге сызылып,
Аяз жүзди сап ҳаўаның теңизин,
Жупар сепкен көринислерге қызығып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде сонша сүйинеди жүреги,
Гей ўақытта көкиреги бузылып.

Адам көңили ҳәр нәрсени ойлаған,
Жан-жаныўар шадлық пенен ойнаған,
Көлбуғаның дуңкилдескен сестине,
Бәрше қуслар даўыс қосып сайраған,
Ел де қысқы уйқысынан оянып,
Енбек ушын белди беккем байлаған,
Шарўалары мал-қарасын төллетип,
Дийқанлары жер сүрип, қос айдаған,
Жаңа келген ашық жүзли арыўдың
Дийдарына ҳеш бир мақлуқ тоймаған.

Таў төсинде жалтырайды ақ булақ,
Келеберди жигит атын шапқылап.
Олай-булай қадап өтер көзлерин,
Қорқыныўлы душпанынан сақ бирақ.
Қундыз бөрки жалт-жулт етер басында,
Дөңгеленип күн астында жалтырап.
Желбиретип көйлекшениң шашағын,
Уйтқып келер жер жүйриги көк қулақ.
Бирде желип, гейде шаўып жаныўар,
Селгең етсе, өршеленер қаттырақ.

Ағыларма ат туяғы қызбаса,
Жаўға ердиң көкиреги музласа,
Ер тпейди жыллылығы бәҳәрдиң,
Ем болмайды қайғы дәрти сызласа.
Зәрре ғана жеңиллетер жүрегин,
Ой-пикирин ашықлықтан қозғаса,
Қусқа дүнья кеңлигинен не пайда,
Еркин ушын, қанатларын жазбаса.
Аўзын ашқан әждәрҳалар аңлып жүр,
Бир үлкен күш ордаларын бузбаса.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Дийўаналар елин барын шарласын,—
Қала менен аўылларын барласын!"—
Деген нен соң, билип қайтты жансызлар,
Гезип жүрип Дәўқараның шарўасын.
Көкше бирден бес батырын жумсады,
Даўам етип буйрығының жалғасын:
„Аяз қулды тутып, тири әкелиң,
Ҳеш бир қулда бундай нәрсе болмасын,
Елди жыйнап ортасында халықтың
Көзлерине қуйдыртаман қорғасын!"

Алып келген Көкшениң бул пәрманын,
Қарақшылар қаңырап қалған арнанын,
Иши менен ашлып жүрип мышықтай,
Шамалады қай жерлерге барғанын,
Қол шошайтып танып қалды сыртынан,
Жапар елден тартып алған тарланын,
Усы бүгин сол Аяздың мойнына,
Душпан және илдирмекши қармағын,
Сай ишинде қылышлары селтеңлеп,
Жылысады пәти менен жорғаның.

Бул бәледен бий хабар аў Аязым,
Аўҳалына көзим жетип, аядым,
Жаў қызылбас өширмекши дүньядан,
Өтекеңниң қалған генже туяғын.
Адам жанын түршиктирер көргенде,
Душпанлардың секил менен сиясын.
Иши-майлы, күлер олар мырсылдап,
Усы бүгин кисенлеўге аяғын.
Қайтты жигит жылқышыны аралап,
Былғаңлатып жалғыз қурық таяғын.

Аттан түсип, тусаў салды жүйрикке,
Көклесин деп жиберди де сүйрикке,
Жата кетти ер-тоқымын дастанып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шоғырланып қум үйилген бийикте.
Ойында шоқ аңлып жүрген душпаны,
Жас жигиттиң бийғамлығы дейик-пе!
Жаста болса, жаўызлығын душпанның,
Көрип еди басларына тийипте.
Услап, көзге қуйдырғанда қорғасын,
Шийрин жаны қалай шыдар күйикке!

Мәртлик даңқы қара жерди қақ жарып,
Ел ишинде жаңғырмақта мақталып.
Сәпураны шақыртқызып қасына,
Ақшамында отырыспа атқарып,
Қыз-жигитлер қурып үлкен тамаша,
Көрген емес бир-биринен сақланып,
Түн жарпында шықты жигит шәҳәрден,
Қурбы менен қурдасларын жатқарып.
Шаршап ҳәзир көзи талып баратыр,
Қайдан билсин жаў турғанын оқталып.

Қара қуслар сарқып өгги өлик деп,
Жүрген жаўлар қасқырларға еликлеп,
Тарбаяқлап шығып қумның басына,
Жатқан жанды шырмап алды келип тек.
Сол ўақытта Аяз шоршып оянып,
Биреўине жудырықты берип кеп,
Өрре турса, аяқлары байлаўлы,
Келип қалған душпанында шерик көп.
Қайғып барып, жаў азабын көргеннен,
Қайыл еди кетеғойса өлип тек.

Тап болыпты жуўҳалықтың зорына,
Шырматылған жаздырмасғай торына,
Енди буны көриў қайда дүньяда
Ата менен анасына, ярына!
Жылағанда кимлер ортақ болады,
Ер жигиттиң қайғы менен зарына,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат үстине кесе артып өликтей,
Дырды сермеп бас ҳәм аяқларына,
„Батыр“, „кул“—деп ермек етип мазақлап,—
Оқтай тийди намысына, арына.

Өзлерине бахыт санап бул исти,
Оқ жыландай ысқырысып күлисти
Қырдан кийик тутып алған мергендей,
Жалақласып, қоқаң-қоқаң жүристи.
Талай жанның қанып төккен гәззаплар,
Рейимсиз азаплаўға кiристи.
,,Тири келтир“ деген буйрық болмаса,
Урар еди жалақлатып қылышты!
Жаў қолына бенде болған жас жигит,
Сыр билдирмей өлиў ушын тырысты.

От қуйыны жүрегинде борады.
Жас жолаўшы жар басына қарады:
Бес адамның бир адамға ҳийлесин
Бастан-аяқ көреди де турады.
Шыдатпастан адамшылық намысы,
Соған қарай аттын басын бурады.
Жолаўшымыз мегземейди өзгеге.—
Айбатлырақ аты менен жарағы.
Узақ мәнзил қыялардан жол шегип,
Келди әне орыстың зор қыраны!

Ескен желдей жетип барды гүриллеп:
— Мүмкин болса, жол силтеңиз бириң - деп,
Әдеплилик икрамлылық көрсетип,
Жуўап күтип турып еди күлимлеп.
Алды менен тутқын жигит тил қатты:
— Паромонға уқсамай ма түриң?—деп.
Аң-таң болып: аўа!—деген сөзден соң,
Ким екенин айтып берди биримлеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолаўшының толқынланды жүреги,
Бир қуўанып, бир қыйналып, дирилдеп.

Биреў айтты:—Қашып кеткен қулым,—деп,
Тутқын айтты:—Шыққан емес пулың!—деп,
Сизлер менен бир шайқасып өлмедим,
Ғәпилетте шырматылды қолым!—деп,
Конақ айтты:—Жаңа келген адамман,
Билмей турман елиңиздиң сырын көп.
Мәрт болсаңыз аяқ-қолын жаздырып,
Жекме-жекке қане қарсы турың!—деп,
Душпан буған қылышларын көтерди:
— Қымбат емес өзиңниң де қуның!—деп.

Яр хабары жолаўшыны мәс қылды,
Жалынлатып күш-жигерин тастырды,
Намысланып қабағынан қар жаўып,
Бел байлады қутқарыўға жас қулды.
Қынабынан жарқылдатып қылышын,
Душпанларды албыратып, састырды.
Ерегиссе, қоян қуўған бүркиттей,
Бирим-бирим жайратажақ қасқырды,
Ҳешбир ҳәйле-пәйлесине қаратпай,
Жас жигиттиң аяқ-қолын жаздырды!

Жақсылық-дур, сақланады кир жуқпай
Жаманлық-кир, басқа-түскен қырсықтай,
Бетлерине салық болар жаманның,
Маңнайдағы бадырайған тыртықтай.
Күш тәғдири бирден бирге өзгерип,
Аўып кетти зырылдаған урщықтай.
Аяқларын қыя басса душпанлар,
Еки батыр шертилип тур мылтықтай.
Жаңа ғана ысқырысқан жыланлар,
Шүйик болды қус талаған шымшықтай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарақ кетти, күш те кетти душпаннан,
Артық емес қапты тескен тышқаннан.
Әждәрҳадай аўзын ашқан әжелди
Жеңип шығып, Аяз қалды оссаннан
Қапалықтың қара булты серпилди,
Бир уллы күш жетискендей аспаннан.
Досты ушын жанын қыйған жанларды
Еситкенбиз талай мийрас дәстаннан.
Аяз енди өмирине миннетдар,
Не аяйды бундай батыр дос жаннан.

Жаздырылып жаўызлықтың қармағы,
Быж-тыж болды қапалықтың салмағы.
Сәтли болсын сапар шеккен жигиттиң,
Нийетлепген шәҳәрине бармағы.
Еки суңқар емиренип табысты,
Орынлапсын жүреклердиң әрманы!
Шаршамастан шарықласын бийикке,
Қыялымның айға шапқан тарланы,
Тәриплерин тағы даўам әйлейин,
Қоллай ғойса шайырлықтың әрўағы.

## XIII

„Төрт аяқлы ҳайўаннан гөре, еки аяқлы ҳайўаннан қудай сақласын“.

(*халық мақалы*)

Түлкиниң иси-түлкидей,
Қасқырдың иси қасқырдай,
Басқаларға күлкидей.
Өзлерине жақсыдай.

Адамның иси адамдай,
Бир-биринен жақсырақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанхорлар жүрер ҳарамдай,
Ўәдесин бузар қансырап.

Көкше келди кешқурын,
Қырық жигит бар қасында,
Көрмеген жер ҳеш бурын,
Төбешиктиң басында.

Селкилдескен жаў-жарақ,
Нешше түрин асынған,
Мүдире менен шынықап,
Қалдырмаған қасынан.

Адамлықтан жат бәри,
Қылўалары сапырық.
Кисенде жүр атлары,
Егинлерди жапырып.

Сойып-сойып таслатқан,
Диййханлардың малларын,
Биразларды қақсатқан.
Қырып-жойып жанларын.

Қуўырдақлар тасылған.
Гирес-гирес табақлар,
Он бес қазан асылған,
Ағыл-тегил тамақ бар.

Жыйнап жап-жас арыўды,
Зорлап шарап қуйғызған,
Болғанлықтан қарыўлы,
Намысына сыйғызған.

Қарағандай түри жоқ,
Секеклеген есерлер.
Қан төкпеген күни жоқ,
Ылғый гелле кесерлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўлер бар ишинде,
Бети тилким бой, арық.
Бала көрсе түсинде
Шоршығандай оянып.

Семиз де көп былшыйған,
Шекесинде тыртығы,
Тыйық кесип бултыйған,
Ернидеги жыртығы.

Айтар шерин тарқатып,
Салған талай ойқанын,—
Балаларды зарлатып,
Аналарын сойғанын.

— Неге керек жан ашыў,
Тилким-тилким кескенмен.
Бизлер ушын қан шашыў
Аңсат шарап ишкеннен,—

Деп айтысар қырсықты,
Күлкилери ызғар дым.
Тула бойы түршикти
Шарап қуйған қызлардың.

Булар отыр не күтип,
Таўып тағы бәлени?
Буйрық берген бекитип,
Шәррик батыр келеди.

— „Жансыз айтты жақында,
Қорғанынан тысқары,
Сайран етип бағында
Қонар шәҳәр қызлары.

Менсинбестей ис қылды,
Он жигит ерт қасыңа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Салып қайтың мүшкилди
Мәкәрьяның басына!

Дәўқараның сол қызын,
Ертип әкел көндирип.
Асаўланса, жулдызын
Қайта берин сөндирип!

Түнде барыў-қолай дым,
Он жигитке бас болып"—
Деген буйрық қудайдың
Пәрманындай тас болып,

Кеткен Шәррик палўаны,
Болып өзи қумарлы.
Көп кешигип қалғаны,
Асықтырды буларды.

Шарап ишип лап урып,
Қурып атыр кеңести,
Жолбарыслар ақырып,
Ызыңлаған жел есги.

Бирден танып көрипти,
Сақшылар да сақ бирақ:
Келди жалғыз көликли
Алакуйын шапқылап.

Ҳәмме көрди қоршаған,
Шәррик палўан ашыўлы.
Көп қысынып шаршаған,
Айтты бирден қашыўды:

— Қалды бүгин қапылып,
Иркилмейик кетемиз,
Әскер келсе ағылып,
Бизлер азлық етемиз!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қыз қайда айт гәпинди,
Қаштың ба сен қарамай? —
Деп Көкше хан тәпинди,
Жигитлерин сорамай.

— Бираз ўақыт адасып,
Зорға таптық кешигип,
Бир бәлеге шатасып,
Келдим жаман өшигип.

Онбес жигит, онбес қыз,
Отырыспа қурыпты,
Барлығы да жарақсыз,
Бара салдық қурықты.

Бизлер бирақ мәс едик,
Бола қалды булағай,
Ерегистим бәс етип,
Ерлик еттим қуламай.

Душпанларга қарасам,
Балта, кетпен-жарағы,
Батырлыгы орасан
Қырғын салып барады.

Жолдасларым тутылып,
Набыт болды табанда.
Қашпақ болдым қутылып,
Қәўип туўды маған да.

Арқасында қуўаттың,
Жаздырмадым жыйрығын,
Бир нешшесин қулаттым,
Орынланды буйрығың.

Таныл алдым түсинен,
Қызларының ханы бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мыпалардын ишинен
Мәкәрьянды таныл ал!—

Деди Шәррик күлимлеп,
Аттан тиклен геўдесин,
Ылақтырды биримлеп,
Үш-төрт қыздың ғеллесин.

— Азаматым жарайсан,—
Ләшкеримниң батыры!
Салып келдиң ылайсаң,
Жақсы болған ақыры.

Ашыйберсин жүреги,
Жалғыз қыздан айырылып,
Писент етпей жүр еди,
Қалды ҳәким майырылып.

Минип бедеў атларға,
Тепкилетиў — қумарым,
Жалатарман отларға
Шәҳәр менен мунарын,—

Деди Көкше ғарқылдап,
Өз исине мақтанып,
Жарақлары жарқылдап,
Жүрип кетти атланып.

Кеткен тоғыз батыры,
Садақаның малындай,
Сулап қалды ақыры,
Тилине де алынбай.

Муҳаббаты әпекей,
Қыз айттырған батырдың.
Жайпап өгип жөнекей,
Ел қорлаўға батыл дым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара көзлер сүзилген,
Ынтық болып ҳәр ашық,
Қызыл гүллер үзилген,
Қасқыр қоллар жармасып, —

Сулыўлардың геллесин,
Таслап кетти далаға,
Қарға-қузғын көрмесин,
Мен тапсырдым аллаға.

Бурымлар тур шубалып,
Қорқынышлы жыландай,
Гөззал түслер қуўарып,
Әрман ушты думандай.

Қыз султаны өлди ме,
Себеплерин қарайық.
Ашық яры келди ме,
Көнил айтып барайық!

Ақырзаман бирақ дым,
Көрсе ярдың қуў басын.
Елге келген қонақтың,
Жанына кәтер туўмасын!

XIV

*„Орыс князлары қыпшақ қызларына үйленетуғын еди“.*

(*Тарийх бетлеринен*).

Ана отыр қабарып,
Түси солғын ап-арық,
Қорқыныштың оқлары,
Баўырына қадалып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ананың көңли баладa,
Баланың көңли далада“,
Перзенти кетсе белгисиз,
Жыламай ана қалама.

Жырақ жолдан сыр күтпей,
Ғалма-ғал айтып үркитпей,
Ғайып болды жулдызы
Бултқа сиңген бүркиттей.

„Келер ўақыт узады“ —
Деп ана бәрха ызалы.
Әлбегте буған не ғайбыл
Жолының сондай узағы.

Сағыныш өрти тасады,
Жүректен жалын шашады,
Лаплаған қайғы дебдиўин,
Көз жаңбыр менен басады.

Жолына күнде қарайды,
Жолаўшы өтсе сорайды.
Уўайым менен өткерди
Ҳәр бир күнди, ҳәр айды.

Сақлайды мудам есинде,
Уйқыға жатса, түсинде,
Кирпик қақпай шығады,
Гей бир түнниң ишинде.

— Ай оңынан туўып па?
Келер ме баўырым жуўықта?!
Қалай жаны шыдайды
Ыссы менен суўыққа!...

— Иләж жоқ қудай қарғаса,
Күш-қуўаты талмаса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келип қалар баўырым,
Жаў қолында қалмаса...

Айтарының бири—сол,
Сөзлериниң түри сол—,
Людмила менен ананың
Жырлайтуғын жыры сол.

Өткерип солай ўақытты,—
Айралық дәрти аҳуртты.
Дегбирден сасып жүргенде,
Бир күни князь шақыртты:

— Ат себилтип көликли,
Узақтан елши келипти,
Ойланып черный клобук,
Қудалыққа көнипти.

Қайда сизиң балаңыз?
Араға елши саламыз.
Журт жаңартып, қатнасып,
Жақын болар арамыз,—

Деди князь ашылып,
Жуўабын күтти асығып.
Тил қатты ана бийшара
Өксиги зорға басылып.

Айтып берди кеткенин,
Бир неше ай өткенин,
Тәрийипледи тағы да
Пикириниң жеткенин:

— Узап кетти арасы,
Жазылмай жүрек жарасы,
Еле оған бармаса,
Қурыдым деймен шамасы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жибердим неге сорыма,
Түскен ғой, жаўдың торына...
Дегенде бөлип сөзлерин,
— Жаманлыққа жорыма!

Дәлил жоқ жанып күймеге,
Қайғырып қабақ үймеге.
Әжелли бенде өледи,
Шықпастан жатып үйде де.

Ҳаўлықпа, ана ҳаўлықпа,
Өспесин жаслар қамлықта.
Перзентин ҳеш ким сақламас
Салып қойып сандыққа.

Жигитлик оты жел берип,
Сайран етсин ел көрип.
Жүргенликке не жетер
Жаслығында үлгерип.

Кеткен шығар жол асып,
Болған шығар алжасық.
Қосылар мүмкин балаңа
Ынтық болған сол ашық. —

Деп тәселле берипти,
Адам еди көрикли, —
Князьдың айтқан сөзлери
Ананың баўырын еритти.

Кәтқуда еди озалдан,
Қыпшақтан сайлап қыз алған.
Жәмийла сөзин жөплеп тур,
Қапталында буралған.

Тағы да князь ойланып:
— Қапаланбаң қыйналып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жиберейин он батыр,
Тауып қайтсын айналып. —

Деди жүзи күлимлеп,
Қорықса да әуел дирилдеп,
Ананың көңли жай болды:
— Даналық ақыл буның! — деп

Толықтырды кемисти,
Ақылы — арқау, ерисли,
Ел ағасы айтқан соң,
Қуанып ҳәмме күлисти.

Елшиден арнап хат берди,
Қосаққа байлап ат берди,
Ҳасылдан тартыў — сыйлығын
Ат белине бөктерди.

Сазланып жарақ — қарыў да,
Жыйналды ерлер барыўға.
Өз пикирин билдирди
Людмиладай арыў да:

— Рахмет бәрше ағайын,
Өзим бирге барайын,
Ағаны излеп табыўға
Келтирсин қудай орайын!

Турмаспан бунда арқайын,
Болажақ исти байқайын,
Сағынған достым Мәкәрья,
Ел-журтын көрип қайтайын.

— Деп ныклап айтты сөзлерин
Ойнатып нәркис көзлерин.
Қарағай тулға, алтын шаш,
Бүлкилдеген қыз ерин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алмадай бети жалтылдап,
Өткир көзи жарқылдап,
Тик қараса, гей жигит,
Шыдамайды қалтылдап.

Гэпине дослар ойланып,
Пэтия берди жыйналып,
Ана да кайыл болыпты
Турса да эўел қыйналып.

Тоқпақтай шашын түйинди,
Ер кийимин кийинди.
Бабасы батыр орыстың
Әрўағына сыйынды.

Жылқыдан таңлап ат алып,
Жүрип кетти пэт алып.
Изинде жалғыз анасы
Қарап қалды қадалып.

Түсликке бети қарады,
Бойында қурал-жарағы
Үш елши, бир қыз, он батыр,
Сапар шегип барады.

Қыялым дэрҳал қанат қақ,
Жулдыздан бурын зуўлап ақ.
Елиңе барып хызмет ет,
Узақтан мийман кележақ.

## XV.

„Бир жола Мэкэрьяның излеп келген ашығы уйықлап жатыр екен. Узақтан бир гүрсилдеген сес пайда



www.ziyouz.com kutubxonasi

болыпты. Бул тегин гүўилди емес деп, халықтың зәрреси ушып қорқыпты".

*(Сейфулғабит Мажитовтың китабынан)*

Заманлас дослар, еске бир алып қараңлар,
Тыңланса сөзим, жырлаўға мениң шамам бар.
Толқыған теңиз, ысырапыл даўыл есирип,
„Қарағай басын шортанлар шалған заманлар".

Тутасып жерлер шәҳәрлер менен мунардан,
„Тоқпақтан минген мышықлар шығып Бухардан,
Толысқан шақта, әждарҳа жутып ақырып,
Талай бир сапар ўайранын халықтың шығарған" —

Деген де сөз бар, айтылып келген бурыннан,
Ақшыйтып тисин, ҳайўанлар келип урынған,
Жамылған қумды қалалар жатыр гүўасы,
Әждәрҳа түсли жаўлардан еллер қырылған.

Жағасын услап, тәсийин қалар барғанлар:
Бухарға шенли отыз мың жерде қорған бар.
Дийўалын түртсең, сығасқан инсан сүйеги —
Әждәрҳа жалмап, қақсатып қанын сорғанлар.

Туяғы аттың уптапты ашты-арықты,
Урыс ҳәм ашлық қамалап беллер талықты.
Орыслар келип, ағалық бийлик еткенше,
Дәрьясы қанның шайпалтты бәрше халықты.

Әдира қалып, Қаран да қалып Қырымда,
Турақсыз тәғдир қаңбақтай қуўған шынында,
Ераннан баслап, Қытайға шенли жайлаған —
Қарақалпақ деген уллы ел екен бурында.

Батыр да болған, батыл да болған көп болып,
Жылғадай тарап, бултлардай көшкен топ болып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ишинде оттың тутанбай қалған пахтадай“
Қалыпты урпақ, кетипти көби жоқ болып.

Халқымның сөзи: „Әждарҳа жутқан азайып“ —
Бир жағы шынлық, ертек те болса жазайық,
Өз көзи менен көрипти мениң батырым
Тоқтайын соған, кетпесин сөзим узайып.

Жас мийман бир күн шәҳәрге жетип барады,
Көркине оның таңланып журтлар қарады.
Гезлескен жанның көзиниң отын алмақта,
Астында тулпар, жалтылдап қарыў-жарағы.

Жарасып жүзге қаралтым мурты тап берген,
Шашлары буйра, бетлери аппақ дәптерден.
Дөңгелек көзи алмастай өткир арыслан,
Сымбаты бөлек екени мәлим жат елден.

Қадаған қорған, кириўге еркти бермеди,
Келдин деп қайдан дәрўазабанлар тергеди,
Узақтан шаршап, сегбирлер тартып жеткенде,
Әрманда болған ашықтың жүзин көрмеди.

Шәҳәрден тыста мийўалы бағқа барады,
Сейислеп атын, Аяздың өзи қарады.
Пинҳаны бағда сайранлап мийман жатса да,
Паромон аты Қараман болып тарады.

Жасынан адам, соныңдай даңққа ерисе,
Сырттағы жанлар бахыт деп ойлар көрисе.
Келгеннен бери көргени оның булағай:
Атаңды қалай „аспаннан түскен периште“.

Тусында таўдың шүңгилли, сайлы жырадан,
Толықсып Жәйҳун, бийиктен суўлар қулаған.
Қалдырмай жайпап „Моңтықлы“ деген аўылды,
Бесиклер ығып, адамлар шуўлап жылаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шабысып атлар, ҳәр жақтан келди аламан,—
Жыйналды халық аўыллар менен қаладан,
Жығылған суўды байлаўға мурса берместен,
Әждәрҳа турды ысқырып көпке қараған.

Гуўилдеп даўыл, агылды жаңбыр, булт қаплап,
Таў менен жерди қараңғы басты қундақлап.
Жантаскан жанды дем менен тартып жутпақта,
Әпшери жаман, шаншылған көкке бултақлап.

Атылды суў да таўланып таргып жыландай,
Серпилди журтлар, ҳеш ким де қарсы туралмай,
Шуўласып ҳәмме дегбирден сасып жүргенде,
Қос атлы шықты, аспаннан түскен қырандай.

Ойнатып атын, қадады Аяз найзаны,
Бәлемәт жайсаң, полатты ғырш-ғырш шайнады,
Шыңғырып қатты, жутыўға мейил бергенде,
Екинши ердиң тулпары көкте ойнады.

Үстинде полат, алтынлы саўыт жалтылдап,
Қолында найза, жәўҳәрли қылыш жарқылдап,
Қуйындай уйтқып, ақырып айбат шеккенде,
Ҳүрреси ушып, әждәрҳа турды қалтылдап.

—Нешше мың жыллар қастыңды тиктиң адамға,
Үңгирде тыныш жатпадың неге оннан да?!
Инсанды қорлап, дәўраның өтти басыңнан,
Адамлар теңлик бермейди енди ҳарамға.—

Деди де бастан секиртти атын, ағыла,
Әждәрҳа туўлап, күшлерин жыйнап тағы да,
Екеўин бирден жутпақшы болып турғанда,
Орыстың кескир, жәўҳәри соқты жағына,

Жағасын услап, таңланды ҳәмме қарасып,
Тайғақлар қорқып, кетип те қалған тарқасып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әждәрҳа қулап, пәллемпик атып ушқан соң,
Жыйналды халық, қуўаныш пенен жыласып:

— Шығайық тезден, жыққынлар менен дегишке,
— Халыққа ғамхор, батырлар жетти жеңиске!
Биринши жигит шығаннан шыққан ер екен,
— Екинши жигит—аспаннан түскен перилте!.—

Тең таппай халық,кәрамат күшке усатты,
Ашылып қуяс, даўыл да күшин босатты,
Қолларын былғап, батырлар журтты шақырып,
Екеўи бирден шоққыға шығып тас атты.

Тасларын таўдың уныратты жерге қопарып.
Жабылып ҳәмме жыққынға урды апарып,
Сол күни кеште байланып суўдың сағасы,
Ғалаба халықтың басынан кетти қапалық.

Пәтия берип, Аязды картлар шақырды:
— Ким еди мынаў—айбаты гаўдай ақыллы?
Деп сорап еди, жабылып халық шуўласты,
Алғысқа бөлеп белгисиз мынаў батырды.

— Билгиңиз келсе, батырдың аты—Қараман,
Ҳәзирше меннен аржағын гәптиң сораман!—
Деген соң Аяз, есинде қалып халықтың,
Паромон, аты—Қараман болып тараған.

Аўылға тегис, қалаға тегис тарады,
Көкшеге жетип, журегин катты жарады,
Дәўқара бир күн шақыртып алып Аязды:
— Сол батыр қайда, әкел?—деп оннан сорады.

— Қәйтесиз оны, зейнимди мениң қайтарман,
Алдағы бир күн рети келсе, айтарман,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дегеннен кейин, тоқтады ўәжге Дәўқара:
— Айтпасаң айтпа, ақыры өзим байқарман.

Жақында бирақ, көремиз үлкен шайқасты,
Қырғын да болар, топалаң менен айқаслы,
Егер де сонда, тайсалып саўаш жүргизсек,
Қырылар халық, өликке толар жай асты.

Көрермиз сонда қуўаныш болар, я жылаў,
Қорғанды баққан батырлар ушын, зор сынаў,
Келип те қалды қыямет күни жақынлап,
Душпанға шыннан көрсетпей қалсақ қарсы даў.

Ҳешким де алдан болжамас истиң ақырын,
Жаўлар да күшли, әждарҳа болған ақырып,
Олардың сусты ҳөктелеў болса бизлерден,
Туўылған елдиң шығармай қоймас тақырын.

Тайғақлық етсек, кең дүнья бизге тар болар,
Женилип қалсақ, өлим де болар, ар болар.
Өзиңдей ердиң, гүллердей көркем арыўдың,
Денеси сулап, көзлерин шуқыр қаргалар.

Қорғанлы ел көп, дәрўаза жабық, илик тур,
Жаў шапса бирин, екинши оған күлип тур,
Бүгиннен баслап, сәркәрда болдың нөкерге,
Қолыңнан келсе, қаланың бәрин бириктир.

Таярлық жетти, аямаң залым Көкшени,
Қаңғырып келип, көрмеди бизди шөп шепли,
Бассынған жаўдың басына жетсин қылығы,
Булағай салмай көтерсин тезден өкшени! —

Деди де ҳәким Аязға берип буйрықты,
Көзинше халықтың, саўғалар тартты сыйлықты.
Ўәдесин берип, асынып жарақ, кийинип,
Атланды Аяз ҳағлатып желдей жүйрикти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас мийман қайда, алайық көңлин шамалы,
Талпынған жүрек таўлардай қайғы жамады.
Қуястай көркин қара булт етип түнерткен—
Найзадай шаншып Мәкәрья өлген хабары.

## XVI

Түйиниң гәптиң баслайын дослар басынан,
Жаршылар көп—ғой хабарды шөптей тасыған.
Жас қонақ жалғыз, гүжимли ҳаўыз жанында,
Бир топар адам гәплесип өтти қасынан.

Аяз да кетип, үш күннен бери келмеди,
Еситкен шыгар ғалаўыт гәпти елдеги.
Жел болып тарап, жайылып кетти бир күнде,
Хан Көкше келип, қызлардың жаўдан өлгени.

Сораса байқап, ҳәммениң гәпи бир шыкты,—
Жаманлық сөзге таўлады бәрп уршықты.
Дийўана келип, басынан аяқ баянлап,
Қуйқасы жуўлап, қыйналып мийман түршикти.

Геўдеге сыймай, ышқынды ердиң жас жаны,
Көңилли сапар қайғының сазын баслады.
Муҳаббат, үмит өртенип күлге айналып,
Ларс етип жерге түскендей болды аспаны.

Қуястай көрки түнерди бирден қазандай,
Турыппан еле сүўретин толық жазалмай,
Кешеги жәннет бүлбилли, гүлли әрам бағ
Көринди бүгин өликке толған мазардай.

Биреўи кетсе, биреўи келген ағындай,
Туўлайды қыял бирине бири бағынбай:
„Айралық оты бүликти салды басыма,
Өртенип жүрек лаўлаған қызыл жалындай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазыксыз жанға жумсайды қалай қарыўды,
Мақтанса күшке, ҳайўанлар оннан қарыўлы.
Ағызып қанын, көз қыйып қалай өлтирген,
Кептердей жуўас, гүллердей көркем арыўды!

Силтенген қылыш, адамлық еске алынбай,
Бар еди көрки гыжлаған қызыл жалындай,
Турғанда шығар мөп-мөлдир көзи жаўдырап
Ашығын ойлап, жаўына ҳеш бир жалынбай...“ —

Елеслеп ойда гөззалдың нәзик келбети,
Көзлери тынып, гүп-гүңгирт тартты жер бети,
Аяўлы жаның келмеске кетти дегендей,
Дарақлар турды басларын шайқап, тербетип.

Дирилдеп дене, оқ тийген кустай ес кетти,
Қайғының булты турғандай қаплап жер-көкти,
Анасы өлип, далада қалған жетимдей,
Жападан жалғыз, көзлерден буршақ жас төкти.

Гүрсинип гейде сам-сазы шығып турады,
Түтинли өрттиң табылмай басқа қуралы,
Суп—сулыў тулға аяныш гүйге айналып,
Сериппекте суўын жанардан аққан булағы,

Болса да ердиң айбаты бийик асқардай,
Ашынды жүрек, қыздырып, темир басқандай.
Муҳаббат оты—күшлирек екен қылыштан,
Делбеси шықты жаралы болған арыслandай.

Ҳүўшинен танып, тикледи қайта санасын.
Есине түсти ел-халқы менен анасы.
Людмила жаны „қайт елге аға!“дегендей.
Ойлардан туўған пикирлер кетти таласып.

Қышқырып қатты „соншама қайғы жейсең“—деп,
Қырғаўыллар жүр, жоңышқа шөпшеп, гүйсеңлеп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойланды жигит „сәўгиниң таўып денесин,
Душпанға барып, бүркиттей болып тийсем“ — деп.

Көтерди бойын, өксиги кем-кем басылып,
— Умтарман жаўды, болмасын бирақ ҳәсилик! —
Жайына барып, асынып қарыў — жарағын,
Адымлап кетти ағына қарай асығып.

— Қәдирли мийман, көзиңнен жасың ағылды,
Елиңди ойла, бийшара ана сағынды.
Алдыңда қәтер алартып көзин күтип тур,
Керексең елге, өзиңниң ойла жаныңды!

## XVII

„Ашықлар ағлайур ләйлиў — нәҳәри,
Қара көзли кәдди далдын
айрылса“.

*(Хажыныяз)*

Айтылған ақыл қонбайды лейди ашыққа,
Ылажы нешик, болмаса егер жол қутлы.
Адамға келсе, мусийбет - қайғы қашық па,
Аҳурған зары көңлимди мениң толқытты.

Сәўгиси ушын шегеди ҳәсирет ҳәр ашық,
Көз жасын төкпек — жүректе оттың белгиси.
Жаслықта сүймек — бәҳәрги гүлдей жарасық,
Соқса да сәўир, тайсалмай өрлеў — ер иси,

Нәкуста жанлар көрмейди мундай сауданы,
Ақылдың қабын ақтарса пулдан мысы жоқ,
Қай ўақта көрсем, ерлердиң басы ғаўғалы,
Бос қалта менен кисепурдың да иси жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сандалып қорқақ излемес бахыт азаптан,
Қурсағы тойса, сатып та кетер намысты.
Қырандай сарқып келсе де мийман узақтан.
Бир адам ушын, мың адам менен таныстьι.

Жүрседе аўлақ келгеннен бери журтынан,
Жулдыздай гейде жарқылдап шығар ҳәрдайым,
Қарасып жанлар гәп етип турса сыртынан.
Көркине қызып, сулыўлар қағар таңлайын.

Саз етип шертер, әждәрҳа менен айқасып,
Таўлардың тасын қопарып аққан жайсаңды,
Өтеди гейде жаяўлап адым жай басып,
Болса да ынтық, сустынан қызлар тайсалды.

Тәғдири бирақ аяныш болып ақыры,
Ишине түсип ордалы, уўлы жыланның,
Көп жаўлар қоршап алдыма жайсаң батырды,
Не болды ҳалы орыстан келген қыранның?

Қарасты қырдан бир топар адам жыйналып,
Ерлери аўған—жайдақ ат шаўып жүрипти,
Көргенлер турды жағасын услап, қыйналып,
Кеткен бе таслап, үстине минген жигитти?!

Жалында аттың шашылған қанның изи бар,
— Тегинбе оның ийесиз шаўып келиўи?
— Сақлайгөр қудай,—көргенниң көңли бузылар,
Шоршытты журтты батырдың жаўдан өлиўи.

— Жақсылық истиң нышаны емес бул бирақ!—
Жорыды ҳәр ким билгенин айтып шуўласып.
Ылағып шаўып, айтөбел қасқа қулдырап,
Жуўытпай жанды, ойнақлап кетти қыр асып.

Аяз да келди, тулпары көкке атылған,
(Танып та қалды көргенлер оны ҳәрдайым).



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өзйм ғой жаўды сары жай менен жатырған...—
Деп журтқа толық айтты ол барлық жағдайын.

Туўылған екен ылайық болып ерине,
Ҳайўан да болса, айтөбел қасқа ақыллы.
Оқыраныл кирип күндеги турған жерине,
Кетпеди таслап, жемине толы ақырды.

Ерлери аўып, ийесиз келген сол атты.
Қайғырып турса көзлери шалған халайық.
Елден де ерек жаңбырдай жасын боратты,
Буралған сулыў, ким екен нәзер салайық?

Өмирдиң жиби—бирине-бири жалғасық,
Адамға шерик:—қуўанбақ, күлмек, тарықпақ.
Өлтирген жаўлар басқа бир жақты алжасып,
Мәкәрья тири, көриңлер дослар анықлап!

Жетискен мунда аққудай ушып журтынан.
Келгеннен бери дабылы шыққан арысланды,
Билдирмей журтқа сезип те жүрип сыртынан,
Көрсем деп бүгин, пайытын таўып атланды.

Ляздан толық, анығын кеше еситкен,
„Ашықтың көңли—ғыжлаған қызыл шоқ“ дейди.
Гүл менен тикен—қуўаныш-қайғы өсип тең,
Тулпарын көрип, жүрекке қайта оқ тийди.

Сәўкеле кийип, гәўҳардан шығақ тағынып,
Қәлемпир, әтир жупарын шашып аңқыған.
Бас шайы турын, пәс шайы жаўлық жамылып,
Сыр ашпас ушын, дийдарын бурды халқынан.

Геўдесин жапқан қап-қара булттай бурымы,
Желпинип желге ойнайды шапшып, толқынлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийинген жасыл, ҳинжиге толы тулымы,
Айнадай көзден атылды жасы, солкылдап.

„Жетипти ушып, интизар болған жел қусым,“—
Деп келип еди көкирек тасып аспандай.
Көргенде аттан шашылған қанның белгисин,
Күндиздей көрки қубарды геўгим басқандай.

— Қайсы жаў алды сүйикли ердиң жас жанын?
Излейик бирге, қалдырған жерди тапсашы!
Жаныўар сөйле, денесин қайда тастадың,
Қалды ма жайрап бағынған жүрек патшасы?!

Муҳаббат онда, гирбеңсиз ҳалал жан еди,
Сол ушын келди, елиңде мендей қыз жоқ па,
Ықбалым ушын ағарған жақты таң еди,
Ким ушын түскен гүбелек болып бул шоққа!

Нийетлеп едим көрсем деп ықбал-бахтымнан,
Қанатым мениң сынды мамүдий қайрылып?
Мәртебем артық Сулайман минген тахтынан,—
Деп жүрген басым, қалдым ба күннен айрылып.

Берместен пурсат сағынып жүрек күседи,
Бар болса жаны, өмирлик сүйген ярыман,
Узақтан келип, басыма қонған қус еди,
Зым-зыя кетсе, кейнинен мен де жанымнан —

Деди-де алды киседен аппақ қағазды,
Қашса да түри, алмадай бети жалтылдап,
Қыялға шөмип, атаға арнап хат жазды,
Көзлерин сүзип, маңлайы айдай жарқылдап:

„Жаным ата, әжел келди қозыңа,
Разы бол—тәрбияңа, дузыңа!
Биреўлерди жалғызынан айырып,
Тири жүриў—өмир болмас қызыңа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзим емес айтып турған табалап,
Қайғы оты туншықтырды қамалап,
Бир мен емес —ата баба дәстүри,
Нашар басым болмас үйге шаңарақ.

Дәўлетинде шад өткердим бес күнди,
Соңғы өмирим болды бирақ кескинли.
Өзиң едиң сүйгениме қоспаған,
Өзим өлдим, айыплама ҳеш кимди!"—

Деди де гөззал, тәриплеп сөздиң жалғасын,
Қағазға тамды қуралай көздиң жаслары.
Қай жақта Аяз, есимнен шығып қалмасын,
Шешилмек соннан бир талай гәптиң астары.

* * *

Басқа түсип аўыр истиң салмағы,
Кетип достан үш күн хабар алмады,
Қорғанлардан қорғанларға ат шапты,
Ләшкерлердиң сәркардасы болғалы.

Дослар жәмлеп, талай исти питкерди,
Жеңиллетип мойнындағы жүклерди,
Қырық қыз, Думан, Жамбас қала жеринен
Арадағы ҳәмирэликти тикледи.

Булдыр-булдыр узақ қалды қорғаны,
Баратырған ат, ешекли, арбалы,
Жолаўшылар ыитық пенен қарайды,
Аяз бағыр ағытқанда жорғаны.

Арғымағы талпынбақта кептердей,
Басын шулғып алдына жан өткермей,
Қамшы басса кететуғын түри бар
Қатарласып ушқан қусқа жеткермей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызған сайын желдей уйтқып барады,
Жалт-жулт етип бойындағы жарағы,
Бир нәрсени мәрттиң көзи шалды да,
Кәпелимде сам саз болып қарады.

Мағлум болды анық душпан екени,
Қапталында көринбейди нөкери.
Көзин қадап жалғыз атлы кисиге,
Журегинен кекли жалын төгеди.

Не болса да көкиректе жара тур,
Астан—гестен шаң көгерип ала қыр,
Не себепли Паромонның тулпары,
Жаў астында секелеклеп баратыр?!

Ашыў қысып, көкирекке сыймады,
Дос тәғдири шийрин жанын қыйнады,
Өзлигинен ат береме душпанға,
Қәўип астында елеследи дийдары.

Жаў сескенип жолбарысты көргендей,
Сыр берместен жүре берди егленбей.
Душпан бирден гезегенде садағын,
Қәҳәрленип, көзи кегти жер көрмей.

Жаўдың оғы қаңғып кетти дарымай,
Турды әўел ким екенин танымай,
Оқ атқанда нәзер салып қараса,
Көкше ханның жалпылдағы—Сарыбай.

Өз елинде айтысады ҳәр адам:
Кандар болып қашып шығып шаруадан,
Қара бастың гамы ушын ел шаўып,
„Қум қапқыр“ деп ели-жургы қарғаған.

— Қалайынша тап болды бул ҳарамы!—
Деп қолына сары садақ алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үзенгиге ширенип бир тартқанда,
Оқ гүрилдеп, жаў жүрегин жалады.

Тағы атты, жоғалтты ол ерикти,
Қулағанда ат жаныўар желикти.
Үзенгиден аяқ шықпай салақлап,
Сәддеменен ылақтырды өликти.

Тулпар кетти кейин шаўып асыға,
Жигит келди өлген жаўдың қасына.
Көкше ханға тутқын болып жүргенде,
Талай қамшы урған еди басына.

„Неше жанды шырқыратқан сум болып,
Мине мынаў жатырганы гүм болып,
Дүнья ушын қан ағызған гәззаптың,
Қалды бүгин көзлерине қум толып.

Ҳарамының қалайынша келгени?
Достым мениң жаў жақынлар ермеди!“—
Деп ойланып, жумбақ болды Лязга,
Дос мийманның атты қолдан бергени.

Туў сыртынан журттың бәри мақтаган—
Қараманды излеп душпан таппаған.
Көкше буны жансыз етип жиберип,
Көшелерде дәрүиш болып ҳақлаған.

Қәпелимде көрип қалып көз бенен.
Атып алып, қашпақты бул гөзлеген.
Мәкәрьяның қайғысында жүрген ер,
Жаў мышықтай аңлығанын сезбеген.

Қайғы шегип, зорға келсе несинде,
Бундай ислер болмаған ҳеш есинде:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ери ауып, қызыл қанға боялған,
Тулпары тур қорасының ишинде.

„Не себептен бунда адам қаны бар,
Не бәлеге шаталдың сен жаныўар?!—
Деп турғанда Аяз келди ат шаўып,
Бир қараса, Мәкәрьясы тагы бар!

Тил қатпастан аң-таң болып иркилди,
Бәриниң де жүреклери дүрсилди.
Еки ашық—бир-бирине тигилип,
Жас аралас мыйық тартып бир күлди.

Тамам болды әңгимениң тармағы,
Айтпасам да аян шығар аржагы,
Гәп ақыры буның менен питпейди,
Шаршамагай шайырлықтың әрўағы.

## XVIII

Қыр ҳаўасы үш күн бурын бузылған,
Шығыс жақты бояғандай қызыл қан,
Түни менен әтирапқа жайылған,
Булттың төсин даўыл сүзип айырған.

Демин тартып, жым-жырт болып самалы,
Күлимледи жулдызлардың жамалы,
Әлем нуры жайып кем-кем қанатты,
Шолпан жулдыз жымың қағып, таң атты.

Жердиң шаңын әл-ҳаўаға суўырып,
Иннен шыққан қумырсқадай шубырып.
Келатырған кимлер екен, қарайық,
Билмек ушын жақынырақ барайық.

Топырақты сабаласып ескектей,
Атлар шаўып секирискен шекшектей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басларына орап қызыл шалманы,
Алда келер сап тартысқан палўаны.

Басы таска тиймеген ҳеш ләшкери,
Еситилер лалаўласқан сеслери.
Жәўдың ойы—тағы адам баўызлап,
Көшелерден кан дәрьясын ағызбақ.

„Ҳеш гәп емес—адам қыйрап қуласа,
Қарт, кемпир ҳәм жананлары жыласа,
Батырларым қыз бурымын таўласа,
Жетим қалған нәрестелер шуўласа.

Ҳәр қаланың алсам сөйтип зәрресин,
Бағынады маған барлық Хорезм,
Ийе болсам ғәзийнеге, ҳасылға...“—
Деген ой тур Көкше ханның басында.

Гәпилетте уптаймыз деп Бағдатты,
Қурыжына минди бүгин жаў катты.
Ертеректен күш сынасын таныспай,
Барасала жапырмақшы қамыстай.

Бирақ бирден тоқтап қалды жүристен,
Ҳеш хабарсыз келген екен бул истен;
Көрип қалып анталасқан ләшкерди,
Тулабойы шимиркенди, сескенди.

Дәўқара тур қолға жасыл туў алып,
Көкше ханның жүзи кетти қуўарып,
Бурын сирә көрмей жүрип шөп шепли,
Ойда жоқта қалайынша сескенди?!

Көптен мағлум Көкше ханның келмеги,
Күш толқыны жәмленискен елдеги.
Ҳеш биреў де отырмастан сүзилип,
Искендердиң ләшкериндей дизилип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Намыс қозғап аўыл менен шәҳәрди,
Ел ерлери атланысқан, қәҳәрли,
Жаўды күтип, жар қасында тоқталып,
Аңлып турған таў бултындай шоқланып,

Әўелинде көрсетпестен келбетин,
Заматында қаплап кетти жер бетин,
Шың астында дәрья болып ағылды,
Енди Көкше есабынан жаңылды.

Ҳуўшы кетип, сөйлер тили байланды,
Дәўқараның жигитлери—сайланды,
Тайын турған қырқысса да жекеше,
Келатырған душпанлардан еки есе.

Ал-сал болып, батырлығы оянбай,
Кейпи ушты бүркит көрген қояндай,
Өмир бойы урыс пенен ойнаған,
Ҳеш ким қарсы турмайды деп ойлаған.

Менсинбестен жүрген болса ҳеш жанды,
Қорқыныштың биринписи басланды,
Әскерлерин „қайтпайтуғын ер“ деген,
Түсинде де бир жеңилип көрмеген.

Қан ағызып мудам алас-қапаста,
Марапатқа туtқын болған бул қасқа,
Зорды берип найза менен қылышқа,
Ҳәзир жүрек даўамай тур урысқа.

Бос қалдырып дәрья менен таў жағын,
Үлкен ләшкер қоршап алды жаў жағын,
Толқый берди күш артынан күш толып,
Көкше ханның батырлары пуш болып.

—Бул бәлеге шаталдық биз қай жақтан?!—
Деп үркип тур жер жаңғыртқан айбаттан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат ойнатып, қыр жағынан жағалап,
Тақай берди тау̌, дәрьяға қамалап.

Билгенликтен мингенлигин ашыу̌ға,
Душпан жағы бийимлести қашыу̌ға,
Мәгар болса ҳеш бир ылаж таппады,
Арт жағын да қалың ләшкер қаплады.

Душпан састы өз пейлинен тапқандай,
Турған сайын қысаберди қақпандай.
Алғы сапган жақынласып, өкшелеп,
—Батыр болсаң, шық майданға Көкше!—деп.

Аяз сести еситилди жаңғырып,
Қосылысты нуғыра менен жаңғырық,
Душпан бирден мингендей-ақ қарыу̌ға,
Қолайласты топтың мушын жарыу̌ға.

Ҳүжим етти, қырып-жойып шығажақ,
Үмбе-дүмбе, быған-жыған шақа-шақ,
Жау̌ып кетти садақ оғы жарқылдап,
Ақ найзалар соқлығысты сартылдап.

Ат үстинде ҳәл салысып турысты,
Қоразлардай жулқыласып жулысты,
Жалынлатты уллы қырғын шайқасты,
Не батырлар арыслaverдай айқасты.

Жау̌лар сирә қояр емес қанатпай,
Мың сан билек сермелисти қанаттай,
Толқынлардай соқлығысты тыйылмай,
Уйқы-туйқы өршип кетти қуйындай.

Үлкен сау̌аш қызғанлықтан қорғансыз,
Мәлим болды питпеслиги қурбансыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уў-шуў сеслер еситилди қулаққа,
Душпан бирден мойн бермеди бирақта.

Аяз да жүр найза урып, шекелеп,
Қойғандай-ақ тулпарына шегелеп,
Дәрпенбеди ҳеш батырдан, ҳеш күштен,
Ҳәр урғанда аўнатады үш-үштен.

Көрди душпан белгисиз бир батырды,
Жап-жас жигит, талайларды жатырды.
Тал бойында бир мини жоқ, мүсиндей,
Ҳәрекети мәрт қоблапның исиндей.

Билмейди ол тайсалыўды, қашыўды,
Не болса да көкиреги ашыўлы,
Дуўшар болды бир әжайып палўанға.
Көрип еди түн ишинде барғанда.

Түп негизи—ел қашқыны, усталып,
Көп айқаста зорға жықты күш салып,
—Жайрат Бақый!—деди оған дослары,
Бул гәпгиң де терең жатыр асгары.

Жерге урды жаўдың шәррик палўанын,
- Орынладым жүрегимниң әрманын!
Елди сатып, айырылғансаң арыңнан,
Жүдә еттиң қарындастан, ярымнан.

Сол сапары тартпай кеттиң жазасын,
Татлы болса тарт өлимниң мазасын!—
Деп гүнасин көз алдына келтирди,
Шәррибекти ўайўайлатып өлтирди.

Ел сатқыны қала берди муқ қаўып,
Бақый кетти аламанға ат шаўып,
Аўыр саўаш батырлары көбейди,
Жаўдың пәти азынаўлық кемейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳал сынасып ҳэдден зыят күш пенен,
Биразлары басқы тауып, тис жеген.
Гейбиреўи атып өзин дәрьяға,
Биразлары батып ағыр уймаға.

Гейбиреўин ийрим жутты жайындай,
Көпшилиги айқасып жүр тайынбай,
Қан жосылып таўдан аққан жырадай,
Бола берди үзиги жоқ булағай.

Саўаш қызып сексеўилдин шоғындай,
Душпан еле турған еди бағынбай,
Қызып турып астан-кестен быгырлы,
Көкше ханның туўы қулап, жығылды.

Даўам етип атырғанда қырампыш,
Озат шыққы жийрен атлы, қыран қус,
Ҳэмме көрди түри басқа батырды,
Жүрген жерин қарағайдай жапырды.

Кәҳәрленип қайда барса Караман,
От тийгендей басқы тапты аламан,
Саҳрадағы кийик қуўған бүркиттей,
Барған жерин шыдатпады үркитпей.

Атқан оқтай зыққып шықты ортадан,
Көп душпанлар шуўлап қалды арқадан,
Гезлескенлер нәзер салып қараса,
Әне маймыл ойнатқандай тамаша.

Мэгэр болса соның ушын асықты:
Көкше ханды ала сала қашыпты!
Айқасларда ҳэлсиреткен өлтирмей,
Денесине ҳеш бир зақым келтирмей.

Ат үстинде серреңлетип ылақтай,
Тапжылтпастан бүрип алған қулатпай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таңланысып көрген жанлар бул исти,
Шыдамастан биразлары күлисти.

Ўайран салған қасқыр еди баяғы,
Қараманның тақымында аяғы.
Ҳәр сумлықты ойлап келген бәле бас,
Ҳәзир мине қыймылдаўға жарамас.

Ядында жоқ қанша жанды қырғаны,
Болды бүгин пығалының қурбаны.
Ағасын да аяды ма бул бирақ,
Сур жыландай көзлери тур жылтырап.

Жаздырмастап талайлардың ҳақ қаны,
Шарт еткендей соқты ердиң қақпаны,
Төбесинен түсиргендей жасылды,
Қатаң саўаш суў серпкендей басылды.

Анықланды урыс тамам болғаны,
Бенде болды душпанлардың қалғаны.
Олай-булай шаўып өтип арадан,
Көкше ханды көкмар етти Қараман.

Зуўлап келип, бир орында иркилди;
- Сәлем!—деди, мыйық тартып бир күлди.—
—Орынладық елиңиздиң буйрығын,
Мине мениң жаўдан алган „сыйлығым“ —

Деп ортаға атып урды жайсанды,
Әдеп пенен бетин бурып тайсалды.
Бул аўҳалды көрип турған аламан,
—Узақ жаса, берекет тап Қараман!—

Деп ҳәр жақтан қутлықлады батырды,
Дәўқара да Қараманды шақырды.
Жақын барды, тартынады несине,
Шатыраш ойын түсти мәрттиң есине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәуқара да таныл алды ҳасылды,
Көзлерине ғәуҳар болып басылды,
Гезлесиўден көцил кетти елжиреп,
—Айнанайын жақынырақ келши!—деп,—

Не болса да көзден жасы моншақлап,
—Бахыт қус!—деп сүйип алды қушақлап,
Баян етип жүрегинин алғысын,
Бираз сөзлер айтты тағы халық ушын:

—Жаўдан жәбир көргенлерди аядым,
Елди басқар, айналайын Аязым!
Атланыцлар халқыцызға болып бас,
Енди жолда қәуипли душпан жолықпас.

Бөрилердиң уялары қуласын,
Онда жағыр қыз-келиншек жыласын.
Ҳәрбир елдиң не бир жайсаң уллары,
Ғәпилетте болып қалған қул бәри,

Тыйың барып көзлериниң жасларын,
Дәртлерине дәрман болың досларым,
Тезден барып азат етиң барлығын,—
Мине мениң пәсиятым, жарлығым!—

Деп Дәуқара орынлатып пәрманын,
Гум-жам еткен Көкше ханның қорғанын,
Үш мың бенде еллерине қайтыпты,
Бәрше халық мың-сан алғыс айтыпты.

Көкшени ким, қалай етип устаған,
Орын алып бәйит пенен қыссадап,
Сол жас жигит ерлик еткен бурында,
Айтылыпты жыраўлардың жырында.

Ҳәр ким ҳәўес бир көрмекке мийманды,
Ойдан-қырдан сансыз халық жыйналды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Той мәҳәли келип қалды тақалып,
Умыт болсын бастан өткен қапалық,

Аўзын ашып ертедеги аршаның,
Тәрийплерин айтаман деп шаршадым.
Тойға барып, қонақ үйге түсейик,
Шадлық пенен дос шарабын ишейик!

## XIX

„Тезирек келин, ал қолымнан шарапты,
Алтын кәсе нәзик белим талдырды".

(*„Шора батыр дестанынан.*)

„Узақта Мәкәрья деген журт бар екен, Сол атақ Мәкәрьяның атағына қойылган екен...—деп,—қарақалпақтың ғаррылары гүрриң етеди".

(*1925 жылы Ташкентте басылган „Егеделер саўаты" китабынан.*)

## ЭПИЛОГ ШЕЖИРЕСИ

Жаўынгер ләшкар жеңисли қайтып жорықтан,
Қақпанга түсти қанишер қасқыр ҳарамы,
Ойда жоқ жерде қарадан туўған болып хан,
Таңлантып журтты, гүўлеген хабар тарады:

—„Дәўлеттиң қусы Аяздың қонып басына,
Қырық қорған елдиң жәмленип басы бирикти,
Айбаты таўдай ўәзирлер отыр қасында,
Ҳәзирети Қыдыр қоллаган екен жигитти,..

—Жақлайды жандай аш пенен гедей—арықты,
Дослыққа гүўа лэтгеден жыйған буйымы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жойгпапты сирә кир көйлек, жумыр, шарықты—
Қул болған шақта үстине кийген кийими..."

Қыялы оның: „Қорлықты көрген қул едим,
Жарлының бәри—тәғдири шерик ағайин.
Қәледи халқым, құс болып қайта түледим,
Ҳәсиге кетпей, ҳәлиме күнде қарайын.

—„Шарқыңа бақ!"—деп, тәселле берген өзине,
Менменлик туўып ысырып таслап бул бирден,
Болсын деп тәмби, көрсетип қойып көзине,
Жанында тахтың сырққа беккем илдирген.

Бергенде пәрман жақсылар менен келисип,
Унаған екен жарлылар сөзи нақ оған.
Пүтин нан болса, ел менен жепти бөлисип",—
Деп Аяз атын урпақтан-урпақ сақлаған

Өмирден оқып, ўәлийлер алдын болжаған,
Сыйласа халқың еңбегиң кетпес еш болып,
Қәбирлеп болып, умытса журтың сол жаман,
Жақсылар қурған өзине үлкен естелик.

Хан болған мәҳәл сиясат болсын көзге деп,
Биринши барып, Дәўқара оған бас ийди:
—Ҳәмел бар жерде өтирик, ғыйбат сөз де көп,
Сақ болың зинҳар, шуғыллар өсек тасыйды.

Қүдиретли тахқа миндирди қудай күн етип,
Жеткенше дадын бултларды серпип, жақты сеп.
Тикенди—тикен, гүллерди көрсет гүл етип,
Патшаға бахыт—бухара айтса жақсы деп.

Шарапат етсең бөрине жибип жүрегиң,
Отарға шаппай, қойларды тыныш қоя ма?
Қүдиретиң барда орынлап мумин тилегин,
Тырнағы тийген мышық та болса аяма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийирман елиң бахытыңа сениң тилеклес,
„Караша халықтан хан болсын!“—деди барлық журт.
Тикенек жайған жантағын шаппай гүл өспес,
Әделат жолда бузақылықтың сорын қурт!

Шашларым қуўрап, дәўраным өтти жастағы,
Кеширдим өмир байлықта шалқып, ел гезип,
Жеңилтгиң меннен бир батпан тасты бастағы,
Дүньядан, малдан турыппан ҳәзир мен безип.

Жөнермен бир күн арқалап нәрсе әкетпей,
Ҳәрким де билер өмирдиң ақыр өтерин.
Ғәзийне—мүлким көрипбес көзге кепектей,
Он—онбес аршын бөз екен алып кетерим.

Қәдирли байлық—дослардың еткен ҳүрмети,
Сескенбес жаным, өлмеспен сирә енди аш.
Тырнагым жалғыз, узатың тойын гүрлетип,
Аямай мени, дүньямның көбин елге шаш...—

Сөзине елтип, силтидей тынып тур еди,
Инилер ушын сыналған аға сүйикли.
Көзинде ойнар жақсының жақты жүреги,
Тик турып Аяз, ант етип басын ийипти.

* * *

Түрленип гүллер, аспанға атты жупарын,
Жолладым мине жулдыздай аққан қыялды.
Ертеден сайрап, тарқатты булбил қумарын,
Гөззаллар гүлдей—таң менен бирге оянды.

Гей журтта болған гәўҳардай көрктиң урысы,—
Пәренже киймей, жананлар бизде бос жүрген.
Жеңбестен кеткен арабтың өткир қылышы,
Исламның дини ҳәлсизлеў шығып дәстүрден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуўдырлап ҳәсем өңирмоншақ, ҳәйкел, сырғалар,
Келиншек-қызлар қосылып атыр қатарға,
Мирәтке түсип салланған сәмен жорғалар,
Сап тартып турды бөгенек кийген ат-арба.

Шықпақта байлар мауыты шекпен жамылып,
Жарасқан атқа жипектен жона, ақбас ер,
Алтынлы жуўен, сийнебент, моншақ тағынып,
Сиясат ушын асынған қылыш, нақ әскер.

Нан таппай жүрген жарлылар күни бир басқа,
Биреўлер жаяў, биразлар атлы, арбалы,
„Той болса бәрҳа жумалар,—дейди қуў бас та",
Тамағы тойса, жарлының байып қалғаны.

Қуўанып турған жүреги журттың шәўкилдеп,
Нақышлы сазлар буркыды ерте алыстан,
Бәленттеп гернай былғалақ атты әўпилдеп,
Қуйқылжып сырнай, кубылтып сестин жарысқан.

Төрткүллеп ошақ ойдырып гилең қасынан,
Баў-шуўлы отаў дарақтай қатар тигилген.
Себзаўат, мийўа себетпе-себет тасылған,—
Таўсылмас булақ ағылып атыр түбирден.

* * *

Ҳәзилли күлки аўыллар менен аймақта,
Дәрьядай алға ағылды бәрше халайық.
Қыялды минип қосайын мен де байраққа,
Қызықтан қалмай мәррерге ерге барайық.

„Қуўлы көл" төси—таслақлы тақыр, бийик қум,
Созылған узақ, айдынлы жазық аланда.
Мыңлаған жыллар жайлаўы еди кийиктиң,
Салтанат жайы сазланған соңда адамға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сығасқан шатыр, оманлы төбе минбери,
Жалтылдап шоқтай қып-қызыл отаў, ақ үзи..,
Өтпекте мине тойының кызғын күнлери,
Жыйналған халық, узақтан қоршап, сап дүзип.

Ат-арба мииген арыўлар турды сән қурып,
Қыз болған жерге жигитлер келди жақынлап.
Гернай ҳәм сырнай қыйқыўды салса жаңғырып,
Саўсақта ойнап, лаңгара шықты тақылдап.

Қатнасты тойға қалмасған ҳешким әрманда,
Алахай салып, шадлықты қурды қаракен.
Шын, рум барып, жөнекей қайтқан кәрўанда,
Арнаўыт; мәжер, алманнан миймаи бар екен.

Өткинши кәрўан талай бир елден бар шығар,
Есапқа сыймас ығын да—жығын аламан.
—Гүреске шық,—деп, айқырық салар жаршылар,
Мысырдан, Шамнан, Теҳраннан шықты талабан.

Келипти қонақ Гүржистан, Шырўан, Дәрбенттен,
Татыўлық көңил жүректи қалай еритпес,
Көбейди дослар Бухардан, Шаштан, Жанкенттен,
Ҳүргениж, Хийўақ тәғдири бирге шериклес.

Елге қут болып орыстан келген мийманы,
Қапалық изи—қуўаныш тойға айналды.
Паромон, Бақый, Аязлар—ысық дийдары,
Гүрлетти халқы Мәкәрья ушын байрамды.

Арқанда ушып қыз бенен жигит—екилик,
Әткөншек, дәрўаз бир неше жерден қурылған.
Аспанда ойнар дәрўазшы қустай секирип,—
Ҳайт пенен тойдың үрдиси еди бурыннан.

Руҳы бәлент жарыста абырай алғанлар,
Айбаты суслы гүреске қумар жаслардың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыбанып билек, ортаға шықты палўанлар,
Соғысы күшли мүйизи полат қошқардың.

Шакылдап шақлар, бириnен-бири қорганар,
Тулпарлар келсе узақтан шаўып, айналып,
Сүрилди тойда секелек атқан жоргалар.
Сейислер турған муртларын таўлап, бәйги алып.

Шабандоз мәртлер тартысты ылақ шекелеп,
Қолына тийсе, жаздырмай жарып топларды,
Дәрпенбес олар қойғандай атқа шегелеп,
Шып терге түсип,әкелип атыр көкмарды.

Биреўлер—палўан, биреўлер—сейис, атшабар,
Жулдыздай ағып, жүйриклер өтсе сызықтан,
Көзинше халықтың сезилип атыр хошхабар.
Биринши бәйги алғанға ҳәмме қызыққан.

Майданда ҳәрким озғысы келер қалыспай,
Гезекпе-гезек көзлерден өтер күш толық,
Ҳәзирги бизиң атызда қызған жарыстай,
Жеңилип қалған жүрипти бирақ пуш болып.

Дәрман ҳәм шабыт қарамас мүддий жағдайға,
Үлгили ердиң жүреги тасар жасарып,
Көзинше халықтың жетискен ерлер абырайға,
Алахай салар ҳәзирше айтсақ „бес" алып.

Масқарапазлар өнери баска өзгеден,
Жал-қуйрық салып, ағаштан тулпар ат еткен.
Қубылтып түсин ҳәрекет пенен, сөз бенен,
Ерсилик исти әжиўа қылып, мат еткен.

Мазақлап менмен, ҳийлекер, қорқақ, жалқаўды,
Дәлкекке тутып, шалқыйды еркин сол күни.
Айтса да жай гәп, астары болар жалғаўлы,
Олар бар жерде күлкиниң гүжип толқыны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолларын шандып, миндирип терис ешекке,
Қожалақ етип, жетеклеп шығып аяқлап:
—„Өз достым бул"—деп, ушыратпай сарсаң кесекке,
Көкшениң ўасын журипти журтқа баянлап:

—Палўаным еди, қалыпты адам есермей,
Шошқадан күшли, ешекке қарсы салайық,—
Деген де сөзлер душпанға өтсе пиштердей,
Ҳәз етип әбден, күлкиге қанды халайық.

* *
*

Бир күни мине адамлар бағқа жыйналды,
Келиншек-қызлар ырымлап елдиң дәстүрин.
Орыстан келген он киси батыр мийманды,
Көндирди ушқыр ҳәзилге тутып кешқурын.

Түсинип мәртлер қәдесин халықтың сыйлады,
Суў қуйып басқа, жақса да қамыр упатқан.
Арқанды керип, аглатпай бираз қыйнады,
Қосыла күлип, қудалар өтти сынақтан.

Үлкени-жасы орнына қарай бөлинген,
Қызықтап кейин, жайлардан жайға тарады.
Қонаққа келген ҳәммениң пайы берилген,
Бәриниң тайын бақсысы, нағмет—шарабы.

Күйеў бар жерде отырыспа қызды тамаша,
Наз бенен турып, алысар қызлар кесени.
Көрсетти онда жүз түрли қызық-тамаша,
Айтысар жуўап қыз-жигит дилўар—шешени.

Қул менен төре болады теңдей жай халық,
Утылар ўәжден санаған өзин үлкенге.
Жалтылдап турар әребек, ҳәйкел шайқалып,
Ретли сөзге дуўылдап ҳәмме күлгенде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтылмас бос гәп, берилмей турып гезеги,
Әдеплик ушын кетпекте онда жарыспақ.
Өрминез жасты дәлкекке қысып езеди,
Жараспас ҳаслан бийўәжлик айтып тарыспақ.

Атадан артық сыйлайды жаслар ағаны,
Пәйиклер болып, хызметин етер қулдырап.
Қәдирли оның жыртықға болса шапаны,
Қонақлар келсе оннан да гөре уллырақ.

Бир жақта жигит, бир жақға қызлар дизилип,
Сүйсинер ҳәмме келбетли күйеў ҳасылға,
Қудалар отыр қаршыға яңлы сүзилип,
Кейиплери бәлент, Аяз хан досты қасында.

Ойнаўы шебер рақыс шеккен қызлардың,
Қанаттай қалқып билезик салған билеги,
Ҳәр жақтан шырқап, ҳәўижге қашты сазлар дым,
Миймanға халықтың пахтадан аппақ жүреги.

Жыраў ҳәм бақсы шағлатып көкке шалқытты,
Печенег, оғуз, қарлуқ ҳәм қыпшақ намасын,
Жыйналған халық рәҳәт көрип балқыпты,
Симирип айдың гүзлеги алтын ҳаўасын.

Людмила көрип, үрдисин елдиң унатты,
Ойда жоқ жерден Бақыйды сүйген ыңтығып,
Ўақ-шақты қурып тамаша менен таң атты,
Тарасты ҳәмме қалғаннан кейин күн шығып.

Өтеди ўақыт қайғылы, шадлы, белгисиз,
Қуўаныш шақта умытар адам басқаны.
Бунылдай күнлер-бир нешше жылға бергисиз,
Қайрылып келмес, қартайса адам жас жаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мәкәрья отыр туўылған ирге қасында,
Гул менен бирге қосыла кусгаи тараныn,
Липасы дөнип сарыға, көкке, жасылға,
Жүзлери нартлай, мийримли көзи-қарамық.

Тербейди қыял қапалық, шадлық аралас,
„Қыз патша“ болса, түсейин деп тур тахтынан,
Дүньяның заңы көңилге сирә қарамас,
Қайгадан өмир басланар ықбал-бахтынан.

„Жабыла дослар өткерген тойды тақ турып,
Пәтия алып, шад еткен бәрше халықты.
Баў-шуўлап қызга, қырық түйе саўга арттырып,
Узатқан“ деген тәрийпи елде қалыпты.

Мениң де бабам шаранка қанып сол тойдан,
Кийипти дейди улықтың берген сарпайын.
Қорғаны жағыр Лязхан деген ат қойған.
Зиярат ушын көремен барып ҳәрдайым.

Бирине-бири жалғасқан зәўлим қаласы,
Маллары сыймай, отарлар туўып отардан,
Жылқысын жайған Дәўкемпир, Бәрши арасы —
Ҳәзирге шенли Дәўкара болып аталған.

Умытпас халық Дәўқара деген сақыйды,
Ғаррылар айтса, отырдық талай уйысып.
Узатыў ушын жиберген екен Бақыйды,
Сол жақта қалган Людмила менен сүйисип.

Таңлапты мәкан Едилдиң қайың төринен,
Орыстың ели көрсетип ҳүрмет батырға,
Ядгерлик қалған, орманы қалың жеринен
Шәҳәрлер орнап Мәкәрья, Бақый атына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әсирлер өткен, торқалар болсын торпағы,
Сүрискен өмир, жүректе қалмай түк әрман.
Жоқ болар жерде, Паромон ердиң урпағы
Қайтадан келип, елимди жаўдан қутқарған.

Азатлық ушын гүрестиң оты ғаўлады,
Лениндей көсем күн болып туўды халыққа,
Мейрими күшли Паромон ердиң әўлады
Зәҳметши елди шығарған мәңги жарыққа!

*1969—71—жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## „МӘКӘРЬЯ СУЛЫЎ“ ШЫҒАРМАСЫНЫҢ БАЗЫБИР СӨЗЛЕРИНЕ ТҮСИНИК

**Арзамас**—Хәзирги Горький шәҳәрине жақын, әййемги шәҳәрдиң аты. Бул қала ҳәзирде бар.

**Алпамыс**—қарақалпақша бир дәстанның бас геройы.

**Арнаут**—албан.

**Алман**—немец.

**Арқанкерер**—қарақалпақлардың кудалар менен ҳәзиллесетуғын ески ойыны.

**Ақыреп**—(*Ақырап*) Айдың аты. Октябрь.

**Ақыр**—Атқа жем салыў ушын исленетуғын аслаў, коршаў.

**Астырт**—Арал теңизиниң түслиги, Үстирттен төменги ойпат.

**Әрембағ** (*Ирәм*)—әййемги Шәддат деген патшаның қолдан жасаған бейиши. Айтыўларға қарағанда түслик арабларда болып-тымыш

**Әдирә**—Жердиң аты.

**Байсын**—(*Жийдели*) Ҳәзирги қарақалпақлардың жери бурын солайша да айтылған.

**Башығарлы аладағ**—Иран менен шегарадағы таўдың аты.

**Булғар** (*Болғар*)—Ески заманларда ҳәзирги Татарстан жеринде жасаған түрки тайпасы, ханлық.

**Гәўҳар дәрья**—Әмиўдәрьяның бурын болған бир шақабы.

**Гүржистан**—Грузия ели. Гуржи грузин.

**Даңғара**—Дәп, кеншик.

**Дәрбент**—Бираз жоллардың қосылған жери.

**Дәрбент**—Ҳәзирги Дағыстан жеринде әййемнен бар шәҳәрдиң аты.

**Дәрўиш**—Дин жолында дүньядан безиўши адам, диўана.

**Долгорукий**—Мәскеў князи (XII әсир). Түрки халқынан үйленген. Гейбир раўаятларда Мәскеўдиң аты Мәскүйеў (*счастиливый зять*) деген деп айтысады қарақалпақлар арасында.

**Едил**—Волга дәрьясының қарақалпақша әййемги аты.

**Еран** (*Ерен*)—Иран ели.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Ернaзар**—каракалпақ хәлқын Россияға қосыў ушын Хийўа ханлығына карсы гүресте курбан болган қаҳарманның аты.

**Ешмухаммед**—Россия патшасы Петр биринши менен байланыс жасап турған араллы (Қоңырат, Шатемир, Хожели шәҳәрлери бойынша) каракалпақлардың ханы.

**Жаркент**—Арал теңизине жақын, Сырбойындағы әййемги каракалпақлардың шәҳәри. Бийик қорғанының орны ҳәзирге дейин сақланған.

**Жайық**—Ҳәзирги Урал дәрьясының каракалпақша бурынғы аты.

**Жансыз**—Шпион.

**Жәйҳун**—Әмиўдәрьяның бурынғы аты.

**Жармонке**—ярмарка деген мәниде.

**Жумыр**—шопанлардың ески заманлардағы бас кийими.

**Жәбир**—Алгебра пәни. (Китабый сөз).

**Жаңғырық**—Таўлы жерлерде сестиң қайталаныўы. (майғабак) Екиншиден урысларда қ ылатуғын даңғараның бир түри.

**Жем**—Ҳәзирги Эмбе дәрьясының ески аты.

**Жасын**—радуга. кемпиркурсақ, көк қылыш, салаўат көпири.

**Зимистан**—Қыс. Қыс айлары.

**Зульфукар**—Мухаммед пайғамбардың атаcы, күйеўи ҳәм соңынан шамалы жыл халифалықты ийелеген Әлийдиң кылышы.

**Имзе**—кол қойыу.

**Ионан**—әййемги греция, Византия.

**Искендер**—(Искендери Зулкарнайн)—Александр Македонский.

**Қаракең**—қаракалпақлардың тағы бир аты.

**Қаран**—Ески заманларындағы Қырымда болған бир шәҳәрдиң каракалпақша аты.

**Қала**—Корған деген мәниде.

**Қурдым**—Халықтың инанымы бойынша теңиз сууларын тартып, басқа океанлар менен жалгастырыўшы әжайып арна.

**Қурқур**—Ағаштан соғылатуғын гернай шылым.

**Қаўыс**—Айдың аты. Ноябрь.

**Қарун**—*(Карей)*—Диний китапларда баян етилген әпсәнеуй бай, сүтхор.

**Қыдыр** *(Хизир)*—Мусылманлардың инанымы бойынша, кәўсар сууын ишип, мәңги жасап келген пайғамбар, талыққанды коллаўшы.

**Манарман**—Ески замандардағы кийимлердин бир ҳасылы.

**Мәжер**—Венгр. Мажерстан—венгрия (*китабий*).

**Мәнзере**—тәбият көриниси. Пейзаж.

**Мәзин**—Азан айтыўшы.

**Макарья**—Ҳәзирги Горький шәҳәри бурын каракалпақлар ҳәм басқа да түрки халықлары солайынша атаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мәрре**—Той жасаўга белгиленген орын, атшабар

**Мүдире**—Жорыққа шыққанда суў куйын, белге кыстырып жүретуғын ыдыс

**Мысыр**—Барлық Күншығыс халықлары, соның ишинде қарақалпақларда Египетти солай атайды.

**Наҳиў**—Тил илими, грамматика, морфология (*Китабий*).

**Нуғыра**—*Нагара*)—музыка әспабы, барабан, литавры.)

**Нышапур**—Арқа Ирандағы бир шәҳәрдиң аты.

**Орал**—Урал таўы.

**Оман**—тастан, топырақтан үўилген минбер, төбешик

**Орын**—Ҳәзирги Оренбург шәҳәринен өтетуғын дәрьяның ески аты.

**Пәшшеп**--Ески заманлардағы ханлардың буйырығын орынлаўшылар.

**Пәләкият**—Астрономия Илимий пәләкият—Астрономия илими (*Китабий*).

**Рақыс**—(*Арапша*)-аяқ ойын, усыл, танца.

**Панью** -жоқарыға илип қоятуғын аспалы шыра.

**Сулайман**—Куран, Гәўрат, Инжил сыяқлы диний китапларда айтылып келген әпсенеўий патша (*Соломон*).

**Сумбиле**—Айдың аты. Август.

**Сарсанкесек**—Ғәрип-қасерлерди азаплаған адамларға бурынғы кесеклеў жазасы.

**Сакпан** тас кесек салып ататуғын зат.

**Себзаўат**-бақша егинлери, овощь.

**Себет**—себзаўат, мийўа салатуғын ыдыс. Карзинка.

**Сәйҳун**—Сырдәрьяның ески аты

**Саруан**—Кәрўан басы.

**Сәркарда**—әскер басы.

**Сәрўи**—(*селби*)—Кипарис дарағы.

**Сәўкеле**—Маржан ҳәм басқа да хасыл таслардан иселенетуғын, қарақалпақ қыз-келиншеклериниң қымбатлы бас кийими.

**Сыбызғы**—қарақалпақлардың ески саз әсбапларынан. Ол най, куў рай деп те аталған.

**Тағы**-жабайы мәнисинде.

**Телеген**--Төрт дөгерешикли ат жегетуғын арба. Ол күйме деп те аталған.

**Таўар**—зат мәнисинде. (*Ески түрки тили*).

**Танбур**—саз әспабы.

**Тәнеппис**—демалыс, үзилис, аралық, перерыв.

**Уристем (рустем)** Иран батыры, Фирдоусийдин „шахнама" дәстанының бас геройы

**Ушан**—Жүк тасыйтуғын үлкен кеме (Бийик мәнисинде).

**Хорезм теңизи**—Арал теңизиниң ески аты. Ертеде Қара таўдың



www.ziyouz.com kutubxonasi

арқасы, Қубла етегине дейин теңиз болған.

**Хийўақ** - Хийўа шәҳәриниң ески аты.

**Ҳүргениж**—Хорезм елиниң Хийўадан бурынғы пайтахты, ҳәзирги Көнеургениш районы.

**Ҳатамтай** (*Хатем*)—Ислам дининен бурын, араблардың Тай урыўынан шыққан ҳәким. Өзиниң жомәртлиги менен аты шыққан сақый.

**Ҳәмирәлық**—Дослық, бирлик, жолдаслық.

**Ҳәсет**—Айдың аты, июнь.

**Черные клобуки**—әййем заманларында славян халықлары қарақалпақларды солай деп атаған.

**Шаш**—Ташкенттиң әййемги аты.

**Шам**—Ҳәзирги Сирия (*Сурия*) мәмлекети. Дамаск (*Дамашқ*) шәҳәри.

**Шыруан**—әзербайжан ели „(Ески дәстанларда солай аталған).

**Шатыраш**—(шатраж)—шахмат ойыны.

**Шатыраш көйлек**—қарақалпақ қыз-келиншеклериниң шахмат тахтасы түринде тоқып кийетуғын көйлеги. Соңғы жыллары қалды.

**Шын** - **Шин**(—Қытай)

**Шыныққап**—Атланысларда, жорықларда шайнек-кесе салып жүретуғын ыдыс.

**Ырада**—ерк, воля.

**Юсуп**—Ески дәстанлардағы ең сулыў жигиттиң аты.

## МАЗМУНЫ


Ушырасыў . . . . . . 5
Бала туўралы сөз . . . . 11
Океан ортасында . . . . 18
Суўға кеткен адам . . . . 34
Жалынлы күнлерде . . . . 38
Мәкәрья сулыў . . . . . 128




www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Тлеуберген Жумамуратов**

*Собрание сочинений в 3-х томах*

*том I*

Редактор *Т. Нажимов*
Худ редактор *К. Нажимов.*
Тех. редактор *ДЖ. Дощанова*
Корректор *Г. Турымова*

ИБ № 41

---

Териўге берилген ўақты 15/VII—1977-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 20 XII 1977 ж Қағаз форматы $70 \times 108^1/_{32}$ Көлем: 8,25баспа табақ... 11,55 шәртли баспа табақ. 10,0 есап баспа табақ. Тиражы 5000. Баҳасы 1,30 т. РК 33877

---

Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы бойынша басқармасынь „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 153

www.ziyouz.com kutubxonasi